
P L
5179
M37



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google
Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Serie No. 615 Regi f 0.40

ROMAN ARDJA

ANGGITANIPOEN

M. MARTAJOEWANA.

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
WEDALAN
BALÉ-POESTAKA

P. DUCRO. UIT.V.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Exchange from
Balai Pustaka
11-7-49

SERAT-SERAT BASA DJAWI WEDALAN BALÉ POESTAKA.

Panoembasipoen ḍateng Balé Poestaka ing Weltevreden. Jatra reregènipoen kakintoenna roemijin sarana postwissel. Meling rembours inggih kénging, nanging kedah bajar wragading pangintoen. Ingkang karsa meling njeboetna serie-nomer oetawi namaning serat ingkang kakarsakaken.

404. **Djarot.** Jasawidagda. Dj. 81 k. 8°, ... **f 0,70.**
Tjarijosipoen Djarot, anakipoen masinis R. Soema ing Betawi, noesoel bapakipoen ḍateng Betawi, saking Soerakarta, djalaran katilar pedjah ing iboenipoen. Lampahipoen Djarot saking Soerakarta ḍateng ing Betawi waoe, samargi-margi tansah atetoeloeng ḍateng kasangsaran, kados ta: noeloengi laré kèli, noeloengi laré dipoen-lekeri sawer, mikoet bènggoling doerdjana, ingkang saben-saben mentas atetoelang dèrèng ngantos kasoemerepan, Djarot sampoen késah ngladjengaken lampahipoen. Déné ingkang dados lantaran kamoeljan kapanggihé kalijan bapakipoen, saking anggèning mitoeloengi grijanipoen toewan Semit kebesmèn.
Saḍéngah tijang ingkang maos serat poenika kénging katamtokaken masṭi seneng toewin kasengsem manahipoen, awit kadjawi raméning lelampahan, oegi kaṭah ingkang perloe kasoemerepan.

419. **Toehoening katresnan.** R. M. Kartadirdja. Dj. 34 k. 8°, ... **f 0,20.**
Njarijosaken laré djaler anama Soepa baḍé rabi angsal prawan nama Kasijah ingkang sampoen sami tresnanipoen, nanging boten saged kelampahan, djalaran Kasijah kaimah-imahaken angsal tijang sanès. Woesana Kasijah saged dados bodjonipoen Soepa, djalaran ingkang djaler pedjah.
Sagedipoen njoemerepi wosing kaoetaman lan lenging katresnan tijang kedah maos pijambak serat poenika.

432. **Serat Rijanta.** R. Soelardi. Dj. 139 k. 8°, . . **f 0,90.**
Njarijosaken ḍaoepipoen R. M. Rijanta kalijan R. Adjeng Sriṇi, inggih poenika satoenggiling djedjaka kalijan prawan ingkang aloes ing boedi sarta mantep tékadipoen, tansah nglenggahi kaoetamèn toer kasembadan sedyanipoen.
Para moeḍa djaler-èstri, manawi sampoen maos serat poenika tamtoe ladjeng kaṭah indaking kaoetamènipoen oetawi baḍé saja aloes beboedèn miwah tékadipoen, djalaran ing salebeting serat poenika kaṭah tetoeladan ingkang perloe sanget kasoemerepan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Serie No. 615

ROMAN ARDJA.

Tjarijos ingkang saged kelampahan ing djaman sapoenika.

ANGGITANIPOEN

M. MARTAJOEWANA.

MAWI GAMBAR.

WEDALAN
BALÉ POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1923.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

6362465 3v

ISINIPOEN:

		Katja:
I.	Roekoening tijang djedjodoan	3
II.	Kasoesahan noempa-noempa	9
III.	Tilar padoenoengan	12
IV.	Kasaénan dateng sesami	19
V.	Awoning manahipoen wèrek Déli	27
VI.	Mareming manah	34
VII.	Saéning pawong mitra	40
VIII.	Soetjining manah	46
IX.	Kapikoet	52
X.	Nindakaken padamelan	56
XI.	Gandroeng	64
XII.	Babaring lelampahan	73

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

PL 5179
M37

I. Roekoening tijang djedjoḍoan.

Katjarijos ing kikising kiṭa Magersari, wonten tijang djaler èstri nama Prana-ardja Oemoer-oemoeranipoen tijang kekalih waoe, ingkang djaler watawis 30 taoen, ingkang èstri kinten-kinten 25 taoen. Padamelanipoen ingkang djaler sadé toja, déné ingkang èstri sesadéan ratengan. Gesangipoen tijang kekalih roekoen sanget, awit saking sami mangertos ḍateng lenggahing salaki rabi. Prasasat boten naté ngedalaken temboeng ingkang songol, poenapa malih toekar paben; mila pantes manawi dados pangaleman. Grijanipoen alit apajon atep, apager geḍèg, nanging latar sarta djogan poenapa malih pakaranganipoen boten naté ndjembroeng, saben dinten ketingal resik goemrining, tangi tilem èndjing baḍé mangkat njamboet damel, sami merlokaken reresik roemijin. Ingkang djaler njaponi pakaranganipoen, ingkang èstri ngresiki salebeting grija.

Pak Prana-ardja waoe nalika alitipoen sekolah, nanging boten doemoegi, saweg pangkat kalih sampoen medal déning ketjingkrangan ing sadajanipoen, sarta ladjeng mbantoe pandamelaning tijang sepoehipoen. Mila kala-kala ladjeng sok ṭenger-ṭenger manah badanipoen, nggetoeni anggènipoen keladjeng dados tijang bodo. Saoepami pantésa: oetawi kénginga pak Prana-ardja kedoegi toemoet sinaoe malih, nglenggahi djaman samangké, laré kampoengan anakipoen tijang alit kémawon saben dinten goemridig ḍedampjakan sami ḍateng pamoelangan ngoedi kasagedan.

Anggènipoen djedjoḍoan pak Prana-ardja waoe sampoen 9 taoen, anakipoen kalih djaler-èstri, ingkang sepoeh djaler oemoer 6 taoen nama Moeljana, ingkang enèm èstri oemoer 4 taoen nama Moeljani.

Laré kekalih waoe sami bagas kesarasan sarta warninipoen ketingal saé anoenggil semoe. Moeljana pakoelitanipoen abrit, pawakan loeroes, sirah pandjang, baṭoek wijar goenoengan, mripat wijar tadjem, alis kandel apandjang, iroeng mbangir, lambé tipis, djanggoet tjekapan, koeping oegi tjekapan, tjeṭa tjiṭakanipoen, ḍaḍa djembar, ramboet tjemeng ketel; déné Moeljani namoeng kaot: koelitipoen djené manḍes, pawakan loeroes aramping, sirah alit, baṭoekipoen tjekapan goenoengan, amratanḍani bilih laré kekalih waoe tjalon limpad ing boedi sarta lantip panggraitanipoen toer mitjara. Mila saḍéngah tijang ingkang sami soemerep temtoe ladjeng sami asih toewin tresna; poenapa malih solah bawanipoen oegi tansah angresepaken, bilih dipoen oendang, dipoen pitakèni oetawi mentas kasoekanan ba-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

rang-ba'ang ḍateng tijang sepoeh sanèsipoen, wangsoelanipoen patitis andemenakaken toer amranni. Batosipoen pak Prana-ardja, sanadjan sadé goenḍoelipoen sarta akaṭok kalèt, dipoen temah, angger anakipoen kalih pisan saged sekolah sarta saged tamat; djalaran sampoen angroemaosi kalepatanipoen keladjeng dados tijang bodo.

Anoedjoe ing satoenggiling dinten kinten-kinten wantji djam 8 daloe salebaripoen neḍa pak Prana-ardja kalihan bodjonipoen sami omong-omongan; anakipoen kalih pisan sampoen sami tilem.

Pak Prana: „Bokné, apa nggonmoe nggoḍog téla pohoeng wis mateng?"

Bok Prana: „Wis, kijé lagi tak-entas."

—„Kadingarèn, jah méné kok lagi mateng, sabené djam 7 kok wis rampoeng kabèh."

—„É, apa kowé lali, nèk sésoek: Pon, dadi pasaré geḍé, moelané nggonkoe nggoḍog téla pohoeng dakkadoeki. Nèk entèk ajaké bisa olèh 15 keṭip."

—„O, ija, akoe rada lali, wong ja ora ngéling-éling dina. Pira nggonmoe koelak téla, mbokné?"

—„Seroepijah, ning agi takbajar 3 talèn, dadi isih koerang setali. Semajakoe sésoek, nèk koelak menèh karo ngloenasi babar pisan."

—„Nèk wis rampoeng, akoe goḍogna wédang boeboek sing rada keras. Kaé lo, akoe maoe mentas toekoe boeboek limang sèn karo goelané, takdokok nèng gleḍeg."

Ingkang èstri sasampoenipoen ngentas sarta maḍahi goḍoganipoen téla pohoeng, ladjeng nggoḍog wédang. Sareng sampoen dipoen damel ladjeng dipoen soekakaken ingkang djaler.

Ingkang djaler ngombé wédang sinambi gineman:

—„Ija, bokné, akoe kerep ngroengoe oenèn-oenèn mengkéné: Akèh wong sing kepéngin soegih, nanging arang-arang sing ketoeroetan. Enggonkoe kepingin soegih koewi banget, paribasan nggonkoe njamboetgawé, enḍas takgawé sikil, sikil takgawé enḍas, nanging kok meksa isih adjeg mlarat waé."

—„Akoe ja semono oega, bapakné. Kowé weroeh ḍéwé, kaja apa polahkoe saben dinané, sasat ora taoe lèrèn. Lebar njanḍak iki, njekel kijé, lebar kijé, koewi; lèrèn-lèrèn moeng nèk toeroe."

—„Poeloeh-poeloeh wong wis bedjané awakkoe karo awakmoe, oerip nèng donja sepisan waé rekasa."

—„Sapa sing weroeh, nèk bésoek soegih. Bedja tjilakaning menoengsa ora kena kinaja ngapa."

—„Ja walak-walak bedjané waé, bokné, ning lairé waé rak nglengkara, wong pemetoekoe karo pemetoemoe sedina-dinané ratjaké moeng 5 keṭip. Saoepama dipangan 4 keṭip, setaoen kirakira moeng bisa njèlèngi 3 roepijah. Keprijé bisané kelakon soegih."

—„Nèk dieping mengkono meṣti bandjoer ora doewé pengarep-arep soegih. Kowé tak blakani nèk tjèlènganko saiki wis ana

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

f 20, mangka lagi olèh 4 sasi. ja koewi labeté nggonkoe gemi kekloempoek setitik rong itik. Karepkoe nèk wis dadi f 30, akoe arep maroeng, adol boemboe-boemboe, lenga, beras, apa kaboetoehaning wong omah-omah."

—„Sokoer, sokoer, bokné; ja moega-moega kesembadana karepmoe. Nèk sida dadi, mesti batiné sedinané bisa nganti seroepijah oetawa loewih."

—„Arep ngarah apa, wong doewé bati saroepijah sedina. Wong mono adja njawang pandoewoerané, ndelenga sadjèdjèré oetawa sor-sorané, djaragan ora doewé pawitan akèh. Pawitan presasat baoe-soekoe, angger pinaringan kewarasan wis seneng."

—„Bener banget kandamoe koewi, bokné; wong oerip angger kewarasan, wis djeneng seneng; apa manèh ora doewé oetang, tjoekoep sing disandang dipangan saanak bodjoné. Senadjan ora doewé simpenan doewit akèh, njang ati wis marem."

Kentong sampoen moengel sadasa, mratandani jèn sampoen djam sadasa.

—„É, gelis temen djam sepoeloeh, apa kowé ora ngantoek bokné?"

—„Wong genah isih kemretjek omong-omong ngéné, djaré ngantoek. Akoe doeroeng krasa arip."

—„É, sokoer. Bokné sédjé sing takremboeg. Anakmoe Moeljana koewé rak wis oemoer 6 taoen."

—„Oewis, malah kepara loewih. Pétoengkoe genepé oemoer 6 taoen, dèk sasi Redjeb kepoengkoer; déné Moeljani, pétoengkoe saiki trep 4 taoen oemoeré."

—„Kaja-kaja bener petèkmoe, bokné. Gadjeg-gadjeg lairé Moeljana koewé barengan karo penggawéné dalan sepoer Semarang—Tjrebon, sepréné ija wis 6 taoen. Nalika semana lagi ramé-raméné, moelané kena diarani oedan doewit. Wong ngoeli sedinané golèk doewit seroepijah gampang, merga isih rada langka koeli, déné isih moerah sandang pangan. Loewih-loewih dèk penggarapé toetoeg ngalas Roban, presasat doewit ora ana adjiné. Awit mèh ora ana wong Djawa sing gelem njamboetgawé kana, merga kewarta angker, paribasan: djalma mara djalma mati. Senadjan boeroehané ditikeli, ija mesa akèh sing ora gelem. Nalika semana akoe mèloe mboebak alas Roban, sedinané bisa olèh boeroehan nganti sringgit terkadang loewih. Gadjeg-gadjeg kowé lagi meteng toewa, ija ngetengaké-anakmoe Moeljana koewé. Teloeng sasi akoe njamboetgawé nèng kana kanti slamet. Oelihkoe preloe tilik ngomah nggawa doewit f 150, kebeneran tjengèr Moeljana lahir. Kaja apa boengahkoe, déné baji lahir akoe nggèmbol doewit akèh, kanggo ragad lèk-lèkan lan doekoen sapenoenggalané ora kekoerangan. Dajoh-dajohé sing pada djagong katon seneng-seneng, nggoejoe gar-ger, déné soegoehané ora ngoetjiwani. Sing pada matja nganti sewengi natas gentèn-gentèn. Bedjané botjahé,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

déné samarga-margané nggonkoe njamboet gawé pinaringan sarwa gampang toer awakkoe pinaringan bagas kewarasan. Moelané bandjoer takparabi Moeljana, awit lahiré sasat nemoe moelja. Déné si Moeljani ija bener 4 taoen oemoeré."

Bok Prana-ardja keladjeng-tilem boten keplaoer mirengaken gineming bodjonipoen, mila ladjeng boten njaoeri saketjap-ketjapa. Pak Prana-ardja oendang-oendang: „Bokné! bokné! Lo, kok wis ora ana banèné; apa wis toeroe. Bokné! bokné! É, lah, wong ṭik lémbon temen, lawangé doeroeng dikantjingi ṭik wis toeroe angler."

Pak Prana-ardja ladjeng tangi ngantjingi kori sarta mrénah-mrenahaken barang-barang ingkang pating betjètjèr. Sasampoen-ipoen poenika ladjeng mapan tilem. Boten mawi klisikan malih, bek sek kraos sakétja kabekta saking kesel sarta sampoen loengsé mangsanipoen. Sadaloe boten mawi nglisik, tangi-tangi sampoen sijang, margi dipoen goegah anakipoen. Mila ragi gragapan sarta bok Prana énggal-énggal nata sesadéanipoen, ladjeng kagèndong ḍateng peken, boten mawi reresik grija. Pak Prana-ardja ingkang kedjibah. Sasampoenipoen rampoeng ladjeng tata-tata pirantosipoen, noenten pangkat sadé toja kados adat. Moeljana Moeljani kantoen tengga grija. Kala samanten pinoedjoe ing woelan Roewah tanggal sepoeh. Ngantjik ing woelan Sijam pak Prana-ardja sasémah inggih nindakaken roekoening agami Islam, nglampahi sijam ing woelan Ramelan sarta merlokaken reresik ḍateng koeboer. Sareng njelaki riadi, Moeljana lan Moeljani sandjang ḍateng embokipoen kapoerih noembasaken mretjon, saroeng lan rasoekan énggal.

Moeljana: „Bok, akoe kok doeroeng kotoekakaké mretjon kaja si Anoe kaé."

Moeljani: „Bok akoe ndjaloek tapih anjal, klambi soetla, kaloeng emas, soeweng emas, gelang emas."

—„Ija-ija enggèr mesṭi taktoekokaké, djandjiné koewé ora nakal, ora ḍemen djadjan, ora ḍemen dolan sing adoh-adoh, gelem toenggoe omah."

Moeljana: Bok, akoe, ora nakal, akoe ora taoe dolan adoh, akoe arang-arang djadjan, ḍoewitkoe taktjèlèngi."

Moeljani: „Akoe ija embok, tjèlèngakoe wis pijang-pijang, alep takbobok, taktoekokaké klambi soetla, aben dina toenggoe omah kalo kang Moel."

Pak Prana lan Bok Prana kados dipoen rontog manahipoen mirengaken ginemé anakipoen kekalih; angoesap-oesap ḍaḍa: ing batos amemoedji anakipoen moegi-moegi sageda kedoemoegèn kados saèsṭining manahipoen bapa sarta ing wingking sageda moelja ngepleki namanipoen.

Doemoegi ing dinten riadi, baṭinipoen bok Prana ragi loemajan, makaten oegi angsal-angsalanipoen sadé toja sémahipoen

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

inggih lowoeng. Mila sandanganipoen Moeljana sapangadeg sarwa énggal. Moeljani katoembasaken pelik-pelik gelang sarta kaloeng barlin sami kasepoeh djené. Rasoekan sarta tapihipoen inggih énggal. Laré kekalih saking bingahipoen ngantos soepé neda, wira-wiri ing margi ngadjenging grijanipoen sarta dolan-dolan dateng grijaning tangga tepalihipoen. Tijang sepoehipoen roemaos marem manahipoen, déné saged noembasaken panganggéning anakipoen. Tijang kalih sami pating krantoek linggih ing ambèn kelajan ningali polahing anakipoen. Bakda riadi Sawal pak Prana-ardja sowan dateng kamantrèn goeron perloe badé nglebetaken anakipoen, nanging kadawoehan dateng pamoelangan ing tanggal 9 Sawal djam 7 énndjing.

Moeljana sampoen sawatawis lami klebet ing pamoelangan Djawi angka kalih, nanging Moeljani dèrèng saged klebet, djalaran taksih kaliten, kasemadosan béndjing kalih taoen malih badé katampèn dados moerid. Prana-ardja djaler èstri sanget mareming manahipoen ningali poen Moeljana samangké sampoen wiwit saged maos.

Ingadjeng sampoen kaseboet, manawi arta tjélénganipoen bok Prana-ardja sampoen nglempak kinten-kinten f 30.— sedjaning manah badé santoen salaga, inggih poenika mandé wonten ing grijanipoen pijambak. Kelampahan sareng ing woelan Sawal noenggil wektoe kalihan lebetipoen Moeljana ing pamoelangan, bok Prana-ardja ladjeng sesadéan waroengan, boemboe-boemboe, oewos sawatawis, lisah lan sanès-sanèsipoen kabetahaning gegrija, nanging sarwa sekedik, dipoenkinten-kinten tjekaping pawitan f 30, sampoen ngantos njamboet.

Ing mangké bok Prana saben dinten wonten ing grija ngiras momong Moeljani. Pak Prana taksih lestantoen sadé toja. Manahipoen ragi ajem, déné prasasat sampoen wonten ingkang ndjagi grija sarta momong anakipoen ingkang dèrèng kalebetaken sekolah. Moeljani saben dinten ningali patrapipoen tijang sesadéan, kalakala inggih toemoet njadèni ingkang gampil-gampil. Manawi embokipoen pinoedjoe betak. Moeljani ingkang kapoerih nenggani sadéanipoen. Manawi sampoen djam 11 sijang, Moeljana dateng saking pamoelangan inggih toemoet reréntjang padamelaning embokipoen. Bok Prana késahipoen kilakan dipoen arah-arah saminggoe sapisan. Manawi pinoedjoe kekilak, ingkang djaler kapeksa tengga grija, ngiras ngladosi manawi wonten ingkang toembas. Jèn ingkang èstri sampoen dateng ladjeng pangkat sadé toja, terkadang teroes wonten ing grija ngréntjangi ingkang èstri.

Makaten saladjengipoen sadaja padamelan ingkang katindakaken déning Pak Prana-ardja sasémah kanti pangarah-arah.

Saben 3 woelan sapisan, Moeljana tampi serat rapport ingkang mratélakaken kasagedan, kalakoean sarta kasregepanipoen. Pak Prana sareng soemerep rapportipoen Moeljana, bidjinipoen 7

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

sapanginggil sadaja, bingahipoen boten kénging winiraos. Moeljana dipoen djoendjoeng kaoemboelaken, dipoen eloes-eloes, toewin sanès-sanèsipoen patrap ingkang nélakaken bingah. Moeljani ndongong mandeng dateng patraping bapakipoen makaten waoe, ngantos witjanten dateng bapakipoen: „Bapak, kang Moel kokamboengi balang koewi généa?"

—„Gendoek Moeljani, moelané kakangmoe Moeljana dakamboengi, dakdjoendjoeng barang, koewi saking boengahkoe, déné pinter, enggoné sekolah ondjo, mbangoen toeroet, dadi pengaleman, tandané seka lajangé sing digawa koewi."

Moeljana: „Ni, Ni, bésoek sekolah karo akoe. Wah nèk kowé sekolah seneng, kantjané dolanan akèh, goeroené ora taoe njrengeni, oelaté soemèh kerep ndongèng, mengko kowé takdongèngi."

Moeljani: „Ija kang, akoe engko dongèngna, akoe ajep ngjoengokaké."

Moeljana ladjeng ndongèng tjindil ingkang boten manoet prèntahing bapa:

„Ana tikoes toewa arep mati, doewé anak sidji isih tjilik, dioendang wong toewané ditoetoeri akèh-akèh karo dipenging loenga-loenga, ora perloe loeroe pangan, wong wis disedjani pangan pirang-pirang, sing tjoekoep dipangan nganti lawas entèké. Karo menèh dikandani, nèk oewong koewi dadi satroené tikoes, pidjer arep matèni, golèk réka ngarah kenané tikoes, perloené moeng arep dipatèni.

Sarèhné tjindil maoe ora mitoehoe pitoetoeré wong toewané, wekasan kena pasangan ndjoer dipatèni."

Moeljani: „Kang Moel, akoe oja dojan-dojan, akoe manoet pjèntahé simbok kajo bapak. Akòe dikongkon noenggoe wajoeng ja gejem. Dikon nggoesah pitik ja gejem. Dikon ngisèni kendi ja gejem. Akoe emoh kaja tjindil koewé, ndak kena pasangan. Akoe ajep mèjoe sekojah waé."

Bapakipoen trenjoeh mirengaken ginemipoen Moeljani, setengah ngrentahaken loeh. Ing batos déné woelangan dongèng ing pamoelangan poenika béda sanget kalijan dongèng ing pakampoengan. Dongéngan ing pamoelangan isi piwoelang ingkang sambet kalijan nalaripoen moerid. Déné dongénganipoen tijang pakampoengan katah ingkang mokal-mokal, satemah adamel risaking nalaripoen laré, kelantoer dados goegon-toehon. Pak Prana ardja witjanten dateng anakipoen: „Moeljana karo Moeljani adja pada tiroe-tiroe tjindil koewé, ja nggèr; sing sapa ora manoet pitoetoeré wong toewa lan goeroené, masti nemoe tjilaka kaja dongèngé tjindil koewé."

Anakipoen saoer peksi: „Ija pak, ija, akoe bakal manoet prèntahé wong toewa lan goeroekoe."

Katjarijos pak Prana sasémah ketingal bingah ing manah, déné redjeki mintir, boten kirang sandang teda. Sadaja ingkang

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

katindakaken ḍoemawah keleresan. Mila tjèlènganipoen tansah wewah-wewah. Tjiptaning manah, manawi sampoen njekapi, baḍé mbangoen grijanipoen sarta mawi pajon gendèng. Daganganipoen inggih nedya santoen babagan baḍé ngoejang pantoen.

Anakipoen kekalih mbangoen toeroet toer saras-saras, saben dinten tansah adamel senenging manahipoen tijang sepoeh. Kala-kala pak Prana-ardja rengeng-rengeng makaten:

„Apa manèh kang linoeroe, jèn wis sinoeng sanḍang boekti, bagas sarasing salira, kari nenoewoen Hjang Widi, kaslametaning sagotra, goḍa rentjana nebihi."

II. Kasoesahan noempa-noempa.

Pangandikanipoen para saged kawontenan ing ngalam donja poenika boten langgeng, tansah molah-malih kados oebenging lentéra menara. Sakeḍap peṭak, noen en djené, abrit saladjengipoen. Makaten oegi manoengsa, boten kok salaminipoen gesang bingah, oetawi soesah kémawon. Bingah lan soesah poenika tansah gilir goemantos ḍatengipoen. Ananging menggah tata lahir kabingahan waoe mawi pangkat-pangkat, déné raos batin sadjatosipoen sami kémawon.

Kaṭjarijos ing nalika samanten hawa ing tanah Djawi saweg bentèr-bentèripoen. Kaṭah tijang ingkang sami nanḍang sakit bentèr kanṭi watoek; sarta kaṭah oegi ingkang ladjeng mantoek ing djaman kalanggengan. Moerid-moerid ingkang lowong prasasat palihan. Moeljana inggih ginandjar sakit bentèr kalijan watoek. Dipoen djampèni poenapa-poenapa namoeng gèḍèg kémawon, sambatipoen bentèr neḍa adoes. Dipoen takèni kèndel kémawon, awit aras arasen gineman. Sampoen pinten-pinten dinten goemléṭak ing patileman, namoeng klebetan boeboer sakeḍik-sakeḍik. Moeljana dèrèng mantoen, Moeljani ladjeng noesoel sakit, inggih sami kalijan sakitipoen Moeljana. Kados poenapa solahipoen pak Prana kalihan bok Prana, kontrang-kantring ngalèr-ngidoel perloe madosaken djampi anakipoen, ngantos boten keplaoer njamboet damel. Tjélénganipoen leboer (telas) kanggé wedjani ḍoekoen, sarta dipoen teḍa saben dinten.

Sakitipoen Moeljana lan Moeljani sampoen sawatawis dinten dèrèng wonten soedanipoen. Pak Prana-ardja tinarboeka ing manah nempoeh bjat ḍateng grija sakit Goepermèn, mbekta anakipoen kekalih dipoen toempakaken ḍokar. Bok Prana inggih toemoet mangkoe Moeljani. Sadoemoeginipoen ing grija sakit, keleresan ḍokter Djawi taksih wonten ingrikoe. Soemerep polahipoen tijang kalih djaler èstri sami mbopong anakipoen ladjeng njelaki. Ḍokter Djawi ingkang ambek welasan, asih ing sesami, soemerep laré kekalih ingkang sawang koenarpa, kados dipoen

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

remet manahipoen. Sasampoenipoen pitakèn sadaja kawontenanipoen, ladjeng ragi netah ḍateng Prana-ardja déné boten waoewaoenipoen neḍa pitoeloengan ḍokter, teka ngantos nama loengsé makaten. Tijang sepoehipoen Moeljana Moeljani boten saged gineman, namoeng tjos-tjosan medal loehipoen kémawon. Ḍokter welas ningali ḍateng pak Prana lan bodjonipoen ladjeng préntah ḍateng pak Prana, anakipoen kekalih kapoerih manggèn ing grija sakit kémawon, baḍé dipoen oepakara saperloenipoen, sarta saben dinten saged kapriksa ing ḍokter. Pak Prana boten saged matoer kaṭah-kaṭah, atoeripoen namoeng sandika ndèrèk karsanipoen ḍokter. Katjarijos Moeljana Moeljani lestantoen manggèn ing grija sakit. Tijang sepoehipoen nenggani ingrikoe kalih pisan, boten manah grijanipoen; angger anakipoen saged saras sampoen nama begdja sanget. Sarèhné wonten ing grija sakit, dados laré kalih waoe gaḍah adjrih. Mila djampi ingkang dipoen ombèkaken peksan-peksan dipoen oeloe. Sanadjan namoeng koloe sakeḍik, nanging rèhné saben dinten klebetan, mila inggih dados pitoeloeng. Dajanipoen djampi ḍokter angidap-idapi. Saweg 3 dinten kémawon Moeljana lan Moeljani sampoen ragi abrit, poeroen linggih sarta gaḍah paneḍa poenapa-poenapa ingkang dipoen pèngini. Nanging sadaja paneḍanipoen waoe boten dipoen toeroeti déning tijang sepoehipoen, awit ḍawoehing ḍokter Moeljana lan Moeljani namoeng klilan ngombé soesoe kémawon. Sareng manahipoen bok Prana sampoen ragi bombong, ladjeng poeroen noewèni grijanipoen. Kalih dasa dinten Moeljana Moeljani wonten ing grija sakit, kapétang sampoen saras babar pisan, kénging neḍa teteḍan ingkang limrah. Samangké kantoen ngentosi poelihing badanipoen kémawon. Ḍokter ḍawoeh, manawi Moeljana lan Moeljani sampoen kénging kabekta mantoek. Kados poenapa bingahipoen pak Prana-ardja, prasasat manggih kantjana sawoekir. Atoeripoen namoeng sèwoe kasoewoen, boten nginten babar pisan manawi anakipoen saged poelih makaten. Moeljana lan Moeljani kabojong kabekta mantoek. Wonten ing grija sawatawis dinten anggènipoen neḍa sami ngemaroeki. Moeljana sampoen wiwit mlebet sekolah malih. Laminipoen anggèning lowong sekolah wonten 2 woelan. Sarèhning bok Prana-ardja salaminé anakipoen sakit boten naté sadéan, sarta pak Prana-ardja inggih boten naté njamboet damel, dados simpenanipoen jatra saha barang-barangipoen telas babarpisan. Bok Prana-ardja bingoeng ngraosaken prakawis poenika, baḍé bakoelan malih boten gaḍah pawitan; saking pepeting manah ladjeng nempoeh njamboet jatra ḍateng tijang Arab f 10. limrahipoen njamboet f 10 poenika, saben dinten mesṭi nitjil f 0,30, ing salebetipoen 2 woelan (60 dinten) loenas. Manawi boten saged nitjil f 0,30, kedah mbajar karoegian kémawon f 0,10 ing sadintenipoen, babon taksih wetah. Kaleksanan bok Prana-ardja saged angsal

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

anggènipoen njamboet jatra ḍateng tijang Arab waoe, ladjeng wiwit bakoelan malih, ingkang katindakaken bakoelan sekoel. Ing salebetipoen 10 dinten saged lastantoen nitjil f 0,30 ing sadintenipoen, sareng ndoengkap 11 dinten saladjengipoen boten saged nitjil sarta njcekani karoegian babar pisan, amargi pak Prana-ardja ladjeng ginandjar sakit bentèr kalijan watoek oegi, dados baṭinipoen sakeḍik kalih keḍik kanggé ngragadi bodjonipoen. Gesangipoen pak Prana-ardja sasémah saja nalangsa, djalaran gaḍah samboetan ḍateng tijang Arab ladjeng boten saged nitjil, wewah-wewah ingkang djaler sakit, boten wonten ingkang dipoen djagèkaken. Badanipoen bok Prana-ardja prasasat risak manah prakawis poenika, kirang tilem kirang neḍa, kabekta aroengan warni warni. Moeljana manawi sampoen ḍateng saking pamoelangan ladjeng nenggani bapakipoen sesarengan kalijan Moeljani. Anggènipoen sakit pak Prana-ardja ngantos tigang woelan, badanipoen kantoen loeng lit, nanging rèhning taksih kaparingan oemoer pandjang, sakitipoen saja soeda, ndoengkap tigang woelan sampoen roemboe-roemboe badanipoen, neḍa sampoen kraos étja. Bok Prana-ardja taksih lastantoen sadéan sekoel, samboetanipoen ḍateng tijang Arab sampoen 4 woelan boten saged nitjil sarta njoekani karoegian.

Kaṭjarijos tijang Arab ingkang njamboetaken jatra waoe, sareng nagih ḍateng bok Prana-ardja boten angsal, margi jatra taksih kaṭak kanggènipoen, ladjeng pet klampet boten poeroen ḍateng malih. Batosipoen: bok Prana taksih gaḍah grija sapakawisanipoen, poenika ingkang dipoen irik-iriki. Manawi samboetan dalah saremanipoen sampoen lema (nak koemanak) ingrikoe saweg baḍé katindakaken kanṭi peksan. Patrap ingkang makaten poenika sampoen dados kalimrahanipoen tijang Arab toekang motangaken. Kaṭah tijang Djawi ingkang ndinḍal grijanipoen déning pokaling toekang potang.

Anoedjoe satoenggiling dinten, bok Prana-ardja saweg ngaḍep sadéanipoen, Arab ḍateng kalijan briga-brigi, witjantenipoen:

—„Afa kowé wis lawas banget ora taoe mentjitjil-mentjitjil."

—„O, toewan, sampéjan rak nggih soemerep, manawi bodjo koela saweg sakit, jatra telas koela anggé ragad."

—„Affa! akoe tidak fadloeli bodjo kowé, akoe weroeh tjoema kowé baé, akoe étoeng koewé poenja oetan saiki wis ana f 30 karo rèntené."

—„O, kok kaṭah temen, toewan, samboetan koela rak namoeng f 10, pradjandji njaoer f 18 ing 2 woelan."

—„Affa! kowé ora taoe mentjitjil, saiki ḍoewit dadi gemoek, kowé meṣṭi akoe gawé perkara raad kaboepatèn, omahmoe meṣṭi dibeslah."

—„Toewan, bok empoen kesangeṭen, grija adjeng dibeslah nikoe,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

koela kèn mondok teng poendi. Koela boten gadah sanak sadoeloer. Doewèk koela moeng grija niki tok."

—„Ah, akoe tidak fadloeli, mesti djalan beslah, oetan ora saoer, mesti gawé perkara. Koewé mesti tèken zegel kéné, marga kowé sin oetan."

—„O, toewan, gih neda ngapoenten, saniki koela wiwit nitjil malih, ning empoen didamel perkawis."

—„Kena, nanging kowé koedoe tèken zegel kéné disik."

—„Koela boten saged njerat, toewan."

—„Ora dadi afa, mrafat baé wis kena. Kijé wis akoe tengeri, akoe wis gawa mansi karo fèn."

—„Poendi koela prapaté! Empoen niki lo, toewan."

—„Akoe djaloek keroegian disik: kowé wènèhi sega baé, arep dakgawé sarapan; akoe maoe doeroen mangan."

—„Niki, toewan, koela soekani sarapan, ning poma empoen sampéjan damel perkawis."

Arab ladjeng neda sekoel saabenipoen, watawis telas pengaos saketip. Sareng sampoen ladjeng witjanten:

—„Kowé saiki mesti mentjitjil limang ketip, ora kena mentjitjil teloeng ketip, awit kowé poenja oetan saiki *f* 30 rong sasi masti loenas. Jèn ora, mesti teroes akoe gawé perkara."

Bok Prana-ardja sareng mireng witjantenipoen Arab makaten, mbrebel medal eloehipoen, roemaos kénging apoes, boten saged gineman namoeng bebek ing manah, netah badanipoen pijambak. Arab ngladjengaken lampahipoen badé nagihi dateng tijang ingkang sami sesadéan ing peken, awit katah ingkang njamboet dateng pijambakipoen. Manahipoen Arab roemaos marem, déné grija sapakawisan gadahanipoen bok Prana-ardja prasasat sampoen wonten ing tanganipoen, mangka anggènipoen ngedalaken jatra namoeng f 10. Samargi-margi tansah gremang geremeng: „Oentoen, oentoen, oentoen, dèwèké wis gelem tèken ing zegel, sekaran wis ora bisa moenkir, dèwèké oetan f 30, tentoe ora bisa bajar, omah masti tiba akoe. Bésoek dak-edol manèh bisa pajoe akèh. Pantjèné wong Djawa koewé akèh sing kaja."

Bok Prana-ardja sapengkeripoen Arab ladjeng énggal-énggal koekoet keleresan sadéanipoen kantoen sakedik. Doemoegi grija sasampoenipoen njèlèh-njèlèhaken bebektanipoen ladjeng oengkeb-oengkeb ing ambèn kalihan kèndel kémawon.

III. Tilar padoenoengan.

Katjarijos pak Prana-ardja, kala samanten saweg roemboe-roemboe, linggih ing lintjak èmpèr ngadjeng kalijan Moeljani, ngiras ngadang Moeljana. Nalika sémahipoen dateng, ndjawab

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

neḍa angsal-angsal, nanging boten dipoen-saoeri déning saking bingoeng ing manahipoen.

Sareng Moeljana sampoen ḍateng saking pamoelangan, ladjeng dipoen adjak moeroegi embokipoen. Pak Prana-ardja ragi kagèt ing manah soemerep ingkang èstri teka nganèh-anèhi. Salaminipoen manawi ḍateng saking peken, inggih ladjeng tapoek olah-olah, mangka poenika malah mapan tilem oengkeb-oengkeb ing ambèn. Pak Prana-ardja takèn kanṭi sabaring manah: „Bokné, apa kowé koewi lara. Panoewoenkoe ing Goesti Allah, bok ija manḍega saméné baé goḍané awakkoe, kaja-kaja wis wareg enggonkoe nglakoni lara, apa manèh Moeljana lan Moeljani. Teka ora oewis-oewis enggoné maringi roebéda. Jèn kowé lara, kaja apa polahkoe. Sapa sing bakal nindakaké pagawéan sadjroning omah, sapa sing bakal ngopèni Moeljana-Moeljani. Akoe ḍéwé doeroeng pati koewat angglawat. Ḍoeh, Goesti Allah njoewoen ngapoenten, moegi moegi tinebihna ing goḍa rentjana."

Bok Prana-ardja mireng pitakèn sarta sambatipoen ingkang djaler, boten kénging dipoen tambak wedaling loehipoen, wasana witjanten kalajan pegat-pegat:

—„Ḍoeh wong lanang. Goe-nem-moe ga-wé nge-res-ing a-ti koe. A-koe o-ra la-ra. Moe-la-né a-koe ban djoer ambroek mangké-né, mar-ga sa-ka bi-ngoeng pi-kir-koe. Ora kajaa oeripkoe kijé, déné teka kepaloe kepenṭoeng. Apa doeroeng toetoeg Goesti Allah enggoné paring tjoba marang awakkoe. Jèn kaja mengkéné baé, kaja-kaja akoe ora krasan ana ing ngalam donja, aloewoeng dipoenḍoeta wis rampoeng."

—„Adja mengkono ta bokné, goenemmoe rada keladoek. Prakara apa sing gawé bingoenging pikirmoe, mengko paḍa dipikir, diréka moerih dadiné betjik."

—„Wong lanang, prakara kijé dadi tanggoengankoe, wong kowé nalika remboeg wiwitan ora weroeh apa-apa. Dadi akoe ḍapoer lantjang, déné ora tarèn karo wong lanang. Woesana bakal gawé kapitoenankoe lan kapitoenanmoe. Mangka kowé ora weroeh kenṭang kimpoeté, ikoe sing banget ndadèkaké roebeding pikirkoe."

—„Bokné, adja kebandjoer-bandjoer goenemmoe. Kowé rak ja weroeh ḍéwé sing dadi watekkoe, ora taoe ngetokaké goenem sing songol lan kasar marang kowé, salawasé tansah manoet-mitoeroet apa kang dadi karepmoe, anggeré betjik dadiné. Mengkono oega kowé ja nimbangi watekkoe, sabarang préntahkoe kowé ora taoe ndoewa. Moelané adja wedi-wedi apa sing dadi roebeding pikirmoe weḍarna, adja ko-enḍem baé."

—„Ija bapakné, kowé rak ja weroeh ḍéwé sadjroné ṭolé Moeljana lan genḍoek Moeljani ginandjar lara, akoe lan kowé ora keplaoer njamboet-gawé, ḍoewit simpenankoe leboer kanggo ragad botjah kang paḍa lara sarta entèk dipangan. Samariné botjah loro, akoe

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA


bandjoer nékad oetang ḍoewit anakan marang wong Arab f 10, kanggo pawitan dodolan manèh, pradjandji saben dina nitjil f 0,30, 2 sasi loenas. Dilalah lagi nitjil ping pinḍo, kowé bandjoer ambroek lara nganti teloeng sasi, akoe ora bisa nitjil manèh, olèh baṭi saṭiṭik-saṭiṭik dak-enggo ragad laramoe nganti sapréné kijé. Wasana wong Arab sing motangaké maoe teka ing ḍasarankoe, patrapé kaja kètjoe, matané pendirangan, akoe ditoeding-toeding, dioenèkaké ora taoe nitjil, wong Djawa boḍo, wang Djawa kaja kebo tanpa soengoe. Aḍoeh, kaja ngapa wirangkoe. Rèhné akoe roemangsa salah sarta manèh akoe wong wadon, pangoeman-oemané wong Arab sing akèh-akèh ora dakdjawab kasar, daktampa kalawan éklasing ati, kabèh-kabèh ikoe moeng Goesti Allah sing ngawoeningani saparipolahing manoengsa. Batinkoe temen-temen akoe nedya mbajar oetangkoe. Woesanané akoe dikon tèken mrapat ing lajang zegel, akoe ditetepaké oetang f 30 sadina mesṭi nitjil f 0,50, 2 sasi loenas. Jèn ora netepi pradjandjian, akoe mesti diladèkaké ing pangadilan, sarta omah kijé dalah pakarangané bakal dibeslah. Aḍoeh wong lanang, kapri . . . . . jé polahkoe."

Pak Prana-ardja mireng ginemipoen ingkang èstri ladjeng mak djenggirat, mboetjal kemoelipoen, ngadeg njat, poelih, sanalika kakijatanipoen, sakitipoen prasasat sirna babarpisan kados pikantoek djampi ingkang moestadjab. Kabatosanipoen baḍé males ḍateng tijang Arab ingkang ngoengel-oengelaken bodjonipoen, nanging panganta-antaning manah dangoe-dangoe laroet, kados wonten ingkang mbisiki: „Ora betjik dadiné, loewoeng walesen sabaring ati. Goesti Allah kang bakal malesaké." Nalika samanten itjal nepsoenipoen ḍateng tijang Arab, malah nijating manah soemedya réntjang-réntjang njaoeri samboetanipoen ingkang èstri; witjantenipoen:

„Wis bokné, kowé adja mikir prakara oetangmoe, saiki leremna pikirmoe ana ing omah, njambia dodol ratengan siṭik-siṭik. Satoerah-toerahé ḍoewitmoe enggonen pawitan, ḍawak-ḍawakna manèh. Akoe sing bakal njaoeri oetangmoe, kaja-kaja wiwit sésoek akoe wis koewagang njamboet gawé manèh. Sirkoe, ḍoewit olèhkoe njamboetgawé ora kena keprèbèl, bakal daksaoeraké marang wong Arab sing motangaké marang kowé."

Ingkang èstri mitoeroet poenapa sapirembagipoen ingkang djaler. Endjingipoen pak Prana-ardja ladjeng wiwit sadé toja malih, badanipoen sampoen boten kraos lemes babarpisan. Pantjèn badanipoen pak Prana-ardja pinoedjoe sebel, sampoen pinten-pinten dinten anggènipoen sadé toja boten patos padjeng. Sareng mangsanipoen nitjil samboetan, poen Arab ḍateng nagih. Bok Prana boten saged nitjil, semados sawatawis dinten engkas boten angsal, poen Arab giri-giri baḍé damel prakawis, doepèh sampoen njepeng serat zegel, ingkang dipoen tanḍani mrapat

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



1. Tijang Arab ḍateng nagih.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

bok Prana-ardja. Pak Prana nengahi rembag, poen Arab kapoerih nrimah dipoen soekani rènten lahanan roemijin, dados boten kapétang tjitjilan. Tijang Arab waoe taksih witjanten kaṭah-kaṭah, nanging inggih poeroen nampèni arta rènten lahanan, ladjeng késah kalijan taksih groendal-groendel.

Ing sakésahipoen tijang Arab, bok Prana wiwit ngreratengi baḍé sesadéanipoen, déné pak Prana njandak pikoelan sarta gembrèng baḍé sadé toja, nanging raosing badan sampoen lesoe loengkrah déning djibeg manahipoen anggagas samboetané ingkang èstri ḍateng tijang Arab.

Pantjèn saweg toemboeking tjilakanipoen pak Prana, dilalah sadinten moepoet boten pepadjengan. Rèhné sampoen sajah sarta loewé sanget, pak Prana glijak-glijak baḍé mantoek, toja dipoensok kaboetjal ing margi. Lampahipoen manḍeg majong, sakeḍap mlampah sakeḍap kanḍeg sèndèn ing wit pinggir margi kalijan seḍakep sarta oesap-oesap ḍaḍa. Batosipoen: „Doeh kaprijé dadiné awakkoe kijé, déné saiki sabarang kang daktoedjoe teka ora kebeneran. Kaja apa jèn mengko anakkoe ndjaloek olèh-olèh kaja sabené. Mangka akoe ora nggawa ḍoewit saigar-igara. Jèn ora kebeneran, omah lan pakaranganko sida dadi doewèké wong Arab sing motangaké." Saking bebeging manahipoen, pentjeloet medal tékadipoen ingkang ngeres-eresi, inggih poenika baḍé ngenḍat. Awit tjiptanipoen, manawi sampoen pedjah boten baḍé manah roepi-roepi. Nalika medal tékadipoen ingkang makaten, ladjeng ketoempangan panggraita ing kang menging, kados wonten tijang ingkang ngélikaken: „Pak Prana-ardja, élinga, sapa kang bakal ngingoni anak bodjomoe. Sing wis mati mono wis karoehan enggoné, sarta ora mikir apa-apa, balik sing kotinggal, sapa sing ngopèni, mesṭiné banget nalangsa." Pak Prana-ardja ḍeleg-ḍeleg ngraosa'-en bingoenging manah, tékadipoen ingkang awon kasirnakaken. Saking koewatosipoen bokmanawi dipoen teḍani angsal-angsal anakipoen, ladjeng nedya baḍé apoes-apoes, mbeḍol toeroes pager satoenggil dipoen toegeltoegel noenten kaboentel ing sindjangipoen, kasampiraken ing poenḍak baḍé dipoen awadaken téla pohoeng taksih mentah. Nalika samanten sampoen wantji djam pitoe daloe. Sareng anggènipoen mboentel keṭokan toeroes sampoen rampoeng, noenten lampahipoen dipoen gelak. Sakeḍap sampoen doemoegi ing grija. Sarèhné pinoedjoe paḍang remboelan, bok Prana-ardja lan anakipoen kekalih sami linggihan ing latar ngiras ngaḍang ingkang djaler. Sanget anggènipoen ngadjeng-adjeng, déné ngantos loengsé wantjinipoen dèrèng ḍateng. Sareng soemerep ketébangipoen pak Prana-ardja, Moeljana lan Moeljani sami mladjeng sesarengan moeroegi bapakipoen sarwi neḍa angsal-angsal, witjantenipoen: „É, bapak teka, é, bapak teka, wis soewé enggonkoe ngaḍang kok lagi teka; endi olèh-olèhé, pak?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Bapakipoen mangsoeli: „O, enggèr olèh-olèhé téla pohoeng mentah, mengko dakgodogé disik, kowé pada ndongénga kaja wingi kaé." Anakipoen mitoeroet, sarta atjikrak-tjikrak, déné mangké badé neda téla pohoeng.

Bebektanipoen dipoen teda ingkang èstri boten angsal, awit koewatos manawi konangan, namoeng gembrèng wadah toja lan rembatanipoen ingkang dipoen oeloengaken kapoerih ndèkèk ing pawon. Pak Prana-ardja ladjeng tapoek tjetik latoe noempangaken koewali dipoen isèni toja. Ketokan toeroes dipoen lebetaken ing koewali sadaja, noenten dipoen toetoepi rapet. Bok Prana-ardja njelaki ingkang djaler sarwi witjanten: „Bapakné, enggonmoe nggodog pohoeng apa sakoelité baé, déné doeroeng koontjèki."

Wangsoelanipoen: „Ora, wis ontjèk-ontjèkan kabèh, saka pasar moela pantjèn wis ontjék-ontjékan."

Ingkang èstri witjanten malih: „Wis ta bapakné, kowé ngasoa kana, wong kowé koewi rak kesel; dakgodogé; mengko jèn wis mateng manawa kowé wis toeroe dakgoegah."

Ingkang djaler mangsoeli: „Adja bokné akoe kepéngin weroeh soewéné wong nggodog pohoeng, soewé endi karo wong adang; moelané ija dakgodogé déwé, kowé noenggonana anakmoe sing pada ndongèng kaé."

Bok Prana-ardja boten mangsoeli malih, ladjeng moeroegi panggènaning anakipoen. Nèng, nèng, ... moengel djam 9. Moeljana lan Moeljani moeroegi bapakipoen sarta witjanten: „Wis mateng pak, pohoengé? akoe wis ngantoek kok."

Bapakipoen mangsoeli: „O, doeroeng mateng, nggèr, sadéla engkas rak mateng. Kana toeroe disik, sésoek moendak karipan, didoekani goeroemoe. Mengko baé jèn wis mateng dakgoegah. Karo manèh kowé maoe sadoeroengé peteng rak wis mangan, ta?"

Moeljana lan Moeljani boten mawi semados oetawi gineman sanèsipoen kadjawi namoeng semaoer: „Ija pak, akoe arep mapan toeroe disik, matakoe wis ngantoek, karo akoe maoe pantjèn ija wis mangan."

Sémahipoen njelaki sarwi witjanten: „Bapakné, kaprijé, nggodog pohoeng wis rong djam teka doeroeng mateng?"

—„Moelané koewi, arep daktoenggoni déwé, marga pohoengé pantjèn wis toewa-toewa, soewé bisané medok. Kowé jèn arep toeroe kana toeroea disik; moeng jèn isih ana toerahan sega akoe ndjaloek saemplokan baé, wetengkoe teka pating kroewoek, sadina doeroeng klebon redjeki."

—„Isih baé, pantjèn dakngèngèhi. Apa arep mangan saiki ta?"

—„Ora, mengko baé. Kana, tjawisna médja; kowé toeroea disik, ngelonana anakmoe."

Bok Prana-ardja ladjeng mlebet ing sentongan ngeloni anakipoen. Anggènipoen tilem kraos sakétja, prasasat sadaloe boten nglisik. Makaten oegi Moeljana lan Moeljani pantjèn saweg nglémboni.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Katjarijos pak Prana-ardja sareng mirèng bodjonipoen sampoen ngorok senggoran, ladjeng neḍa tjawisanipoen sekoel ingkang wonten ing médja. Nalika samanten sampoen djam 11 daḷoe. Sasampoenipoen toewoek paneḍanipoen, ladjeng ambroek tileman ing ambèn, nanging ngantos dangoe boten saged tilem-tilem, amargi tansah nggagas, kados poendi kadadosanipoen, manawi grija sapakaranganipoen èstoe kabeslah ing tijang Arab. Saking sajahipoen, pak Prana saged tilem, saweg salijepan sampoen nglilir, nanging pangraosipoen sampoen marem. Boten dangoe nèng-nèng moengel djam 3, pak Prana-ardja ladjeng raoep, noenten meṇḍet sabak lan gripipoen Moeljana, ing sabak ngrikoe dipoen serati makaten:

—„Wong wadon! dadija soemoeroepmoe, akoe roemangsa isin manggon ing nagara Magersari kéné, moelané bengi iki oega akoe loenga saka ngomah, emboeh parankoe. Kowé sing ngatiati daktinggal, anak-anakmoe adja nganti kapiran. Moeljana saben dina adja ngati lowong sekolahé. Poma, di poma, wong wadon, adja nglirwakaké welingkoe. Déné omah, jèn sida dipèk ing Arab kanggo ngesahi oetangmoe kowé ija moṇḍok-moṇḍoka, sapa sing gelem koponḍoki. Akoe ora soemedja moelih, jèn doeroeng nggémbol ḍoewit siṭik-siṭiké f 100. Wis wong wadon karia slamet."

Jektos ing daloe poenika kirang langkoeng djam 4, pak Prana késah, mbikak kori lon-lonan, lampahipoen bab'as mangilèn boten mawi kanḍeg-kanḍeg. Wantji bjar èndjing anggènipoen loemampah sampoen tebih saking grijanipoen.

Wantji djam nem éndjing bok Prana-ardja tangi, ningali dilah taksih kentjar-kentjar ladjeng dipoen pedjahi,

Nolih ngiwa nengen ingkang djaler boten wonten. Mandeng ing kori, ketingal kori sampoen menga, pangintenipoen masṭi saweg adoes. Bok Prana-ardja ladjeng medal ngoendang-oendang lakinipoen, nanging boten wonten ingkang njaoeri. Noenten mlebet ing pawon ningali gembrèng waḍah toja sarta rembatanipoen taksih. Koewali ingkang toemoempang ing keren dipoenoengkabi bok Prana-ardja, sanget kagètipoen déné ingkang dipoen goḍog poenika dédé téla pohoeng, jektosipoen keṭokan toeroes pager. Bok Prana saja boten sakétja manahipoen, nggagas ingkang boten-boten. Noenten soemerep sabakipoen Moeljana goemléṭak ing médja mawi seratan kaṭah mangka wingi sabak poenika mentas dipoen koembah. Moeljana ingkang taksih tilem dipoen goegah embokipoen kapoerih maos. Sarèhné anggènipoen sekolah Moeljana sampoen mèh satahoen, toer laránipoen lantip, mila saged maos serataning bapakipoen, ḍasar serataning bapakipoen aksara Djawi sarta tjeṭa-tjeṭa. Anggènipoen maos dipoen serok-serokaken. Telasing pamaosipoen bok Prana-ardja ambroek ketèmper. Moeljana nggembor kalijan mladjeng mangidoel sambat-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

sambat: „Bapak, akoe mèloe, bapak akoe mèloe, akoe emoh kotinggal!" Moeljani anggènipoen tilem kebribènen ḍateng pamaosipoen lan panggemboripoen Moeljana, djenggirat tangi, ningali embokipoen ngaṭang-aṭang ing djogan. Kakangipoen dipoen oendang-oendang boten wonten, noenten nangis kalijan sesambat: „Kang Moel, akoe mèjoe! Kang Moel, akoe mèjoe!" Pladjengipoen mangétan.

Bok Prana-ardja ngantos dangoe anggènipoen ketèmper. Sareng sampoen ènget, nolih ngiwa nengen anakipoen kekalih sampoen boten wonten, nginten manawi anakipoen baḍé noesoel bapakipoen. Boten mawi tata-tata malih teroes noesoel, anakipoen kekalih kininten ngalèr lampahipoen, mila ingkang dipoenener inggih mangalèr kalijan koeḍoeng slèndang kanṭi tjrotjosan loehipoen.

IV. Kasaénan ḍateng sesami.

Katjarijos Moeljana teroes loemadjeng sapoeroeg-poeroeg boten kantenan ingkang tinoedjoe, ngoenjoer boten mawi tolih wingking, nenggel medal tengahing margi ageng kalijan nangis.

Wonten tengah-tengahing margi kepeṭoek motor ingkang dipoen toempaki toewan pandita. Lampahing motor kentjeng prasasat angin. Moeljana ingkang kamanah namoeng bapakipoen, ngantos boten manah ḍateng tengaraning motor. Saking bantering lampahipoen motor sarta saking rikating pladjengipoen Moeljana, brebet Moeljana kababan lampahing motor, djengkelit Moeljana ḍawah kewalik, sanalika boten ènget. Tijang-tijang ingkang sami loemanpah, soemerep Moeljana ḍawah kewalik sami mbengok: „O, anakkoe!" Motor kanḍeg ngegèd: greg. Toewan pandita mandap saking motor, trangginas moeroegi Moeljana, dipoen bopong kabekta ḍateng motor, kablonjo lisah wangi, sarta rasoekan toewin saroengipoen ingkang goepak leboe dipoen srebèti. Toewan pandita mrebes mili ningali warninipoen Moeljana asawang koenarpa, geḍeg-geḍeg kalijan moengel: „Doeh, mesakaké botjah kijé. O, Goesti moegi laré poenika pinaringana wiloedjeng, koela nijat baḍé damel kasaénan ḍateng laré poenika." Sarèhning Moeljana ketèmperipoen margi saking ḍawah sarta kagèt, sareng sampoen kapoelasara ḍateng toewan pandita, dangoe-dangoe tjahjanipoen abrit malih, saged linggih pijambak sarta sesambat: „Aḍoeh bapak, akoe mèloe, adja kotinggal!"

Toewan pandita pitakèn: „Kowé botjah ngendi?"

—„Koela laré Magersari."

—„Kowé arep menjang endi?"

—„Koela baḍé noesoel bapak. Bapak késah, sandjangipoen boten baḍé mantoek, jèn dèrèng gaḍah jatra kaṭah."

—„Bapakmoe loenga menjang ngendi?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Boten soemerep, oengelé badé késah sapoeroeg-poeroeg."
—„Sapa djenengé bapakmoe?"
—„Bapak nama Prana-ardja."
—„Apa kowé isih doewé embok?"
—„Taksih, koela inggih gadah sadèrèk èstri nama Moeljani."
—„Ajo kowé dakteraké moelih menjang omahmoe, karo embokmoe bakal dakwènèhi djadjan."
—„O, boten, koela boten nijat mantoek, jèn dèrèng kepanggih bapak."

Toewan pandita welas dateng Moeljana. Manawi laré dipoen tjoelaken masti ladjeng késah sapoeroeg-poeroeg madosi bapakipoen, satemah saged oegi manggih tjilaka. Mila ladjeng ngaremaremi dateng Moeljana: „Lé, akoe sing bakal nggolèki bapakmoe. Adja koewatir, akoe sing bakal nemokaké. Ajo kowé mèloea akoe noenggang motor, ora soesah moelih menjang omahmoe."
Moeljana mangsoeli: „Inggih, koela poeroen angger saged kepanggih kalijan bapak."

Toewan pandita witjanten: „Ija, adja koewatir."
Motor bablas sasat boten ngambah siti, ngener dateng nagari Sendangmoelja, inggih poenika grijanipoen toewan pandita. Moeljana lestantoen kapoepoe.

. . . . . .

Moeljani mladjeng-mladjeng poeroegipoen mangétan kalijan nangis, sarta oendang-oendang kakangipoen: „Kang Moel, akoe mèjoe! Kang Moel akoe mèjoe! kowé njang endi? Akoe adja kotinggal."

Nalika samanten wonten satoenggiling tijang èstri langkoeng. Sareng soemerep wonten laré èstri mladjeng boten wonten ingkang ngetoetaken, sarta ketingal nganggé gelang sapasang ingkang warninipoen djené gilap, kakinten manawi gelang emas, mila batosipoen: „I, lah dalah, kijé ana pangan mara dèwé. Gelang ikoe masti dadi doewèkkoe; saoepama digadèkaké, apesé pajoe f 20,— loemajan kanggo kaboetoehan sawatara dina sarta kanggo toekoe tiké."

Badjingan èstri mablik ngetoet lampahipoen Moeljani, réwa-réwa kados tijang sepoehipoen. Saja dangoe lampahipoen Moeljani saja aber, wasana saking keselipoen ladjeng ndéprok ing pinggir margi kalijan kamisesegen. Badjingan èstri njelaki kalijan witjanten: „Gendoek djenengmoe sapa?"
—„Djenengkoe Moeljani."
—„Kowé botjah ngendi?"
—„Akoe botjah Magersari."
—„Kowé anaké sapa?"
—„Akoe anaké bapak, adiné kang Moel. Kang Moel joenga, akoe oja didjak."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„O gendoek, kakangmoe maoe mrana. Ajo daksoesoelaké, mengko rak ketemoe. Ajo dakgéndong, bèn gelis tekan."

—„Emoh, akoe ajep mjakoe dèwé."

—„Ija ajo ta, dakteraké kowé mlakoe disik." Moeljani ladjeng ngadeg mlampah roemijin, badjingan èstri toet wingking. Moeljani dipoen djadjakaken sawatawis. nanging boten dipoen teda namoeng dipoen tjepengi kémawon. Lampahipoen Moeljani dipoen sasar-sasaraken ngantos doemoegi ing panggénan ingkang sepen. Wonten ingrikoe dipoendjak kèndel, dipoen sandjangi jèn mangké kakangipoen noesoel mriki. Moeljani noeroet. Badjingan èstri pitakèn: „Gendoek, gelangmoe teka apik temen. Toekon pira maoené?"

—„Toekoené jajang; gelangkoe kijé emas."

—„Sapa sing noekokaké?"

—„Sing noekokaké embok gèk bada kaé."

—„Dak ndeleng sadéla baé, tjopoten."

—„Adja, mengko moendak ko-epèk."

—„Ora-orané dakepèh, mengko dak balèkaké."

—„Adja wong kowé doedoe embokkoe."

Moeljani witjanten makaten poenika kalijan njèlèhaken djadjanan ingkang dipoentjepengi, sarta ndelik-ndelikaken tanganipoen. Badjingan èstri selak boten sabar mireng tetemboengan emas; laré katjepeng, gelang kalolos kalih pisan. Sareng gelang sampoen kénging, Moeljani katilar. Badjingan èstri teroes loemadjeng. Mélik nggéndong lali, boten gadah welas babarpisan dateng Moeljani batos sarta mripatipoen namoeng noedjoe dateng gelang ingkang dipoen kinten djené, mangka sajektosipoen barlin dipoen edoes djené, katah katahipoen pangaos f 0,60.

Moeljani sareng sampoen dipoen oewalaken ladjeng sambat-sambat: „Bapak! embok! gelangkoe dijeboet wong, akoe toekokna manèh. Kang Moel, kowé na ngendi? Akoe mèjoe!"

Moeljani kaloenta-loenta lampahipoen, boten kantenan ingkang dipoen toedjoe, ingkang dipoen sambat: bapak, embok sarta kakangipoen. Lampahipoen oeroet pinggiring margi ageng, manawi kraos ngorong neda toja dateng tijang sadé tjao ingkang dasar pinggiring margi. Kala-kala dipoen takèni tijang ingkang kepetoek oetawi ingkang sarengan loemampah, menggah nama sarta grijanipoen. Moeljani rèhning sampoen kesel sarta erak margi saking dangoening anggènipoen nangis aras-arasen mangsoeli, namoeng toeding-toeding prenahing grijanipoen. Wiwit èndjing pijambakipoen dèrèng klebetan poenapa-poenapa, namoeng ngombé kémawon. Djam 12 sijang doemoegi ing kita Sinom, saking ngelihipoen ladjeng mlebet ing wandé ndjawab neda sekoel, kalijan tanganipoen kekalih dipoen tjadongaken. Tijang ingkang mandé kamiwelasen. ladjeng ngoeloengi sekoel satempélang dalah lawoehipoen. Moeljani dipoen takèni katah-katah

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



2. Gelangipoen Moeljani kasebrot ing tijang.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

boten saged mangsoeli tjeṭa, margi saking bingoenging manahipoen sarta sampoen erak.

Tijang ingkang mandé nantoen soepados Moeljani toemoeta pijambakipoen, nanging Moeljani gèḍèg. Sareng sampoen neḍa sarta ngombé, mlampan malih doemoegi tengah-tengahing kiṭa mèh djam 1 sijang, bres djawah deres kados dipoen esokaken. Moeljani plingak-plingoek pados pangaoeban. Ing satjelakipoen ngrikoe boten wonten malih grija ingkang pantes dipoen aoebi, kedjawi pamoelangan klas II, poenapa malih ketingal sampoen wonten ingkang ngaoeb satoenggal kalih, mila ladjeng ènggal mlebet pakawisan pamoelangan teroes ngaoeb ḍateng èmpèr. Moeljani soemerep manawi salebeting grija wonten larénipoen kaṭah sami linggih sarta ngaḍep sabak. Pangintenipoen Moeljani: mesṭi kakangipoen Moeljana sekolah ingrikoe. Mila ladjeng nangis kalijan oendang-oendang: „Kang Moel, akoe mèjoe! Kang Moel, akoe mèjoe! Akoe mèjoe sekojah! Akoe adja kotinggal!" Moerid-moerid ingkang waoenipoen gar-ger goemoedjeng margi mirengaken anggènipoen tjarijos goeroenipoen, sareng mireng swaranipoen laré nangis: tjep sirep, sami ndengèngèk mandeng ingkori. Sadaja sami soemerep tjeṭa manawi ingkang nangis poenika laré èstri taksih alit, ramboetipoen réjab-réjab, sarta sanḍanganipoen kleboes mentas kedjawahan. Mantri goeroe ingkang ngoewaosi pamoelangan ngrikoe njelaki Moeljani sarwi pitakèn: „Gendoek, djenengmoe sapa?"

—„Djenengkoe Moeljani."

—„Kowé ngoendang sapa?"

—„Ngoendang kang Moel."

—„Apa kakangmoe sekolah?"

—„Ija, akoe ajep mèjoe sekojah oja awèh."

Mantri goeroe sakeḍap kèndel, ngémoet-émoet laré ingkang nama Moel. Kèngetan laré ingkang nama Moel manggèn ing pangkat III. Ladjeng dipoen timbali dipoen tedahi laré poenika nanging mangsoeli sanès saḍèrèkipoen. Moeljani inggih gèḍèg poenika dédé kakangipoen.

Nèng djam 1 laré-laré dipoen bibaraken. Sarèhning djawahipoen dèrèng terang, goeroe-goeroe sami ngentosi terangipoen roemijin ngiras omong-omong nakèni Moeljani poenika.

—„Ḍèk, goeroe bantoe, poenika wonten laré èstri madosi kakangipoen nama Moel. Kadospoendi tegesipoen! Poenapa Moeljadi, poenapa Moeljana, poenapa Moelja."

—„Namanipoen sinten laré èstri poenika?"

—„Namanipoen Moeljani."

—„Manawi nitik namanipoen laré èstri poenika, dados kakangipoen inggih nama Moeljana.

—„Pantjèn leres, koela inggih gaḍah gagasan makaten. Nanging ènget koela laré nama Moeljana boten wonten, wonten-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

ipoen namoeng Moeljadi, mangka Moeljadi ngaken boten gaḍah saḍèrèk laré poenika. Makaten oegi larénipoen inggih gèḍèg, nélakaken jèn dédé saḍèrèkipoen. Tjobi ḍi sampéjan takèni malih larénipoen."

—„Djenengmoe sapa nḍoek."

—„Djenengkoe Moeljani."

—„Omahmoe ngendi?"

—„Kana Magersari."

—„Magersari? Arak adoh Magersari koewé; toetoeg kéné dohé kira-kira 3 pos."

Moeljani kèndel kémawon kados laré bingoeng.

—„Kowé anaké sapa?"

—„Akoe anaké bapak, aḍiné kang Moel."

Goeroe-goeroe goemoedjeng mirengaken djawaban poenika asemoe welas.

—„Bapakmoe karo embokmoe apa isih?"

Moeljani manṭoek.

—„Saiki ana ingendi?"

Moeljani gèḍèg.

—„Kowé apa nggolèki kakangmoe Moel?"

Moeljani manṭoek.

—„Kakangmoe loenga menjang endi?"

—„Sekojah."

—„Sakolah ngendi"

Moeljani gèḍèg.

—„Nèk kowé ora bisa ketemoe kakangmoe kaprijé?"

Moeljani kèndel kémawon kalijan baḍé nangis.

—„Ḍi goeroe bantoe, tetéla manawi laré poenika laré Magersari, késah baḍé toemoet kakangipoen, wasana ladjeng kesasar-sasar. Mesakaken. Tjobi koela djaké mantoek roemijin, mangké koela lapoer ḍateng kapatihan."

—„Gendoek, apa kowé wis mangan?"

—„Oewis"

—„Mangan ngendi?"

„Mangan wajoeng, kana. Akoe maoe ndjajoek sega sing doewé wajoeng, dienèhi saboentel."

—„Kakangmoe Moel wis moelih maoe (apoes-apoes). Ajo kowé mèloe akoe baé daktemokaké kakangmoe."

Moeljani manṭoek.

Djawahipoen nalika samanten sampoen terang, goeroe-goeroe ladjeng sami mantoek sowang-sowang.

Sareng Mantri goeroe sampoen doemoegi ing grija, bodjonipoen kagèt, déné soemerep ingkang raka nganṭi laré èstri taksih alit, panganggénipoen teles sarta ramboetipoen réjab-réjab. Milaénggal meṭoekaken sarta pitakèn: „Mas. sing sampéjan kanṭi nikoe poetrané sinten?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Wangsoelanipoen mantri goeroe: „Mengko kowé dakkandani, jèn wis pada lebar mangan. Botjah iki salinana sandangan disik, bèn adja katisen awaké; mesakaké!"

Moeljani ladjeng katoentoen dateng wingking dipoen santoeni panganggé. Moeljani dipoen takèni kèndel kémawon, awit adjrih namoeng mandeng sapolahing bodjonipoen mantri goeroe.

Sareng sampoen sami bakda neda, mantri goeroe ladjeng tjarijos dateng bodjonipoen, wiwitan doemoegi wekasan. Ingkang raji mireng tjarijosipoen ingkang raka sanget trenjoeh ing manah. Moeljani ladjeng dipoen soekani neda, dipoen tjawisi ngombé. Sareng sampoen toewoek anggènipoen neda ladjeng dipoen djoengkati, noenten dipoen adjak lelinggihan ing ambèn, dipoen takèni katah-katah, pitakènipoen mèh sami kémawon kalijan pitakèn ingadjeng. Manawi Moeljani saged ndjawab, inggih dipoen djawab, jèn boten saged inggih namoeng toemoengkoel kémawon. Moeljani ladjeng kapoerih tilem inggih manoet. Sarèhné laré kesel sarta wetengipoen toewoek, pramila énggal tilemipoen.

Ing wantji djam 5 sonten mantri goeroe sowan dateng kapatihan, nglapoeraken lelampahan poenika, Moeljani inggih dipoen adjak. Mantri goeroe matoer soepados pandjenenganipoen bandara patih karsa énggal-énggal kintoen serat dateng Magersari, ngoeroes tijang sepoehipoen laré poenika. Sadèrèngipoen laré dipoen poeroegi déning tijang sepoehipoen, mantri goeroe kedoegi ngrimat sarta njekapi ing sadjanipoen.

Ing wekdal poenika pandjenenganipoen patih oegi ladjeng damel serat dateng Magersari, kados déné atoeripoen mantri goeroe waoe.

Sareng sampoen rampoeng perloenipoen, mantri goeroe ladjeng pamit mantoek. Moeljani lestantoen dipoen rimat radèn ngantèn mantri goeroe, saja lami saja resep ningali solah bawanipoen Moeljani. Larénipoen tansah tik-tikan badé njamboetdamel. Boten kénging wonten barang-barang ingkang boten leres doenoengipoen, sarta tjangkir piring ingkang reged, sanalika ladjeng dipoenkoembahi. Déné tilemipoen kempal abdi èstri. Manawi tangi adjeg roemijin pijambak, ladjeng nggoegahi abdi-abdi ingkang taksih sami tilem. Bakda tangi teroes adoes, noenten njandak sapoe njaponi djogan. Sanadjan mangké dipoen kaping kalihi abdi ingkang ageng, pijambakipoen inggih taksih asring njaponi kémawon. Resepipoen radèn ngantèn mantri goeroe dateng Moeljani saben dinten saja wewah, ngantos dados nama tresna.

Sampoen satengah woelan mantri goeroe dèrèng angsal katrangan saking kapatihan, mila ing wantji sonten ladjeng merlokaken sowan njoewoen priksa prakawis poenika. Keleresan serat wangsoelan saking Magersari saweg kémawon dateng, mila ladjeng dipoen paringaken dateng mantri goeroe, kapoerih maos pijambak. Menggah soeraosipoen serat makaten:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

No. 1426/85 Magersari 25 Maart 1905.

Dengan hormat.

Membalas andika ampoenja soerat No. 1564/85 tt. 7 Maart 1905. Adapoen anak perempoean jang bernama Moeljani kami tanja-tanjakan kepada loerah-loerah kadistrikan Magersari mendapat keterangan, ialah anaknja Prana-ardja toekang djoeal air dibatas kota Magersari djoega. Tetapi serta kami njatakan diroemahnja, kedapatan soewoeng; tidak ada orangnja jang menempati, sampai sekarang. Chabarnja itoe pak Prana pergi lari sama bininja sebab banjak pindjaman sama orang Arab. Boléh djadi anaknja ditinggal sadja. Sanak saudara dari keterangan loerah tidak ada.

Kemoedian soepaja mendjadi taoe toean Patih.

Wedana kota Magersari.

Mantri goeroe sareng soemerep soeraosing serat, ladjeng nglengger, saja welas ḍateng Moeljani, batosipoen baḍé kapenḍet anak babar pisan, ḍasar pijambakipoen boten gaḍah anak satoenggiltoengila. Sasampoenipoen omong-omong sawatawis dangoe wonten ing kapatihan ladjeng pamit mantoek. Wonten ing grija tjarijos ḍateng bodjonipoen sadaja soeraosipoen serat wangsoelan saking Magersari. Radèn ngantèn mantri goeroe brebel medal loehipoen mireng prakawis poenika, batosipoen inggih sami kalijan ingkang djaler nedija moepoe Moeljani. Witjantenipoen: „Mas mantri, jèn sampoen kantenan kados makaten, nijat koela Moeljani baḍé koela poepoe pijambak, ḍasar koela boten gaḍah anak; poenapa malih koela resep ningali sadaja solah bawanipoen Moeljani."

Wangsoelanipoen mantri goeroe: „Pikirkoe tjotjog karo karepmoe. Akoe sèwoe djoemoeroeng moepoe botjah koewé. Adja tanggoeng-tanggoeng, ija diragadi temenan, dianggep kaja anaké ḍéwé, adja nganti kaja anak poepon."

Wangsoelanipoen radèn ngantèn mantri goeroe: „Koela tementemen baḍé nḍèrèk ḍawoeh sampéjan, nijat koela damel kados anak pijambak, moegi-moegi Goesti Allah nebihna goḍa rentjana sarta ndjoeroengana sedyaning manah koela tijang kekalih."

Mantri goeroe mangsoeli: „Bener tjelaṭoemoe ikoe. Saiki botjah kijé arep daklih djenengé aran: Rara Soebekti."

Radèn ngantèn mantri goeroe nḍèrèk sakarsanipoen ingkang raka. Wiwit dinten poenika Moeljani kapinḍah nama dados rara Soebekti.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

V. Awoning manahipoen wèrek Ḍèli.

Bok Prana-ardja loemampah oeroet pinggir margi ageng mangalèr kalijan koeḍoeng sléndang, boten kantenan ingkang katoedjoe, sakeḍap nolèh sakeḍap kèndel ngawasaken tijang ingkang sami langkoeng, bokmanawi sémah oetawi anakipoen ketingal ingrikoe. Ingkang makaten waoe tanpa wasana. Ngantos djam 10 sijang boten kepeṭoek oetawi soemerep ḍateng laki sarta anakipoen. Lampahipoen bok Prana-ardja waoe iring-iringan kalijan tijang èstri nama bok Goena, nanging bok Goena loemampah ing wingking. Sadangoenipoen loemampah, bok Goena tansah ngawasaken solahipoen bok Prana kémawon saking wingking, boten poeroen nglantjangi oetawi njarengi. Dangoe-dangoe genah ing panjana, manawi bok Prana poenika saweg nanḍang soesah. Sareng sampoen terang pangintenipoen, ladjeng oendang-oendang saking wingking: „Bakjoe bakjoe! sampéjan manḍeg sakeḍap, koela adjeng njarengi."

Bok Prana nolih ladjeng kanḍeg, ngentosi sarta mandeng ḍateng bok Goena. Witjantenipoen:

—„Sampéjan napa oendang-oendang koela?"

—„Enggih."

—„Onten napa, kok mawi oendang-oendang?"

—„Adjeng koela djak sarengan mlampah, tijang mlampah boten onten sarengané omong-omong nikoe kok wangoené sepi, boten patia seneng, toer gelis kesel. Awi ta lèrèh seḍéla linggih tanggoel ngriki milih sing aoeb, panasé kok soemelèt; kalih malih sampéjan koela sawang-sawang kok empoen ragi kesel."

—„O, enggih; pantjèné nèk dirasakaké, koela niki empoen kesel, lah wong mlakoe wiwit djam 6 ésoek nganti djam 10, ngatasé wong wadon empoen loewih saking taker; moeng boten koela rasakaké mawon, kebekta saking bingoeng sarta soesahing ati."

—„Lah, mila; awi ta lèrèn saḍéla ngriki. Niki lo nginang-nginang, napa neḍa djadjanan. Koela waoe entas toekoe djadjanan kanggé olèh-olèh anak koela. Nanging boten dados kawis, mangké toekoe malih gampang."

Bok Prana mitoeroeti paneḍanipoen bok Goena, ladjeng sami lèrèh linggih ing tanggoel sapinggiring margi, milih papan ingkang ajom. Limrahipoen tijang èstri Djawi ingkang dojan nginang manawi dipoen tawèni poenika sasat tijang ngorong dipoen tawèni ngombé. Mangka wiwit éndjing bok Prana dèrèng nginang oetawi kelebetan poenapa-poenapa. Mila sareng dipoen tawèni nginang inggih ladjeng dipoen tanggapi. Tijang kalih sami nginang pating tjramoek adjeng-adjengan kalijan omong-omong. Bok Goena pitakèn:

—„Bakjoe sampéjan sandjang soesah sarta bingoeng nikoe sing disoesahaké sarta dibingoengaké napa?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„O, nèk sampéjan koela tjritani kasoesahan koela sedanten boten rampoeng 3 djam, sarta mesṭi ladjeng nḍawahaké loeh."

—„Elo, kepripoen ta, kepripoen? Bok sampéjan tjritakaké kabèh, ning tjekak mawon."

—„Tjekaké koela niki nggolèki bodjo kalih anak koela loro lanang wédok. Bodjo koela loengané waoe bengi tanpa pamit, sandjangé adjeng golèk pagawéan. Anak koela loro lanang wédok enggih mèloe loenga."

—„É, é, kok bagoes wong lanang djaman saniki, gih, loenga tanpa pamit. Anak bodjo ditinggal boten diwènèhi ingon. Pijambaké bésoek rabi malih teng nagara mantja, lali anakbodjoné sing empoen lawas nglabeti lara lapa."

—„O, o, ampoen kliroe tanpa ḍi. Nèk wataké bodjo koela boten mekoten. Loengané onten sababé, boten kok lali teng awak sarta anak koela. Nanging sababé nikoe boten perloe koela boekak, tjoekoep koela anggo ḍéwé. Nijat koela senadyan doegi poendi mawon, laki sarta anak koela adjeng koela soesoel."

—„Adjeng sampéjan soesoel nikoe késahé teng poendi?"

—„Koela boten weroeh teng poendi djoedjoegé bodjo koela, nanging enggih meksa adjeng koela golèki saketemoené, sanadyan koela réwangi ngemis, koela temah."

—„Saoepami bakjoe onten sing adjeng ngrabèni malih napa poeroen?"

—„O, ḍi, paribasan koela dikarsakaké teng prijaji loehoer pisan oetawi di-imingi-imingi ḍoewit sing akèh, koela soeṭik; wong koela niki teksih doewé bodjo. Tjekaké koela prasetya, nadjan ngantia djamboel wanen koela boten adjeng laki malih, moeng bodjo koela sing koela adjeng-adjeng ketemoené."

Bok Goena roemaos boten saged nginggahi ginemipoen bok Prana. Wangoenipoen temen-temen anggènipoen baḍé madosi lakinipoen, boten poeroen dipoen rembagi kapoerih sémah malih. Witjantenipoen bok Goena: „Bakjoe, koela pertjaja teng kadjengé bakjoe, temen-temen angsalé madosi sémah, kabekta saking geḍéning tresna. Nanging koela doewé pamrajoga."

—„Pamrajoga napa?"

—„Sadèrèngé ketemoe kalih bodjo, sarta anak sampéjan, bok enggih njamboet gawé ngiras ngroengok-ngroengokaké teng poendi doenoengé bodjo sarta anak sampéjan nikoe. Toer sampéjan boten aran wong nisṭa, awit sampéjan waoe empoen kewetoe basa sampéjan adjeng sampéjan réwangi ngemis napa. Déné nèk sampéjan njamboet gawé, toerahané sing sampéjan pangan, ditjèlèngi samangsa-mangsa bisa ketemoe karo anak bodjo, sampéjan bisa gawé boengah noekokaké napa-napa teng anak sarta teng bodjo. Nikoe sing aran wong wadon oetama. Bokmanawa malah bandjoer woewoeh tresnané bodjo sampéjan. Goenem koela niki moeng sablakané lo, boten ndjlomprongaké."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Bok Prana mireng ginem makaten ragi ledjar, poenapa malih pantjèn bok Prana tijang ingkang remen sarta sregep njamboet damel. Witjantenipoen ḍateng bok Goena: „Padamelan napa sing kena koela lakoni. Adjeng dodolan empoen boten doewé pawitan. Adjeng boeroeh tandoer dèrèng mangsané. Nèk ketampaa ngoten koela adjeng ngèngèr prijaji mawon, sanadjan bajar saṭiṭik koela enggih gelem nglakoni, ngiras soemerep oenggah-oenggoeh, tatatjaraning prijaji. Toer bokmanawa bisa mitoeloengi ngamboe amboe doenoengé bodjo koela."

—„Bakjoe, baṭiné napa mèloe prijaji, tiwas awaké kesel boten olèh kesenengan napa-napa, marga loemrahé bajaré siṭik, gawéné abot, pangané enggih siṭik, koedoe nrima saontené; enggoné njanḍangi penḍak taoen ming sepisan, toer boten moerwat. Aloe-woeng sampéjan mleboe dadi baboe oetawa koki Landa, bajaré akèh, sanḍang pangan tjoekoep. Bajaran nikoe sing bakal agawé senenging wong lanang sarta anak sampéjan bésoek, marga bisa ngloempoek akèh. Toer Landa nikoe djembar polatané ngoengkoeli prijaji, bokmanawa bisa nemokaké toemoeli teng bodjo sarta anak sampéjan."

Bok Prana mireng ginem makaten poenika bjar paḍang nrawang manahipoen, pantjèn ginemipoen bok Goena poenika leres sadaja, manawi dipoen lampahi saged saé kadadosanipoen. Poenapa malih batosipoen bok Prana: „Wong wadon koewat pira nggolèki parané wong lanang; masṭi manḍeg ing dalan. Loewoeng manoet goenemé bok Goena koewé. Bokmanawa ing tembé bisa ketemoe anak bodjo, sawisa akoe mrabot oetawa nggémbol apa-apa, ora ngoetjiwani." Bok Prana kanṭi soemèhing oelat pitakèn ḍateng bok Goena: „Ḍi, kepripoen angsal koela adjeng mleboe dadi baboe oetawa koki Walanda, marga koela dèrèng naté ngawoela Landa, sarta boten bisa olah-olahan tjara Landa."

– „O, prakara nikoe gampang, joe. Koki-koki lijané nikoe napa waoené enggih empoen bisa olah-olah tjara Landa? Rak enggih dèrèng; sami mawon kalih sampéjan. Bisané saka siṭik, mangké njonjahé sing noentoen oetawa moeroeki. Nèk empoen bisa lagi dietjoelké ḍéwé. Déné prakara dadi baboe nikoe loewih déning gampang: angger bisa njratèni momongané empoen tjoekoep. Terkaḍang baboe nikoe sok nemoe moelja, anggeré sinjo oetawa noni momongané banget tresnané. Ngalih teng poendi-poendi diadjak mawon; nèk boten gelem enggih dipeksa-peksa dikon mèloe, ning bajaré dioenḍaki. Terkaḍang manawa momongané empoen geḍé oetawa empoen njamboetgawé, enggih boten lali, baboe sing ngroemati dimoeljakaké, digawé seneng. Lah, nikoe baṭiné wong ngèngèr Landa. Boemi langit bédané kalih prijaji Djawa."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Enggih, koela teka kepéntjoet kroengoe goenem sampéjan. Gèk sinten sing adjeng nglebetaké koela dadi baboe oetawa koki nikoe?"

—„Nèk sampéjan njata nggoegoe goenem koela sarta mantep, mangké koela golèk-golèkaké bendara. Koela niki enggih dadi koki, sing koela kawoelani ndara njonjah Jan. Blandja koela sesasi f 10.— mangan djero, olèh sandangan sataoen ping pindo, olèh kamar déwé. Blandja koela sing 3 ringgit koela tjèlèngi. Koela empoen bisa njantèl-njantèlaké sandangan lan omah sapakarangané. Koela enggih doewé bodjo, wong lanang koela dadi djongosé toewan Pieter, nanging pisah teng negara Sidamoekti. Mèh saben Minggoe tilik koela mriki, oetawa koela sing mrika. Tjekaké wektoené saniki koela niki saboboté awak koela empoen kena diarani moelja, boten koerang sandang pangan, doewit enggih simpen, omah enggih doewé. Daweg adjeng napa malih. Mangka koela lan bodjo koela boten doewé kabisan sing aloes, pawitané moeng baoe soekoe lan ati temen sarta sregep teng gawé. Nèk poeroen nampa, mangké sampéjan adjeng koela atoeraké teng ndara koela njonjah Jan mawon, dadi koki no. 2, idep-idep ngréwangi koela. Kira koela sampéjan diparingi blandja 3 ringgit mangan djero, sarta olèh sandangan setaoen ping pindo kaja koela niki. Déné nèk boten gelem nampa, sampéjan adjeng koela atoeraké ndara njonjah Pieters, ndarané bodjo koela; ming kari walak-walak begdja sampéjan mawon."

—„Enggih, koela manoet sakarep sampéjan, angger betjik dadiné."

—„Ampoen koewatir, sedanten koela sing tanggoeng, sampéjan meroehi betjiké mawon, dawek ta glijak-glijak mangkat, moempoeng tesih rada ésoek."

—„Enggih daweg."

Tijang kekalih ladjeng sami sesarengan loemampah noedjoe dateng grijanipoen njonjah Jan.

Katjarijos njonjah Jan poenika dados agèning koeli kontrak dateng Dèli, nanging ingkang dipoen padosi namoeng koeli-koeli èstri kémawon. Pinten-pinten tijang èstri ingkang sampoen kabekta dateng Dèli kénging pikatipoen. Kasoegihanipoen saja ndedel, margi kerep nampi gandjaran saking pangagenging pakempalan kaboedidajan ing Dèli.

Grijanipoen gedong ageng magrong-magrong saé, doemoenoeng sadjawining kita tebih, pasang rakitipoen prasasat grija setatiran pabrik. Rèntjang djaler èstri tjekap katahipoen, gadah motor toewin kréta, kapalipoen inggih katah toer saé-saé. Rèntjang-rèntjang waoe sadaja sampoen pilihan sami djoelig-djoelig anggènipoen nindakaken boedjoek aloes. Mila sadaja tijang ingkang kènging boedjoekipoen rèntjang ngrikoe katah kèloenipoen.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Moerih boten ketawis padamelanipoen ingkang makaten poenika, njonjah Jan njambi njéwa sabin sarta ngoejang pantoen, mila mèh sadaja tijang boten njana jèn ngrikoe poenika panggénan pangalapan, kakinten soegihipoen margi saking anggènipoen dagang pantoen toewin njéwa sabin. Nanging jektosipoen boten; kasoegihanipoen sarta grija sapirantosipoen poenika mèh sadaja saking pakempalan kaboedidajan ing Dèli.

Sadatengipoen bok Goena sarta bok Prana, njonjah Jan gita metoekakan sarta pitakèn: „Bok Goena, terlaloe lama kowé pegi; kowé bilang tjoema 1 hari, sampé sekarang soedah ada 3 hari."

—„Ndara njonjah, minta ampoen sadja, kangen ketemoe sama anak bini. Ini tadi mèh sadja tidak poelang lagi."

—„Ah bosen, lagi-lagi bilang ketemoe anak bini; ja ta' djadi apa, asal kowé baik kerdjamoe sadja dan radjin. Kowé bawa orang itoe sapa?"

—„Ndara njonjah ini saja dapat soedara baroe. Saja liat bersih, dan roepanja atinja baik. Kaloek ndara njonjah soeka, dia maoe saja atoerkan ndara njonjah sadja, bikin koki no. 2 biar ada njang réwang-réwang saja."

—„Sapa namanja itoe orang dan apa soedah ada laki?"

—„Namanja bok Prana-ardja; dia soedah ada laki, apa lagi anak, tapi laki dan anaknja sekarang pegi lari semoea. Dari itoe saja kasihan sama ini orang."

—„Apa boléh dipertjaja?"

—„Boléh; saja njang tanggoeng, ndara njonjah."

„No, baik saja kasih gadji seboelan f 6,— makan sini, dapat pakéan, bésoek saja tambah lagi kaloek pekerdjaannja baik dan radjin."

Bok Prana-ardja ladjeng dipoen soekani kamar pijambak ingkang pantjèn kanggé sedjan tijang-tijang ingkang kénging pikat, saben tijang satoenggal angsal kamar satoenggal, boten kénging awor, perloenipoen sampoen ngantos tjotjog-tjotjogan ginem. Mèh saben dinten kénging katemtokaken angsal tijang. Sadèrèngipoen dipoen angkataken, wonten ingrikoe dipoen bebahi padamelan sadamel-damelipoen, wonten ingkang oembah-oembah, njapoe, nggebeg séndok porok lading, mépé pantoen, nggentang, oendoeh-oendoeh wowohan. Tijang-tijang ingkang sami kénging pikat ketingal seneng, déné boten kirang teda toewin kinangipoen, toer padamelanipoen moerwat, poenapa déné tansah karoban oelat soemèh toewin temboeng manis déning ingkang gadah grija. Mila batosipoen sami roemaos begdja, déné tijang mlarat anggoeran ladjeng wonten ingkang njoekani padamelan toewin sandang teda tjekap. Toemrap tijang ingkang gadah manah pandjang, patrap makaten poenika mesti njala wadi. Dédé sanak dédé kadang teka poeroen njoekani teda sarta blandja toewin

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

djadjan. Dados sadaja patrap saé ingkang boten pinanggih ing nalar, poenika masṭi wonten pamrihipoen. Adat saben manawi anggènipoen masang pikat sampoen nglempak 5, njengkanipoen 10, tijang-tijang waoe ladjeng sami dipoen angkataken noempak motor. Bok Prana-ardja wonten ingrikoe saweg pikantoek 3 dinten, tetijang ingkang sami kénging pikat sampoen 10 kalijan pijambakipoen. Ing wantji djam 8 éndjing tetijang waoe sasampoenipoen dipoen sarapi sadaja, njonjah Jan moeroegi panggénanipoen tijang-tijang waoe sarwi witjanten: „Bibi-bibi kabèh, akoe tampa lajang saka sadoeloerkoe ing nagara Sidamoekti, ndjaloek toeloeng njilih batoerkoe siṭik-siṭiké 10, perloené dikon ngoendoehi nanas, djeroek, pala, sawo, moesoni kapoek, mépé pari, noetoe, derep l. l. l awit ḍèwèké dadi toewan tanah, sawahé pirang-pirang baoe, keboné ija pirang-pirang baoe. Saiki kekoerangan wong wadon, marga batoer-batoeré akèh kang paḍa pamit moelih, tilik anak bodjoné. Déné kowé kabèh ija bakal diwènèhi bajaran, sadinané satali sarta ditjaḍong pangan sadina ping pinḍo, apa déné ditjawisi kinang barang. Samangsa-mangsa wis rampoeng gawémoe, kowé daksakarep; bali mréné manèh ija daktampani, teroes mèloe sadoeloerkoe ija kena." Tijang-tijang waoe mireng ginemipoen njonjah Jan sami saoer peksi poeroen, namoeng bok Prana-ardja ingkang saoeripoen ragi tjemplang, awit wonten ingrikoe saweg 3 dinten teka baḍé dipoen angkataken malih, dados mesṭi boten saged tentrem manahipoen, sarta boten saged ngambet-ambet doenoenging anak bodjonipoen. Nanging sadaja poenika rèhné sampoen keladjeng, inggih baḍé dipoen lampahi; manawi raosipoen boten kraos, baḍé neḍa pamit medal, wangsoel ḍateng grijanipoen njonjah Jan malih oetawi pados padamelan sanès.

Wantji ngadjengaken djam 9 motor kekalih sampoem saḍija. Tetijang ingkang baḍé dipoen angkataken ladjeng dipoen tata linggihipoen wonten salebeting motor. Nèng-nèng djam 9, motor wiwit loemampah, saja dangoe saja banter sasat boten ngambah siti. Tijang-tijang pikatan waoe kaṭah ingkang seneng, déné salaminipoen boten naté noempak motor; batosipoen: bèndjing manawi mantoek toewi saḍèrèk oetawi anak bodjonipoen baḍé pamèr, manawi sampoen naté ngraosaken noempak motor.

Lampahing motor mampir ing dalemipoen pangageng ingkang mesṭi nampèni palapoeran kontrakan. Sadaja sami mandap ngaḍep pangageng waoe, sami dipoen dangoe poenapa sami poeroen nglampahi padamelan ingkang baḍé kasanggi. Bawanipoen tijang èstri saking ḍoesoen dipoen dangoe pangageng, boten wonten malih wangsoelanipoen, kedjawi namoeng matoer: poeroen. Namoeng bok Prana ingkang kèndel kémawon, saja dangoe saja boten sakétja manahipoen.

Mripatipoen tansah nolah-nolèh ḍateng tijang ingkang ngiring-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

aken. Sasampoenipoen rampoeng pandangoenipoen, tijang-tijang sami dipoen prèntahi noempak malih, motor bablas ngener ḍateng ḍépo, panggénanipoen tjelak palaboehan.

Katjarijos bok Prana saja wewah melang-melang manahipoen, samangké sampoen ragi ngraos, manawi kénging ing apoes baḍé kabekta ḍateng tanah sabrang. Saoepami sageda, pijambakipoen baḍé andjlog saking motor nedya loemadjeng. Kekenṭelaning manah, mangké saoepami meḍoen saking motor nedya mladjeng. Lampahing motor sampoen doemoegi ing ngadjenging ḍépo. Grijanipoen ageng, dipoen pageri kawat ri moebeng, kados tjaranipoen pakoendjaran. Ingiebet kebak isi tijang pinten-pinten atoes sami pating krintip ing kori, ningali motor ingkang saweg ḍateng.

Bok Prana saja tjeṭa pangintenipoen, manawi kénging apoesipoen wèrek Ḍèli. Boten saranta, sareng motor sampoen manḍeg greg, bok Prana manḍap djlog, mbalik wangsoel loemadjeng sipat koeping kalijan toeloeng-toeloeng sakajangipoen: „Toeloeng! toeloeng! toeloeng! akoe diapoesi wèrek, arep digawa menjang Ḍèli." Tijang-tijang ing ḍépo sami tjep kèndel, sadaja tjingak ningali pladjengipoen bok Prana. Wèrek ingkang kedjibah ngiringaken trangginas noetoeti pladjengipoen. Tjiptanipoen: „Pira banggané wong wédok, mangsa ngantia ngenḍokaké saboekkoe. Katogna plajoemoe, ara woeroeng ija ketjanḍak, toer bakal lara awakmoe, remoek déning kenoetkoe."

Katjarijos ing pinggir margi kaṭah tijang djaler èstri saking mantja nagari perloe nglari sanak saḍèrèk oetawi anakipoen ingkang sami itjal kabekta wèrek Tetijang waoe sami ngoelatoelataken bokmanawi ingkang dipoen lari waoe ketingal, nanging anggènipoen ngentosi tanpa wasana. Mila manahipoen saja dangoe saja bebek, djèngkèlipoen goemolong dados satoenggal ḍateng kalakoeanipoen wèrek. Saoepami soemerepa ḍateng woedjoedipoen wèrek, batosipoen masṭi leboer déning kepelanipoen, tékadipoen begdjan-begdjan poendi ingkang rebah roemijin. Nalika tijang-tijang waoe pating klesik omong-omong prakawis poenika, mireng tijang toeloeng-toeloeng margi dipoen apoesi wèrek. Djenggirat sami ngawasaken leresing swara, soemerep tijang èstri kaboedjeng tijang djaler, sadaja nginten manawi ingkang mboedjeng poenika wèrek, pramila boten sabar malih bjoek watawis tijang djaler 10 sami ngaḍang-aḍangi pamboedjengipoen wèrek. Ingkang dipoen aḍang-aḍangi moering-moering, ngobat-abitaken kenoetipoen, ngèngingi salah satoenggalipoen ingkang ngaḍang-aḍangi. Bawanipoen tijang sampoen ngandoet pangigit-igit, mangka ingkang dipoen igit igit poenika waoe sampoen kepanggih, kaṭik menṭoeng roemijin, mila nir baja nir wikara nradjang poeroen, anggeloet ḍateng wèrek. Makaten oegi tijang sanèsipoen inggih sampoen lami anggènipoen ngantjam-antjam ḍateng wèrek, pramila sadaja kèmawon poeroeging biṭi lan penṭoeng ḍoemawah

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

ḍateng badanipoen wèrek, kenoet karèt ingkang dipoen tjepengi wèrek karebat kadamel moepoeh ingkang gaḍah. Wèrek ambroek ing siti, namoeng kantoen keteg kémawon, badanipoen sakodjoer goebrah rah, sasat sampoen itjal sipatipoen. Boten antawis dangoe poelisi ḍateng, njapih anggènipoen sami nangani. Wèrek dipoen takèni sampoen boten saged soemaoer. Tetijang sami ngaken, pantjèn sampoen lami anggènipoen ngintjim-intjim baḍé nglabrag wèrek. Karampoenganipoen wèrek kabekta ḍateng grija sakit, tetijang ingkang sami nangani dipoen bekta ḍateng kaḍistrikan. Pladjengipoen bok Prana-ardja teroes ḍateng aloen-aloen, sedyanipoen baḍé mlebet ḍateng dalem kaboepatèn njoewoen pangaoeban ingkang boepati.

VI. Mareming manah.

Gentos katjarijos lampahipoen pak Prana-ardja, ingkang nilar balé grija sarta anak bodjonipoen, soemedya késah ngoepados pedamelan. Saoepami pijambakipoen pamitan ingkang èstri temtoe boten pikantoek, déné aroengan kasoesahan warni-warni. Mila tékadipoen inggih tanpa pamit késah ing wantji daloe. Lampahipoen ngener mangilèn boten mawi kèndel. Ing wantji djam 11 sijang lèrèh wonten sapinggiring margi, linggih ing panggénan ingkang ajom: manah manah poendi ingkang baḍé dipoen djoedjoeg.

Bawanipoen neḍeng-neḍenging bentèr, toer pak Prana-ardja waoe saking grija dèrèng klebetan poenapa-poenapa, mangka loemampah tebih, mila wetengipoen ngongkloh, gorokanipoen garing. Lingak-lingoek baḍé ngombé boten wonten toja, dilalah soemerep teboe salondjor goemléṭak ing tengah margi. Pak Prana-ardja trangginas mendet teboe ingkang goemléṭak waoe, teroes dipoen sesepi kraos nikmat. Loewé sarta ngorongipoen prasasat itjal déning teboe waoe. Sareng anggénipoen nesepi telas satengah londjor, wonten politie-dienaar bangsa Timoer kekalih moeroegi panggénanipoen pak Prana-ardja, witjanten sarwi toedang-toeding: „Ini orang tjoeri teboe! ini orang tjoeri teboe! ajo tangkap." Pak Prana ngétja-étja anggènipoen nesepi, boten ngertos manawi kénging dakwa, ngertosipoen sareng teboenipoen dipoen reboet sarta dipoen tjepeng tanganipoen. Pak Prana-ardja pitakèn:

—„Saja ini maoe diapaken?"

—„Kowé tjoeri teboe pabrik, mesti saja tangkap, saja bawa diroemah Assistent Wedana!

—„O saja tidak tjoeri!"

—„Apa, kowé moekir? Ini teboe jang kowé makan dari mana? Ini terang teboe pabrik."

—„Ini saja nemoe disitoe. Saja tidak tjoeri."

—„Banjak tjingtjong! Ajo toeroet saja; kapan kowé dakmaoe, saja poekoeli orang doea."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Pak Prana-ardja roemaos boten saged mbantah ginemipoen politie-dienaar kalih waoe, sarta mesti boten saged nanggoelangi, mila inggih ladjeng manoet-mitoeroet kémawon, tangan kiwa tengen dipoen dabjang poelitie-dienaar kalih, kabekta dateng kaonderan; tirahan teboe sarta koelit inggih kabekta kadamel boekti.

Menggah teboe ingkang dipoen panggih pak Prana waoe njata manawi teboe pabrik. Wontenipoen glétakan ing margi poenika kilap dawah saking grobag, kilap pasangan.

Politie-dienaar poenika abdinipoen Kangdjeng Goepermèn. Rinten daloe giliran kabantokaken dateng kebon teboe, margi saking panedjanipoen toewan pabrik. Manawi pinoedjoe djagi kebon teboe inggih tampi pasangon saking pabrik, saroepijah tijang satoenggal ing sadinten. Manawi saged njepeng tijang njolong teboe oetawi mbesmi kebon teboe inggih pikantoek gandjaran samoerwatipoen. Saoepami njepeng kados pak Prana waoe masti tampi gandjaran saroepijah. Sadaja poenika ingkang ngedalaken jatra inggih pabrik. Mila para politie-dienaar ingkang kabantokaken ndjagi kebon teboe tjag-tjeg kerep njepeng tijang, margi mélik gandjaran. Pak Prana lastantoen kabekta dateng kaonderan, dipoen dangoe assistent-wadana saperloenipoen. Sanadjan pak Prana-ardja kipa-kipa roemaos boten njolong teboe, ngaken manawi manggih, nanging inggih masti klebet ing rélas, djalaran keboektèn poenapa malih dédé tijang bawah negari ngrikoe. Pak Prana loemados ing rol tampi oekoeman 8 dinten wonten ing pakoendjaran Sidamoekti. Raosing manahipoen pak Prana angles, bajoe kados dipoen lolosi, dangoe-dangoe moepoes.

Sereng sampoen nglampahi oekoeman 8 dinten, pak Prana-ardja medal saking pakoendjaran. Rangoe-rangoe manahipoen kèngetan anak bodjo ingkang dipoen tilar; nanging ladjeng dipoen sesoepé, batosipoen badé noehoni djandji, nedya ngladjengaken tékadipoen bebara njamboetdamel kanti temen-temen. Oekoeman ingkang nembé doemawah ing badanipoen dados wewoelang, mewahi pangatos-atosipoen. Sedyanipoen pak Prana-ardja badé dados koeli sepoer ing setatsijoen Manggihardja. Mila samedalipoen saking pakoendjaran, inggih ladjeng dateng setatsijoen Manggihardja, adjang-adjang bokmanawi wonten tijang ingkang mbektakaken barang-barang.

Setatsijoen Manggihardja poenika ramé, dados babagan pratigan margi sepoer, mila sadinten-dinten tansah kebak tijang ingkang badé kekésahan oetawi mandap toewin gantos sepoer. Pak Prana-ardja gadah sedya gantos nama pak Kartadrana. Sanadjan koeli-koeli ingkang sami njamboetdamel ingrikoe katah sanget, pak Kartadrana inggih boten kapinten, saged angsal pandoeman bebektan barang. Watekipoen pak Kartadrana sabar lan nrimah boten naté mangsoelaken épahan, paribasan dipoen épahi sabribil

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

inggih dipoen tampèni, malah manawi wonten tijang sepoeh ingkang wangoenipoen mlarat kętoejoek-kętoejoek mbekta barangipoen, pak Kartadrana boten manah barangipoen tijang sanès, namoeng perloe noeloengi mbektakaken barangipoen tijang sepoeh waoe sarta kaprenahaken ing panggénan ingkang prajogi, oetawi katedahaken sepoer ingkang badé dipoen toempaki, toer boten poeroen manawi dipoen épahi, éklas anggènipoen tetoeloeng. Manawi pak Kartadrana manggih barang kantoen, ladjeng dipoenatoeraken toewan chef, djindja lelampahan ingkang sampoen kelampahan. Sanadjan wonten tetędan tirahan sangoenipoen tijang ingkang noempak sepoer, babar pisan boten poeroen ngemèk, agengipoen nęda.

Watek ingkang makaten waoe dados pangalemanipoen bakoel-bakoel oetawi djoeragan djoeragan ingkang wira-wiri noempak sepoer ingrikoe. Mila sampoen lajak kémawon pak Kartadrana waoe dados lengganipoen djoeragan-djoeragan oetawi bakoel-bakoel; sanadjan namoeng mbekta barang ingkang ènțèng oetawi pantes dipoen bekta pijambak meksa dipoen soekakaken pak Kartadrana kapoerih mbektakaken. Toewan chef sarta para condecteur inggih sami ngjektosi wewatekanipoen pak Kartadrana, déné kerep manggih barang-barang boten poeroen ngepèk. Sarèhning sampoen kasoemerepan temenipoen, kala-kala kapoerih toemoet djagi setatsijoen oetawi goędang ing wantji daloe kanți épahan moerwat. Angsal-angsalanipoen ngoeli ing saben dintenipoen ragi loemajan, ingkang kateda samoerwatipoen kémawon satirahipoen ingkang kateda kaklempakaken.

Wiwit kala samanten gesangipoen pak Kartadrana ragi mrintis malih, manahipoen ragi tentrem, déné sakędik-sakędik sampoen saged njèlèngi, tjiptanipoen badé kaleksanan ingkang dados èsțining manah.

Katjarijos Moeljana kabekta dateng grijanipoen toewan pandita ing nagari Sendangmoelja. Toewan pandita ladjeng njebar serat dateng prijantoen pangrèhing pradja ing nagari poendi-poendi, nęda toeloeng bokmanawi kampoeng oetawi doesoen bawahipoen kanggénan tijang nama pak Prana-ardja, kapoerih soeka soemerep. Let sawatawis dinten toewan pandita waoe tampi wangsoelan, soeraosing serat-serat sami njeboetaken, manawi tijang nama pak Prana-ardja ing bawahipoen boten wonten. Toewan pandita ladjeng takèn dateng Moeljana:

—„Moeljana, iki akoe wis olèh wangsoelan lajang pirang-pirang, nélakaké jèn bapakmoe ora ana. Saiki kaprijé karepmoe."

—„Toewan, manawi boten saged pinanggih toemoenten, inggih koela srantosaken béndjing-béndjing."

—„Lah, kowé apa arep moelih menjang omahmoe."

—„Saoepami koela mantoek, sinten ingkang mragadi sekolah koela, mestinipoen anggèn koela sakolah ladjeng boten saged

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

teroes, awit kapoerih rèntjang-rèntjang embòk anggènipoen sadèan kémawon."

Toewan pandita sareng mireng ginemipoen Moeljana makaten ragi trenjoeh ing manah, batosipoen nedya mitoeloengi.

—„Moeljana, jèn karepmoe mangkono, kowé anaa ing kéné baé, akoe kang bakal njekolahaké, toer sekolahané loewih dhoewoer tinimbang sekolahanmoe bijèn. Kowé jèn sekolah kéné bakal diwoelang tjara Walanda, matja lajang-lajang kang apik banget soerasané."

—„Koela ndèrèk karsanipoen toewan kémawon, sok oegi koela saged sekolah malih."

—„Ija, adja koewatir, akoe sing bakal njekolahaké."

Let sawatawis dinten Moeljana ladjeng kalebetaken pamoelangan Holl. Jav. school met de Bijbel ing nagari ngrikoe. Moeljana ketingal bingah manahipoen, déné sekolahanipoen langkoeng saé, langkoeng ageng sarta katah sanget gambar-gambaripoen. Goeroenipoen katah: Walandi sarta Djawi. Sarèhné Moeljana poenika dasaripoen pantjèn laré lantip toer pantjèn saé pambekanipoen, mila inggih ladjeng ondjo kémawon kasagedanipoen, dados pangalemaning para goeroe.

Toewan pandita saja lami saja tresna dateng Moeljana, kabekta saking pasemonipoen ngresepaken, sregep ing damel sarta resikan, boten naté dolan. Ingkang dipoen oedi namoeng sinaoe sarta padamelan ing grija: wonten kémawon ingkang dipoen tindakaken. Moeljana saben taoen minggah pangkat; kasagedan, kalakoean sarta kasregepanipoen dados pangaleman, adjeg dhoemawah nomer satoenggal. Lami-lami Moeljana ngertos, jèn ingkang dipoen soewitani poenika imamipoen agami Kristen, sarta kerep ngrasoekaken tijang Djawi mlebet dateng agami Kristen. Déné pamoelangan Holl. Jav. school met de Bijbel poenika inggih sambet kalijan agami. Nanging tékadipoen Moeljana, sadaja agami sami noenggil kadjeng dateng kasaénan, namoeng kantoen milih poendi ingkang dipoen antepi.

Nalika ndoengkap ing klas 6, oemoeripoen Moeljana 13 taoen, roemaos manawi wantjinipoen tetak. Mila ing satoenggiling dinten noedjoe sela ing damel matoer dateng toewanipoen, njoewoen dipoen tetakaken. Toewan pandita mangsoeli, badé mitoeroeti ingkang dados panjoewoening anakipoen emas (poepon), djalaran boten poeroen meksa akèn nilar adatipoen Djawi.

Ngadjengaken woelan liboeran, toewan pandita ndatengaken dokter Djawi kapoerih netaki Moejana. Sasampoenipoen paripoerna sadaja, toewan pandita ladjeng karsa omong-omong kalijan dokter Djawi, njarijosaken lelampahanipoen Moeljana wiwit kapoepoe ngantos samangké; mèh sadaja padamelan ingkang katindakaken Moeljana damel leganing manahipoen ingkang akèn.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Sareng sampoen sawatawis dangoe anggènipoen omong-omong ladjeng sami bibaran.

Samangké gentos njarijosaken Moeljani, ingkang kapindah nama rara Soebekti. Sareng sampoen wantjinipoen sekolah ladjeng kalebetaken sekolah H. I. S.

Pangrengkoehipoen radèn ngantèn mantri goeroe boten mantra-mantra bilih anak poepon, sampoen kados anak anggènipoen jejoga pijambak kémawon, makaten oegi ingkang raka. Kasagedan, kalakoean sarta kasregepanipoen rara Soebekti boten béda kalijan Moeljana, pramila goeroenipoen Walandi Djawi inggih toemoet tresna.

Oemoer 13 taoen rara Soebekti sampoen doemoegi ing pangkat 7. Kedjawi sinaoe bab kasagedan wonten ing pamoelangan, inggih kagoelang padamelan njongkèt olah-olah sarta tata-krama Djawi. Sadaja ingkang dipoen woelangaken saged nampi sarta dipoen éstokaken kalijan temen-temen. Panganggepipoen rara Soebekti dateng rama-iboe angkat inggih sampoen kados tijang sepoehipoen pijambak.

Gentos katjarijos bok Prana-ardja, nalika kaboedjeng ing wèrek boten mawi tolèh wingking, bablas dateng aloen-aloen loemebet ing dalem kaboepatèn. Pandjenenganipoen ingkang boepati pinoedjoe lenggah; sareng priksa pladjengipoen tijang èstri saking aloen-aloen loemebet dateng dalem kaboepatèn, ingkang boepati nginten manawi poenika tijang édan, mila ladjeng nimbali abdi oepas ndikakaken ngadang-adangi. Nanging sadèrèngipoen oepas dateng, bok Prana-ardja sampoen doemoegi ing kantoran ladjeng ambroek tjelak ingarsanipoen ingkang boepati kalijan sambat-sambat njoewoen toeloeng sarta njoewoen pangaoeban. Witjantenipoen poenika kalijan pegat-pegat déning nembé mladjeng asipat koeping. Ingkang boepati djoemeneng, njelaki dateng bok Prana-ardja kalijan ngandika: „Kowé koewi sapa, teka-teka bandjoer ambroek sarta sambat-sambat. Apa kowé lara?"

Oendjoekipoen bok Prana-ardja: „Addidalem nama bok Prana-ardja, gerija ing nagari Magersari. Mila abdidalem ngantos doemoegi ing ngarsa dalem poenika, moela-boekanipoen abdidalem nglari anak sémah ingkang késah tanpa pamit. Wasana abdidalem kaboedjoek ing wèrek Dèli, mèh kémawon kabekta dateng sabrang, rahajoenipoen dèrèng pinarengaken ing Goesti, abdidalem saged oewal saking tanganipoen wèrek, wiloedjeng saged doemoegi ingarsadalem ngriki poenika."

Ingkang boepati welasan ing panggalih, rena sanget paring pitoeloengan dateng sok tijanga ingkang nandang kasoesahan oetawi manggih roebéda. Mila sareng midangetaken oendjoekipoen bok Prana ardja, inggih kagoengan karsa maringi pitoeloengan ing saperloenipoen. Pangandikanipoen: „Loengané bodjomoe ikoe kapan, lan apa barengan karo anakmoe? Généa kowé nganti ora

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



3. Bok Prana mlebet ing dalem kabcepatèn.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

weroeh?" Bok Prana-ardja ladjeng ngatoeraken sadaja lelampahanipoen. Ingkang boepati saja trenjoeh ing panggalih mirengaken oendjoekipoen bok Prana-ardja poenika, pangandikanipoen: „Wis, ta, wiwit dina iki kowé dak koekoep ana ing kaboepatèn kéné. Déné bab prakara anakbodjomoe, mengko jèn ana warta ingendi doenoengé daktimbalané. Sadoeroengé ketemoe, kowé anaa ing kaboepatèn kéné baé, dakdadèkaké emban ngemong anakkoe loro, lanang wadon, R. M. Soewarna lan R. A.Soewarni."

Oendjoekipoen bok Prana-ardja sandika.

Menggah ingkang boepati poenika poetranipoen inggih namoeng kalih waoe, ingkang sepoeh R. M. Soewarna oemoer ± 7 taoen lan R. A. Soewarni ingkang enèm oemoer 6 taoen, kalih pisan sampoen sami loemebet ing pamoelangan Walandi. Sawangsoelipoen saking pamoelangan ladjeng sami dipoen timbali, kaparingan emban malih ingkang ngeteraken sarta metoek sekolah. Poetra kekalih sanadjan taksih alit sampoen gadah welas ing sesami ngèmperi panggalihipoen ingkang rama iboe, boten naté gadah patrap njawijah dateng abdi-abdi kados tjaranipoen poetra pangageng sanèsipoen.

Katjarijos bok Prana-ardja wonten ing dalem kaboepatèn dipoen ketog kasregepanipoen. Padamelan ingkang kadawoehaken dipoen èstokaken kalijan temen-temen. Anggènipoen ngembani dateng poetra kalih dipoen atos-atos sanget. Saja lami ingkang boepati sakalijan saja remen mriksani padamelanipoen bok Prana-ardja, makaten oegi poetra kekalih gadah tresna oegi dateng emban énggal, lami-lami malah boten poeroen pisah. Sadaja ladosanipoen poetra kekalih, bok Prana ingkang njratèni.

Bok Prana-ardja roemaos pikantoek djampi bab itjalipoen Moeljana lan Moeljani, marem ing manah déné ingkang dipoen embani poenika ageng sarta oemoer-oemoeranipoen prasasat sami kalijan anakipoen, toer mbangoen toeroet.

VI. Saéning pawong mitra.

Boten katjarijos rerontjèning lampah. Moeljana sareng sampoen doemoegi ing pangkat 7 dipoen rembagi loerahing pamoelangan kapoerih ngladjengaken sinaoenipoen dateng pamoelangan O. S. V. I. A. oetawi Mulo, awit éman-éman saoepami namoeng kandeg tamat ing pamoelangan H. I. S. kémawon, déné kawontenaning larénipoen ketingal pepak tjandranipoen saged, saé ing boedi sarta kesarasan. Moeljana sareng mireng rembaging goeroenipoen makaten, ageng manahipoen, daja-daja énggala kaleksanan loemebetipoen dateng pamoelangan ingkang langkoeng inggil. Nanging sarèhning sadaja poenika dados tetanggelanipoen toewan pandita, mila Moeljana kepeksa matoer dateng goeroenipoen: „Toewan, padjenengan boten kekilapan, bilih koela poenika wonten

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

ing gegebenganipoen toewan pandjta. Mila manawi ndadosaken djanganing panggalih pandjenengan, inggih sampoen tanggel-tanggel, karsaa ngijati matoer babarpisan djateng toewan pandjta."

Goeroenipoen mangsoeli: „Prakara ikoe ija wis dakpikir, masti ora bakal mlèsèd; apa manèh pamoelangan kéné iki sasat ana ing astané toewan pandjta."

Moeljana matoer: „Manawi makaten karsanipoen toewan, koela inggih sakelangkoeng bingah, sanès dinten koela nedya matoer ingarsanipoen toewan pandjta."

Let sawatawis dinten Moeljana ngadjep toewan pandjta boten sarana katimbalan. Toewan pandjta mèsem, ngandika djateng Moeljana: „Tolé Moeljana, ana perloené apa kowé ketemoe akoe ora kelawan dakoendang."

—„Toewan, moegi sampoen ndadosaken kagèting panggalih, déné koela ngadjep boten mawi dipoen timbali. Sajektosipoen koela badé gadjah atoer."

—„Ija, kowé arep kanda apa?"

—„Sadèrèngipoen koela matoer koela kepeksa nglahiraken genging panoewoen koela, menggah sih pandjenengan nggoelawentah badan koela ngantos samangké poenika. Sarèhning koela roemaos boten saged males kasaénanipoen toewan, mila koela namoeng pitados ing Goesti ingkang moerbèng alam, poenika ingkang badjé malesakan."

—„Moeljana, akoe moeng sadarma nglakoni djawoehing Goesti. Ingaoerip ikoe kang perloe koedoe tetoeloeng marang sapadjapadjaning toemitah."

—„Sasampoenipoen poenika, sarèhning koela dèrèng marem djateng kasagedan koela sapoenika, manawi pandjenengan kepareng sarta ndadosaken djanganing panggalih, nijating manah koela badjé ngladjengaken sinaoe malih ingkang langkoeng inggil. Sadaja poenika koela pasrah djateng pandjenenganipoen toewan."

—„Toewan pandjta nalika samanten sampoen tampi rembagipoen loerahing pamoelangan prakawis Moeljana poenika, ing panggalih pantjèn nedya mitoeroeti djateng krekeling pikadjenganipoen. Moeljana. Nanging ingkang dipoen angka-angka toewan pandjta, sageda Moeljana ngladjengaken djateng pamoelangan Kweekschool ingkang sambet kalijan agami Kristen. Mila pangandikanipoen makaten:

—„Pamoelangan apa kang dadi enering atimoe,"

—„Ingkang koela impi-impi namoeng kalih, inggih poenika Osvia oetawi Mulo."

—„Apa ora prajoga neroesaké marang pamoelangan Kweekschool baé, awit bésoek bisa dadi goeroe bisa nenoentoen oetawa ndjeder widji betjik marang botjah-botjah, kang wekasané bisa dadi wong oetama?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Boten toewan; manawi kepareng kekah koela njoewoen mleblet ḍateng salah satoenggiling pamoelangan waoe."

—„Apa moelané kowé kedereng mleboe menjang pamoelangan koewé?"

—„Inggih medal saking angen-angen koela pijambak, djalaran kepéngin sinaoe ngèlmoe pangrèhing pradja oetawi babagan pangadilan sawatawis, dados saged njoemerepi oetawi mbédakaken adiling angen-angen kalijan adilipoen pantjasaning prakawis ingkang mendet saking serat wèt oetawi angger-angger. Déné manawi mlebet ḍateng pamoelangan Mulo saged djembar tebanipoen, déné saged ngladjengakan ḍateng sadaja pamoelangan ingkang langkoeng inggil."

Toewan pandita manṭoek-manṭoek margi kepranan panggalihipoen. Menggah karsanipoen toewan pandita, Moeljana baḍé kalebetaken pamoelangan *Osvia*, awit poenika ingkang mawi internaat prajogi sanget toemrap laré-laré ingkang sami sinaoe.

Tjekaking lampah, sareng Moeljana sampoen tamat anggènipoen sinaoe wonten ing pamoelangan H I. S. ladjeng kalebetaken ing pamoelangan *Osvia*, sadaja kabetahanipoen: toewan pandita ingkang nanggel. Kala samanten poetranipoen ingkang boepati nama R. M. Soewarna sampoen tamat sinaoenipoen wonten ing pamoelangan Walandi, inggih ladjeng kateroesaken loemebet ing pamoelangan *Osvia*, noenggil panggénan sarta pangkat kalijan Moeljana.

Katjarijos R. M. Soewarna sarta Moeljana, anggènipoen sinaoe wonten pamoelangan *Osvia* rebat oenggoel, laré kalih poenika sasat giliran anggènipoen dados No. 1. Sampoen katjeṭa ingadjeng jèn pambekanipoen R.M. Soewarna poenika ngèmperi ingkang rama iboe, inggih poenika ambek welasan sarta remen tetoeloeng ḍateng sesaminipoen ingkang manggih roebéda. Boten naté njawijah ḍateng tijang, sadaja kantjanipoen moerid ing Osvia, ngrikoe dipoen aosi, boten mawi pilih-pilih.

Asmanipoen R.M. Soewarna aroem ngebeki salebeting pamoelangan ngrikoe. Ḍasar poetra boepati bagoes ing warni, lantip ing panggraita, taberi saé ing boedi, ngantos wonten oengeloengelan. R.M. Soewarna bagoes satoengkaké. Kantja-kantjanipoen R. M. Soewarna wonten satoenggal ingkang sanget anggènipoen goelet, inggih poenika Moeljana. Angger tijang soemerep R. M. Soewarna mesṭi asesarengan kalijan Moeljana. Pamitranipoen laré kalih poenika saking soepeketipoen prasasat kados seḍèrèk saèstoe, malah kepara ngoengkoeli. Wewatekanipoen inggih mèh sami, mila tresnaning kantja-kantjanipoen inggih mèh sami kémawon kalijan panganggepipoen ḍateng R. M. Soewarna, namoeng kaot R. M. Soewarna asring sanget mbroewah mbingahaken kantja-kantjanipoen, mila inggih langkoeng dipoen loeloeti. Menggah goeroe-goeroe ing pamoelangan ngrikoe sadaja tresna ḍateng

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

R. M. Soewarna lan Moeljana, awit kalih-kalihipoen sami adamel mereming manahipoen para goeroe. Malah katah para goeroe-goeroenipoen ingkang asring raosan: salaminipoen dados goeroe dèrèng naté mranggoeli laré ingkang kados makaten saénipoen. Angger wonten papriksaan, laré kalih poenika dipoen pamèr-pamèraken. Kala-kala toewan pendita dateng pamoelangan Osvia pinanggih kalijan directeur pamoelangan ngrikoe, nakèkaken ka-wontenanipoen Moeljana. Toewan pandita mireng tjrijosipoen toewan directeur sanget rena ing manah.

Manawi pinoedjoe liboeran ageng, laré-laré sami mantoek, nanging Moeljana dipoen tahan ing directeur oetawi ing grijaning goeroe sanèsipoen terkadang inggih mantoek dateng dalemipoen toewan pandita.

Samangké moenggel tjarijosipoen Moeljana, gentos njarijosaken lelampahanipoen rara Soebekti, sareng sampoen tamat sinaoenipoen ing pamoelangan H I S. ladjeng toemoet examen ing pamoelangan Kweekschool. Rara Soebekti saged loeloes examenipoen, malah doemawah nomer ondjo. Mantri-goeroe nagari Sinom, inggih poenika bapakipoen angkat rara Soebekti, sowan dateng dalemipoen toewan directeur Kweekschool, masrahaken anakipoen èstri poepoh, matoer karsaa mondokaken dateng grijaning salah satoenggilipoen goeroe. Toewan directeur dawoeh, rara Soebekti badé dipoen pondokaken ing dalemipoen pijambak, nanging manawi koewa-gang bapakipoen kadjawoehan mewahi wragading pondokan, awit boten njekapi saoepami ngemoengaken bajaranipoen moerid Kweekschool kémawon. Bapakipoen angkat rara Soebekti njan-dikani. Lestantoen rara Soebekti sinaoe wonten ing pamoelangan Kweekschool. Lantipipoen boten béda kalijan kakangipoen, ngantos kantjanipoen laré djaler sami éring. Saja lami sangsaja madjeng menggah ing kasagelanipoen, kasemboeh wonten ing directeuran, dados saben dinten dipoen toentoen ing ngèlmoe kasoesilaning adat-adat Walandi déning njonjah directeur, terkadang dipoen adjak sandja dateng pitepanganipoen Walandi. Rara Soebekti prasasat moempoeni kridaning tata-tjara Djawi sarta Walandi, djalaran alit mila dipoen toentoen déning radèn ngantèn mantri goeroe ing Sinom, sarta sareng ngangkat ageng dipoen toentoen njonjah directeur, wewah-wewah kerep maos serat bibliotheek, ingkang ngemot soesilaning lampah pawèstri. Rara Soebekti dados sekaripoen pamoelangan Kweekschool, saja lami saja ketingal pamoripoen, dedeg piadegipoen pideksa, pakoelitanipoen djené nemoe giring, sadaja wewidjanganing badan sarwa sembada kalijan dedeg piadegipoen, toer kasagedanipoen ngoengkoeli para kan-tjanipoen sadaja.

Katjarijos R. A. Soewarni anggènipoen sekolah sampoen tamat, ladjeng neroesaken sinaoe wonten ing pamoelangan Mulo ingkang noenggil nagari kalijan rara Soebekti. Menggah pondokanipoen

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

R. A. Soewarni waoe wonten ing grijaning goeroenipoen. Sarèhning poetra boepati mila inggih boten kekirangan samoedajanipoen. Pangrimatipoen ingkang dipoen pondoki sanget angatos-atos kados anakipoen pijambak. Njonjah goeroe inggih sakelangkoeng ngela-ela dateng R. A. Soewarni waoe déning karoban ing ragad katah. Solah bawanipoen R. A. Soewarni sampoen sadjak Walandi, djalaran awit alit mila pamardinipoen tjara Europa, nanging prakawis tata-tjara Djawi inggih boten dipoen sesoepé. Kalantipanipoen boten siwah kalijan ingkang raka R. M. Soewarna, malah R. A. Soewarni saged tjara Inggris, Franch, sarta Duitsch sakedik-sakedik. Bab ing warni inggih pinoendjoel, mila pantes manawi dados odjat. Panganggénipoen taksih tjara nonah.

Noedjoe satoenggiling mangsa, ing nagari ngrikoe badé damel fancy-fair (peken darma), angsal-angsalanipoen badé kadarmakaken nagari ingkang ketradjang ing bebaja sarta kadarmakaken ing satoenggiling pamoelangan èstri. Ingkang kadamel adjangipoen fancy-fair ing Kweekschool. Para moerid-moerid èstri kapoerih mbikak wandé warni-warni manoet pranataning Commissie, sarta sadé sekar-sekaran, rara Soebekti minangka pangadjengipoen. R. A. Soewarni sarta moerid-moerid èstri Djawi ing pamoelangan Mulo inggih sami dipoen oelemi kapoerih sesadéan ngempali moerid-moerid Kweekschool èstri. R. A. Soewarni inggih dados pangadjeng nampi tamoe-tamoe njonjah oetawi prijantoen poetri-poetri.

Fancy-fair poenika ngantos 5 dinten laminipoen kanti wiloedjeng. Para toewan-toewan sarta prijantoen ageng-alit toewin tijang sanès-sanèsipoen ing mantja nagari katah ingkang sami mèrlokaken rawoeh dateng ing fancy-fair ngrikoe. R. A. Soewarni lan rara Soebekti dados kembang lambénipoen tetijang djalerèstri ingkang sami ningali, déné laré kalih sasat kembar ing warni toer sami soelistya, tandang-tandoekipoen pasadja boten ngéwak-éwakaken. Wiwit kala samanten R. A. Soewarni kalijan rara Soebekti apawong mitra, raketipoen inggih kados sadèrèk sinarawèdi, kerep sandjan-sinandjan. Menawi dinten Minggoe oetawi liboer, kala-kala sami ngénggar-énggar manah, noempak motor dipoen emong déning njonjah directeur pamoelangan Kweekschool oetawi njonjah goeroe pamoelangan Mulo, neningali pedamelan oetawi tetingalan ing salebetipoen kita ingkang sambet kalijan kagoenanipoen tijang èstri. Makaten saladjengipoen ngantos kenja kekalih waoe doemoegi ing pangkat nginggil.

Nalika rara Soebekti doemoegi ing pangkat 6, R. A. Soewarni doemoegi ing pangkat 4, dados sampoen mèh sami déné wantjinipoen tamat pasinaonipoen.

Ingkang boepati ing negari Sidamoekti badé ngadani pamoelangan Kartini. Nalika ngempalaken para prijantoen sarta para tijang partikelir sanèsipoen, medaraken pangandika badé damel Kartini-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

vereeniging, ingkang toedjoenipoen ngedegaken pamoelangan Kartini. Sadaja ingkang sami ngempal ing dalem kaboepatèn asaoer peksi roedjoek sanget dateng karsanipoen ingkang boepati, dèné sampoen nglenggahi djamanipoen, sapoenika ing poendi-poendi panggénan laré èstri sami amboedi kasagedan, nélad tata-tjaranipoen tijang kilénan. Kartini-vereeniging kelampahan dados toer lidipoen kaṭah sanget. Para toewan toewan sarta tijang ingkang soegih-soegih kaṭah ingkang sami mandjoeroeng arta kanggé adegipoen pamoelangan Kartini poenika. Tjekaking rembag woelanganipoen dipoen sami kalijan pamoelangan H. I. S., mila ladjeng dipoen namakaken Holl. Kartini school. Loerahing pamoelangan inggih kedah milih njonjah oetawi nonah ingkang njepeng Hoofdacte. Sadaja sampoen kaleksanan saha sampoen mirantos. Ingkang minangka pambantoenipoen R. A. Soewarni ingkang sampoen tamat saking pamoelangan Mulo. Nalika wiwit mbikak pamoelangan, toemplek blek para pangageng. Walandi Djawi kakoengpoetri sarta tamoe-tamoe sanèsipoen sami rawoeh ndjenengi. Ingkang mbikak pangandika pandjenenganipoen ingkang boepati, sinambetan déning toewan resident sapitoeroetipoen, sadaja sami memoedji soepados saged kaleksanan kanṭi wiloedjeng poenapa ingkang dados idjam-idjamanipoen para ingkang sampoen nglenggahi djaman kamadjengan.

Sawoelan kalih woelan moeridipoen sampoen ketingal madjeng sarta tansah mindak-mindak tjarjahipoen, ngantos kekirangan goeroe. Mila ladjeng matjak dateng advertentie, pados goeroe èstri malih ingkang gadah akte saking Kweekschool, blandja kadamel laṅgkoeng saking kalimrahanipoen goeroe Gouvernement, pikantoek grija lelahanan kanti rawatan saé.

Mantri goeroe Sinom sareng maos advertentie poenika batosipoen mélik, mila ladjeng sami rembagan kalijan ingkang èstri sarta rara Soebekti. Sadaja sami rembag, let sawatawis dinten nglampahaken panglamar. Kedadosan dipoen tampi kanṭi renaning manah. Rara Soebekti dipoen panggènaken ing grija salebetipoen tjapoeri kaboepatèn. Sarèhning waoe-waoenipoen sampoen tepang saé kalijan R.A. Soewarni, mila kados poenapa bingahipoen laré kalih poenika: boten nginten manawi saged ngempal makaten. Bok Prana-ardja abdi kaboepatèn kinasih taksih lastantoen ngladosi ing dalem kaboepatèn, ndèrèk bingah dèné momonganipoen R. A. Soewarni sampoen rampoeng anggènipoen sinaoe toer ladjeng njamboet damel ing dalemipoen pijambak. Samangké bok Prana ardja ngladosi kenja kakalih, R. Adjeng Soewarni lan rara Soebekti. Boten nginten babarpisan manawi rara Soebekti poenika anakipoen pijambak, awit pisahipoen wiwit oemoer 5 tahoen, ngantos sapoenika oemoer 19 taoen, sesipatan sasat sampoen malih babar pisan, awit samangké sampoen diwasa wah kesembadan. Poenapa malih rara Soebekti manawi

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

dipoen takèni inggih ngaken anakipoen matri-goeroe Sinom. Bok Prana-ardja tresnanipoen ḍateng kenja kekalih sami kémawon, malah manawi ningali rara Soebekti medal welasipoen sarta keraos-raos kèngetan anakipoen ingkang itjal. Inggih poenika bawanipoen tjoewilan dagingipoen pijambak.

VIII. Soetjining manah.

Mangsoeli tjarijos ingkang sampoen: Grijanipoen pak Prana-ardja ingkang dipoen tilar soewoeng proeng, boten wonten ingkang ngenggèni. Tijang Arab ingkang njamboetaken ḍateng bok Prana-ardja girang-girang goemoedjeng nalika mireng manawi bok Prana-ardja késah saanak-bodjonipoen. Grija sapakawisanipoen ladjeng dipoen aken minangka lintoening samboetanipoen bok Prana-ardja. Grija waoe ladjeng kapoerih ngenggèni oetawi ngreksa tijang Djawi pitadosipoen, sarta inggih dipoen kèn ngaken babar pisan, namoeng manawi wonten ingkang baḍé toembas kapoerih prasaben ḍateng tijang Arab waoe.

Katjarijos tijang ingkang dipoen pitadjeng tijang Arab poenika golongan badjingan. Grija waoe mèh saben dinten kanggé pakempalanipoen para badjingan sami keplèk. Tijang Arab ingkang ngoewasani kala-kala ḍateng mrikoe neḍa séwanipoen (tjoetjoek) ḍateng ingkang sami keplèk, malah terkaḍang inggih toemoet main pijambak. Makaten saladjengipoen, loerah oetawi para bebaoe ing kampoeng ngrikoe boten wonten ingkang ngaroe biroe, déning adjrih ḍateng antjamanipoen para badjingan oetawi asring dipoen beseli jatra.

Katjarijos grija afdeelingsbank nagari Magersari saweg dipoen dandosi. Anggènipoen ndandosi mipil. Ingkang karémbak pérangan ngadjeng roemijin. Ing tengah sarta wingking taksih lastantoen kanggé njamboetdamel. Wonten peṭoeting doerdjana ingkang arsing njlamoer dados koeli ndandosi grija, perloe njoemerepi gelat-geliting grija oetawi margi-margi ing sakiwatengenipoen. Paribasan boeboek angsal elèng. Pijambakipoen mireng manawi grija afdeelingsbank dipoen dandosi, ladjeng agahan pinanggih manḍoripoen ingkang dandos-dandos neḍa mlebet dados koeli, bajaran manoet kantjanipoen. Keleresan nalika samanten pantjèn taksih kekirangan koeli; mila inggih ladjeng dipoen tampèni kémawon. Anggènipoen njamboetdamel badjingan waoe dipoenpeng sasat ketingalipoen boten naté kèndel tansah wirawiri ngoesoengi banon, séla, kapoer oetawi sanès-sanèsipoen.

Manḍor kedoegi sanget ningali tandangipoen koeli waoe. Toewan administrateur bank ngrikoe inggih asring ningali ḍateng padamelanipoen toekang-toekang oetawi koeli-koeli waoe. Soemerep tandangipoen koeli gaḍoengan inggih kedoegi, déné tja-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

koet boten pradoeli sinten-sinten, namoeng mboedjeng dateng padamelan kémawon. Ing wantji éndjing kantjanipoen koeli dèrèng sami dateng, pijambakipoen ngroemijini njawis-njawisaken poenapa-poenapa. Bibar padamelan kantjanipoen sampoen sami mantoek, pijambakipoen asring kantoen nata barang-barang ingkang dèrèng leres trapipoen. Nanging salebetipoen njamboetdamel waoe kalijan madik-madik doenoenging simpenan jatra oetawi margi-margi ingkang gampil dipoen ambah. Anggènipoen njamboetdamel ingrikoe langkoeng satengah woelan, mila sampoen soemerep sadaja wados-wados ing salebetipoen grija. Noedjoe ing satoenggiling dinten toewan administrateur kéngkénan djoeroe seratipoen nglintokaken jatra kertas f 20.000 inggih poenika kertas njatoesan 200 lembar, dateng kantor jatra (Algemeene Ontvanger) soepados dipoen lintokaken jatra rètjèh sarta jatra kertas ingkang alit.

Boten antawis dangoe kéngkénan waoe wangsoel, apratéla jèn ing dinten poenika pinoedjoe katendjagan jatra alit, awit nembé kémawon dipoen lintoni administrateur pegantosan. Béndjing éndjing, kasèpipoen bèndjing embèn kantor oewang masti sampoen wonten jatra rètjèh malih ingkang tjekap kanggé nglintoni.

Kala samanten toewan administrateur afdeelingsbank saweg ketamoean mitra darma ingkang nembé dateng saking nagari tebih ndjoedjoeg ing kantoran ngrikoe. Anggènipoen nampèni wangsoel jatra f 20.000 saking djoeroe serat satengah boten kamanah, déning kesengsem omong-omongan kalijan mitranipoen ingkang nembé dateng. Sasampoenipoen jatra katampénan djangkep ladjeng kalebetaken ing lorogan médja seratan kémawon, sasampoenipoen dipoen koentji, tamoe waoe ladjeng dipoen adjak loemebet ing grija setatiran, dipoen tampi kados satjaranipoen tamoe saha dipoen soegata. Déné padamelan dipoen pasrahaken dateng adjunct administrateur.

Ngantos kantoripoen toetoep sarta ngantos koeli-koeli sami bibar njamboetdamel, toewan administrateur waoe boten wangsoel dateng kantoran malih.

Badjingan ingkang minda koeli soemerep terang dateng sadaja lelampahan poenika pinoedjoe kapatah nggosok pentol-pentoling koentji kori. Mantoekipoen badjingan inggih ngantoeni kados adat, ngoelat-oelataken poenapa toewan administrateur wangsoel malih dateng kantoran poenapa boten. Ngantos peteng toewan administrateur boten loemebet kantoran malih, kinten-kinten djam 7 daloe sami noempak motor kalijan tamoe, késah dateng kamar bolah, awit daloe poenika ing kamar bolah wonten pista ageng. Djam 8 daloe bres djawah kados dipoen esokaken. Badjingan gambira ing manah, roemaos jatra ingkang wonten ing lorogan sampoen katekem ing tangan. Mila ladjeng ngetjipat

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



4. Pętoeting doerdjana nglintokaken arta kertas pandoengan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

wangsoel dateng ing pondokan, sandjang dateng kantjanipoen, jèn ing daloe poenika mestèkaken angsal kabegdjan ageng. Ingkang dipoen pondoki inggih pitados, kalih pisan ladjeng tata-tata pirantosipoen. Ngantos djam 12 daloe djawahipoen dèrèng menda, malah saja deres. Lampahipoen doerdjana kalih medal ing pager wingking. Sarèhning sampoen apal marginipoen, dados inggih sakètja kémawon. Kori kantoran dipoen bandrèk kalijan gampil. Lorogan panggénan jatra dipoen tjoekil kalijan pirantosipoen kados njoekil klapa kémawon. Begdja kemajangan jatra f 20.000 taksih moewel wonten ing lorogan, mila ladjeng dipoen koewel sadaja kabekta bablas medal margi lami, wiloedjeng boten wonten ingkang soemerep.

Lampahipoen badjingan kalih ngener dateng pakepèkan, tilasing grijanipoen pak Prana-ardja. Ingrikoe djibeg badjingan taksih sami main. Tijang Arab ingkang ngoewaosi grijanipoen inggih wonten ingrikoe, taksih toemoet main, riwoet bentèr ing manah margi kawon, mila ngantos daloe dèrèng poeroen bibar.

Badjingan kekalih gadjah koewatos bok bilih jatra kertas poenika angka-angkanipoen sampoen dipoen pèngeti, mila nedya dipoen lintokaken jatra rètjèh dateng tijang Arab waoe mawi soeda sapantesipoen.

Nalika tijang Arab medal ngoejoeh dipoen sandjangi manawi mentas angsal-angsalan, nanging adapoer jatra kertas sadaja, mila pitakèn poenapa poeroen nglintoni jatra rètjèh kanti soedan. Tijang Arab roemaos badé angsal bebatèn ngoengkoeli kawonipoen, mila sagah nglintoni ing daloe poenika oegi, nanging kedah mantoek roemijin.

Kaleksanan tijang tiga sami sesarengan loemampah noedjoe dateng grijanipoen Arab. Doemoegi ing grija jatra dipoen tedahaken. Tijang Arab ndjenger soemerep katahing jatra. Kedadosan jatra kertas dipoenlintoni arta rètjèh namoeng f 500, kaedoem tijang kalih.

Badjingan kekalih sampoen radi marem, déné anggènipoen mandoeng boten patos rekaos angsal jatra semanten, toer boten badé koewatos malih, awit boten keboektèn.

Gentos katjarijos lelampahanipoen pak Kartadrana, salaminipoen dados koeli sepoer manahipoen seneng, simpenanipoen jatra sampoen katah. Sasampoenipoen 6 taoen wonten ingamantja nedya towi dateng grijanipoen. Nanging kados poenapa kagètipoen, sareng soemerep grijanipoen sampoen bobrok sarta kebak tijang sami main. Pak Kartadrana boten sijos mlebet ing grijanipoen, ladjeng mampir ing grijaning tangga-tangga ingkang tjelak ngrikoe. Para ingkang dipoen ampiri sami kagèt, soemerep datengipoen pak Kartadrana inggih Prana-ardja, awit pangintenipoen sampoen dateng Bèli, oetawi pedjah. Pak Kartadrana ladjeng tjarijos lelampahanipoen sadaja ngantos dinten

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

poenika. Tetijang ingkang mirengaken sami welas, sarta ladjeng nakèkaken anak-bodjonipoen ḍateng poendi.


Pak Kartadrana kagèt mireng pitakèn makaten poenika, sarta sandjang manawi késahipoen boten wonten ingkang soemerep, sarta perloenipoen ḍateng poenika baḍé toewi anak-bodjonipoen. Tangga-tangganipoen tjarijos, jèn nalika dinten késahipoen pak Prana poenika anak-bodjonipoen inggih sami noesoel, késahipoen boten wonten ingkang soemerep, awit taksih éndjing sanget, ngantos doemoegi dinten poenika boten naté ketingal, djeboel namoeng bapakipoen ingkang ḍateng. Déné grijanipoen sampoen dados darbèkipoen tijang Arab ingkang njamboetaken jatra, margi bok Prana-ardja njamboet ḍateng Arab waoe boten saged njaoer. Samangké grijanjpoen dipoen koewasakaken tijang ingkang padamelanipoen ngedegaken pakempalan main. Ḍéné ingkang sami main wonten ingrikoe poenika badjingan sadaja, polisi ḍoesoen adjrih élik-élik. Pak Kartadrana mireng ginemipoen tangga-tangga angles manahipoen, bajoe kados dipoen lolosi, boten gaḍah daja. Ingkang katjipta namoeng anak-bodjonipoen, wonten poendi doenoengipoen sapoenika. Ngantos dangoe pak Prana boten saged witjanten sarwi tjarotjosan ngedalaken loeh. Ingkang ningali sami dongong toemoet koemembeng loehipoen. Wasana satoenggiling tangganipoen witjanten: „Ḍi Prana ampoen kedawa-dawa, moenḍak boten betjik dadiné, salah-salah ngowahaké pikiran. Alawoeng moepoes soeméndé karsané sing Koewasa. Masa ilanga boten, wong manoengsa. Kèdjaba pitik akèh sing dojan. Bésoek rak bisa ketemoe malih."

—„Enggih, pantjèn leres witjantené kakang, nèk koela gagas-gagas teroes, saged oegi koela ladjeng édan. Masa bodoa sing gawé oerip. Nèk tékad koela sarta anak bodjo koela betjik, mesti saselot-seloté ketemoe Saniki koela adjeng mantoek teng nagari panggénan koela njamboet damel mawon. Onten ngriki koela empoen boten gaḍah balé grija sarta waris. Moeng wekas koela nèk anak-bodjo koela katon mriki, énggal-énggal sampéjan sandjangi, nèk koela onten nagari Manggihardja, ladjeng sampéjan kèn noesoel mawon."

Tangga-tangga sami sagah baḍé mitoeloengi. Sasampoenipoen pak Kartadrana dipoen soegata saperloenipoen, ladjeng pamitan wangsoel.

Sampoen lami kantja-kantjanipoen njamboet damel pak Kartadrana ngodjok-odjoki soepados rabi malih, awit boten wonten ingkang ngladosi, nanging babar pisan boten dipoen paèloe. Èṣtining manah nijat ngladjengaken bodjonipoen lami ngantas doemoegi kakèn-kakèn ninèn-ninèn, poenapa malih sampoen patoetan anak kalih. Sanadjan samangké anak-bodjonipoen boten kantenan poeroegipoen, kekah boten poeroen nglampahi rabi malih.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



5. Pak Prana ngatoeraken arta kertas panggihan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Katjarijos ing nagari Magersari gègèr, awit grija afdeelingsbank kepandoengan arta f 20.000. Para djoeroe serat sami dipoen glédah grijanipoen, sarta katahan ing kapatihan. Koeli koeli ingkang njamboetdamel dalah mandoripoen sami katahan ing pakoendjaran, dipoen dakwa sakoetoe prakawis poenika. Déné pandoengipoen sampoen bablas dateng nagari sanès, boten wonten ingkang soemerep. Tijang Arab mèsem mèsem, djalaran boten mawi kangélan angsal kabegdjan samanten agengipoen, ngoengkoeli anggènipoen njamboetdamel pinten-pinten taoen, toer boten kanjana-njana ing poelisi. Ing sapoenika sedyanipoen tijang Arab waoe badé njantosani panggaotanipoen. mila ladjeng dateng nagari Manggihardja perloe kepanggih soedagar ingkang ageng-ageng. Jatra anggènipoen nglintoni kabekta sadaja kawadahan ing kerga alit, déné lampahipoen noempak sepoer. Sareng mandap ing setatsijoen. kerganipoen dawah boten soemerep. margi saking goegoep sarta ribeet. Pak Kartadrana taksih dados koeli sepoer ing setatsijoen Manggihardja ngrikoe, sareng soemerep kerga glétakan ladjeng kapendjet sarta kabikak, dipoen toewèni isinipoen. Kartadrana ndjenger soemerep arta kertas oewel-oewelan samanten katahipoen, nanging boten nijat mélik. dados bablas kabekta sowan ingarsanipoen toewan Assistent-Resident, ndadosaken sanget kagètipoen, dangoe boten ngandika. sakedap ngiling-ilingi jatra, sakedap mandeng pak Kartadrana. ing panggalih badé moendoet abdi tijang poenika kadadosaken djongos oetawi oepas, djalaran mélik katemenanipoen.

Keleresan kala samanten pinoedjoe wonten lowongan oepas. Sasampoenipoen kadangoe nama, padamelan sarta grijanipoen, ladjeng kadawoehan wangsoel, sawatawis dinten badé dipoen timbali malih, badé dipoen gandjar samoerwatipoen. Jatra katahan ing assisténan badé kaoeroes roemijin.

IX. Kapikoet.

Tijang Arab soepé babar pisan dateng kerganipoen, ènget-ènget sareng sampoen doemoegi pondokan, djenggiratan ningali kiwa tengen, ladjeng ngoengkabi bebektanipoen sadaja. Sareng tetéla boten wonten ladjeng witjanten dateng ingkang gadah pondokan: „Tjilaka besar, oewan, oewan, oewan (1) hilang." Witjanten makaten poenika kalijan loemadjeng kados tandangipoen tijang éwah, boten manah poenapa-poenapa kedjawi njipta kerganipoen alit, pladjengipoen dateng setatsijoen. teroes pinanggih toewan chef. Witjantenipoen kalijan pegat-pegat: „Toean, toean foeloes, foeloes, (2) oewan, oewan hilang."

(1) Tijang Arab deles boten saged moengel oewang.
(2) Foeloes tegesipoen jatra.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Ada apa? Bilang jang terang; saja koerang mengerti katamoe."

—„Oewan hilang, oewan hilang, diambil orang."

—„Oeang siapa jang hilang, berapa banjaknja, dan siapa jang mengambil."

—„Oewan saja sendiri banjaknja f 20.000, kertas semoea, jang mengambil saja tidak taoe."

—„Dimana hilangnja itoe oeang?"

—„Barangkali didalam sepoer ketinggalan, atawa djatoeh disetatsijoen sini."

—„Sepoer soedah berangkat teroes; nanti saja télégram sama stationchef dinegeri Kotabaroe, boeat oeroes seperloenja."

—„Baik, baik, terima kasih, sekarang saja maoe repot sama toean Assistent-Resident disini."

—„Itoe bagoes, lekas sadja ini waktoe raport, soepaja bisa lekas ketaoean."

Tijang Arab mlaljeng djateng assistenan. Pak Kartadrana sampoen mengker saking ngrikoe, teroes djateng pondjokanipoen, nggagas gandjaran poenapa ingkang bakal dipoen djandjèkaken déning toewan assistent-resident.

Kori kantoran katoetoep, toewan assistent-resident ngladjengaken njamboetdamel. Ing djawi boten wonten oepas ingkang djagi déning pinoedjoe lowong. Boten saranta tijang Arab totok-totok kori kantoran kalijan oendang-oendang: „Toean, toean!"

Assistent-resident kagèt, njat djoemeneng sarwi ngandika seroe asemoe doeka: „Sapa itoe!"

—„Saja toean, saja orang Arab maoe ketemoe sama toean, ada perkara besar."

—„Masoek sini, pintoe boléh boeka."

Tijang Arab mbikak kori ladjeng mlebet sarta witjanten kalijan gèdèg-gèdèg, tanganipoen serawéan: „Toean, tjilaka besar, oewan saja hilang distatsijoen, banjaknja f 20.000."

—„Siapa jang mengambil?"

—„Tidak taoe; sebab saja ingat, itoe tasch ketjil soedah tidak ada; barangkali djatoeh atau ketinggalan didalam kerèta."

—„Kowé soedah bilang sama chef station?"

—„Soedah, malah dia soedah telegram sama chef di Kotabaroe, dan saja soedah berdjandji, kalau itoe oewan bisa ketemoe genap, jang menemoe maoe saja kasih oepah 1 % djadi terima f 200."

—„Baik, lain hari saja panggil kalau soedah ada chabar perkara itoe oeang. Ini hari saja soeroehan oepas boeat bantoe tjari."

Tijang Arab sasampoenipoen dipoen tjateti nama sarta pondjokanipoen kalilan moendoer. Sareng tijang Arab sampoen mengker dangoe, kerga dipoen bikak, jatra dipoen étang tjotjog kalijan pangakenipoen tijang Arab.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Éndjingipoen pak Kartadrana dipoen timbali ing assisténan. Sarèhning sampoen tetéla katemenanipoen, mila dinten poenika oegi ladjeng kaparingan besluit kadadosaken oepas assisténan. Pak Kartadrana wiwit dinten poenika manganggé mrabot tjara oepas. Let kalih dinten oepas Kartadrana dipoen oetoes nimbali tijang Arab ḍateng pondokanipoen. Oepas Kartadrana énggal-énggal pangkat, nanging boten soemerep djawinipoen prakawis poenika.

Saḍatengipoen ing assisténan, tijang Arab kaḍawoehan mlebet ḍateng kantoran, oepas Kartadrana inggih dipoen timbali mlebet. Sadèrèngipoen poenika, toewan assistent-resident pados saksi toewan controleur, patih sarta assistent-wedana ing kiṭa ngrikoe, sadaja sampoen sami pepak wonten ing kantoran assistent-resident. Sasampoenipoen satata, kerga kapenḍet déning toewan assistent resident dipoen tedahaken ḍateng tijang Arab. Sareng tijang Arab soemerep kerganipoen, bjar ketingal abrit tjahjanipoen, roemaos begdja sanget déné kerganipoen saged pinanggih.

Oepas Kartadrana dipoen ḍawoehi ngétang jatranipoen taksih djangkep f 20.000.

Toewan assistent-resident ngandika: „Kowé kemarèn soedah berdjandji maoe kasih persèn f 200,— sama jang mendapat ini tasch. Sekarang kalau betoel ini poenjamoe jang hilang, oepahnja soepaja diberikan sama saja poenja oepas Kartadrana."

—„Betoel toean, ini tasch saja jang hilang."

—„Saja minta soepaja itoe oepah diberikan sekarang dengan ketahoean empat orang saksi jang ada disini."

Tijang Arab sakeḍap kèndel, sajaktosipoen éman-éman sanget baḍé ngetjoelaken jatranipoen kanggé épah poenika. Mila ladjeng gaḍah akal dadakan nijat ngrénah, witjantenipoen: „Toean, betoel saja berdjandji maoe kasih persèn sama jang bisa mendapat, kalau saja poenja tjintjin emas mata barlian harga f 200,— jang djoega saja taroeh dalam tasch itoe masih, oepah tentoe saja bajar sekarang dengan genap. Tetapi djika tidak ada, sepèsèr saja tidak maoe kasih oepah sama itoe oepas jang menemoe."

Toewan assistent-resident, controleur, patih sarta assistent wadana ingkang sami wonten ingrikoe, sami mandeng ḍateng tijang Arab waoe semoe djèngkèl, déné wonten lelampahan kados makaten. Sadaja boten ngandel ḍateng omongipoen tijang Arab awit waoe-waoenipoen boten sandjang bilih wonten sesoepénipoen. Saoepami wontena, masṭi dipoen sandjangaken babar pisan. Ngantos dangoe apradondi prakawis poenika, tijang Arab ngèjèl boten poeroen kawon, netepaken kalijan sanget, bilih tementemen ing salebetipoen tasch wonten sesoepénipoen regi f 200. Tandangipoen tijang Arab waoe kalijan abriga-brigi, tanganipoen soerawéan, kados boten wonten ingkang dipoen adjrihi, bokmanawi kabekta saking manah moerka, éman-éman sanget gempal bandanipoen sakeḍik kémawon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Kala samanten hoofdpolitieopziener pinoedjoe wonten sadjawining kantoran nedya sowan toewan assistent-resident perloe ngrembag oeroesan kapoelisèn. Sareng mireng ramé-ramé makaten ladjeng toemoet mlebet ing kantoran, djagi-djagi bokmanawi wonten poenapa-poenapa.

Bonten let dangoe wonten oepas post dateng gegantjangan mbekta telegram kondjoek ing toewan assistent-resident.

Telegram kabikak, soeraosipoen makaten:

Diensttelegram.

Assistent Resident Manggihardja.

Vier dagen geleden Afdeelingsbank Magersari ingebroken. Ontvreemd bankpapier f 20.000 á f 100. Serie en nummer bankbiljetten als volgt:

U. A. 09624.
V. U. 07235.
Z. W. 03425.
enz.

Medewerking verzocht.

De Assistent Resident
van Magersari

.....

Toewan assistent-resident sareng sampoen maos, palarapanipoen ndjengkeroet, imbanipoen gatoek. Serat kaparingaken dateng toewan controleur, hoofdpolitieopziener, patih sarta assistentwadana gentos-gentos. Sadaja nginten, manawi jatra ingkang dipoen panggih oepas Kartadrana poenika jatra afdeelingsbank Magersari ingkang itjal, mila ladjeng sami riboet notjogaken nomeripoen. Sadaja pinanggih tjotjog kalijan nomer-nomer ingkang kaseboet ing serat telegram. Tijang Arab sareng soemerep nomer-nomering jatra kertas dipoen tjotjogaken, ragi gligapan plingak-plingoek, roemaos manawi badjé kawangoeran anggènipoen nindakaken pakarti dadjemitan.

Sasampoenipoen salesih anggènipoen notjogaken, toewan assistent resident ndangoe dateng tijang Arab:

—„Ini oeang kowé dari mana?"

—„Itoe oewan saja ambil dari Deposito Handelsbank, sebab saja simpen oewan disana."

—„Neen, tidak, saja tidak pertjaja, sebab ini nomer dan serie tjotjog sama oeang kertas kepoenjaan afdeelingsbank Magersari jang hilang ditjoeri orang. Dan kowé sekarang saja dakwa tjampoer sama ini pentjoerian. Moelai ini hari kowé saja tahan dipendjara. Saja chawatir kalau kowé pergi lari. Oeang masih saja tahan disini, perkara saja oeroes pandjang."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Tijang Arab boten saged gineman malih déning keboektèn barang pandoengan, tjahjanipoen laroet bijas, ladjeng kairid ḍateng pakoendjaran.

Ḍawahing karampoengan: tijang Arab kaoekoem ing samesṭinipoen. Jatra wangsoel ḍateng afdeelingsbank Magersari. Oepas Kartadrana tampi pitoewas f 100.

X. Nindakaken padamelan.

R. M. Soewarna kalijan Moeljana sampoen tamat pasinaonipoen wonten ing Opleidingschool kanṭi diploma eind-examen. Moeljana No. 1. R. M. Soewarna No. 2. Saladjengipoen kalih pisan kadadosaken Candidaat Inl. Bestuursambtenaar. R. M. Soewarna tetep wonten ing parésiḍénan, noenggil kalijan ingkang rama, nanging Moeljana tetep wonten ing parésiḍénan sanès, tebih saking nagari Sidamoekti.

Oedakawis let kalih taoen saking anggènipoen dados candidaat ambtenaar, kalih-kalihipoen waoe sampoen sami kasampiran padamelan mantri poelitie. Noedjoe satoenggiling dinten ing woelan Sawal, Moeljana toewi R. M. Soewarna. Ingkang katoewénan bingah sanget, déné sampoen lami anggènipoen pepisahan, mangka kalih pisan sampoen ḍados mitra darma, ing mangké ladjeng kepanggih malih. Mila tansah tjepeng-tjepengan tangan sarta gablog-gablogan. Sasampoenipoen bagé-binagé menggah ing kawiloedjenganipoen, ladjeng sami satata linggih, kabar-kinabaran kawontenan salaminipoen pisahan kalih taoen. Kalih pisan sami manggih soeka lan wiloedjeng.

R. M. Soewarna nalika samanten sampoen tata-tata baḍé sowan ingkang rama tjaos bekti, Moeljana poeroen boten poeroena kapeksa kaadjak sowan ingkang rama. Moeljana inggih mitoeroeti paneḍaning kantjanipoen, awit pamitipoen taksih ombèr, toer inggih kepéngin soemerep kiṭa Sidamoekti. Sasampoenipoen mirantos, prijantoen kekalih ladjeng sami bidal ḍateng Sidamoekti ndjoedjoeg ing gadri, saḍijanipoen R. M. Soewarna manawi sowan. Nalika samanten ḍalem kaboepatèn kebak prijantoen ingkang sami sowan tjaos bekti. Sareng prijantoen kalih sampoen sami santoen panganggé manoet tjaranipoen prijantoen ngrikoe, ladjeng sami nramboel marak sowan. R. M. Soewarna dipoen awé ingkang rama kadangoe sinten kantjanipoen poenika. R. M. Soewarna moendjoek, manawi ingkang kaadjak poenika mitranipoen darma wonten pamoelangan wiwit ing pangkat satoenggal. Moeljana kaḍawoehan madjeng, linggih djèdjèr kalijan R. M. Soewarna. Ingkang boepati katjarjan mirsani ḍateng Moeljana, déné kalijan R. M. Soewarna kaṭah émperipoen, toer sami oemoer-oemoeran-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

ipoen, ngantos kados sa jèrèk kembar. Moeljana dipoen dangoe kaṭah-kaṭah menggah kawontenaning nagari ingkang dipoen doenoengi. Oendjoekipoen tjeṭa, tètèh sarta tandang-tandoekipoen ngresepaken, oedanagari Djawi boten dipoen ti'ar. Para prijantoen ingkang sami ngaḍep resep sanget mirengaken sarta ningali patrapipoen. Moeljana, malah wonten ingkang ngoenandika, mélik menḍet mantoe saoepami taksih djaka.

Sareng para prijantoen sampoen sami tjaos bekti sadaja ladjeng kaḍawoehan bibaran. Ingkang boepati teroes pinarak ing panḍapi dipoen aḍep ingkang poetra lan Moeljana, ngladjengaken ndangoe warni[2] ḍateng Moeljana ngantos sawatawis dangoe. Ing wantjinipoen ngaso, prijantoen kalih kaḍawoehan ḍateng gadri malih. R. M. Soewarna ngoendang adjinipoen R. A. Soewarni, dipoen tepangaken kalijan Moeljana. Tepangan énggal kalih poenika sareng sami pepanggihan sami alot anggènipoen witjanten sarta sami kamitenggengen kados sami ketoedjoe ing prana. Prajantoen tiga sami lenggahan ing kamar tamoe omong-omong kawontenaning nagarinipoen pijambak-pijambak. Linggihipoen R. A. Soewarni lan Moeljana ragi rongèh, déné kalih-kalihipoen kerep sesarengan sami pandeng-pandengan. Sajektosipoen Moeljana kasmaran ningali warninipoen R. A. Soewarni, nanging sanget adjrihipoen, djalaran roemaos jèn tijang alit, bebasan timoen alasan toewoeh saking kadjengipoen pijambak. Makaten oegi R. A. Soewarni, inggih ragi keraos ing panggalih, nanging sarèhné wanita, dados makaten waoe kineker sanget.

Moeljani dados toeman, saben toewi mitranipoen waoe inggih ladjeng sowan ingkang boepati ing Sidamoekti, mila ingkang kasowanan ladjeng medal sihipoen, saben Moeljana sowan inggih pinanggih R.A. Soewarni.

Dèrèng lami anggènipoen dados mantri poelisi, Moeljana sampoen pinoedji sanget ḍateng panginggilanipoen, margi saking wegig saha aloesing olah kapoelisèn, kaṭah prakawis ingkang sampoen kepenḍem pinten-pinten taoen saged moentjoel sarta tèrang déning pangoedinipoen. Moeljana, malah kerep angsal katrangan prakawis-prakawis ing sanès nagari ingkang perloe-perloe, mila namanipoen misoewoer ing poendi-poendi. Saking ketrimahipoen, dados mantri poelisi dèrèng ngantos kalih taoen sampoen kainggahaken dados assistent-wadana ing kiṭa parésidénan ngrikoe.

Katjarijos ing kiṭa ramé swaranipoen tijang ingkang sami ngelokaken kaṭahipoen oekon sarta talèn palsoe. Jatra waoe sampoen soemebar ḍateng nagari poendi-poendi, kaṭah ingkang sami kelorob déning aloesing pandamelipoen, ngantos mèh boten wonten bédanipoen kalijan jatra damelan Nagari, ingkang saged nitik namoeng bangsa ingkang ahli jatra. Poelisi inggih boten kirang-kirang pangoedinipoen moerih saged njepeng ingkang damel jatra palsoe poenika, nanging boten saged angsal titik saking repitipoen.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Assistent-wadana Moeljana ngoelir boedi. kados poendi sagedipoen angsal katrangan prakawis poenika, nanging inggih meksa tjabar tanpa dados. Saking gempoenging manahipoen ngantos kerep lenger-lenger; kalampahan njlamoer gantos sipat: tjara kadji, étok-étok dados soedagar, sarta tjara badjingan gegembjakan kalijan badjingan sanèsipoen wonten ing bambon, éwadéné meksa boten angsal sit doenoenging djoeroe damel jatra palsoe poenika. Saking kerepipoen ngempali badjingan poen Moeljana ngantos saged ngjektosi ḍateng sadaja badjingan ingkang djoelig-djoelig sarta badjiṅgan ingkang ḍateng saking poeroeg, kerep njoemerepi angsal-angsalaning barang pandoengan, nanging dèrèng poeroen ngaroe-biroe, awit minḍak kewangoeran. Manawi sampoen saged njepeng djoeroe damel jatra palsoe, ingrikoe Moeljana saweg baḍé ngawoet-awoet sakaṭahing badjingan ingkang dipoen soemerepi. Dèrèng kedoemoegèn nijatipoen, Moeljana mireng saking omongipoen salah satoenggiling badjingan, manawi raosing tjandoe Nagari kalijan tjandoe peteng poenika dédé-dédé kaotipoen, taksih angler tjandoe peteng. Raosing badan manawi nembé dipoen serèti tjandoe peteng kados dipoen pidjeti, roemaos boten saged pisah kalijan tjandoe peteng poenika. toer reginipoen langkoeng mirah. Badjingan gaḍoengan poen Péndjol sareng mireng rembag poenika ladjeng njelak toemoet moeḍoni witjanten. Wataking laré saged toer mitjara, boten baḍé kéwran ḍateng kriḍaning ginem, toer malah kaṭah ingkang remen mirengaken, gar-ger sami goemoedjeng. Dangoe-dangoe badjingan ingkang mboekani ginem waoe ladjeng ngedalaken gémbolanipoen tjandoe peteng. Sasampoenipoen dipoen tjoekit noenten sami dipoen serèt. Péndjol inggih boten poeroen kantoen. Sadaja sami ngalem ḍateng raosing tjandoe. Moeljana pitakèn: „Kang Soeramenggala, akoe bok sok ditempili tjandoené koewé nèh."

—„Ah, ora gampang olèh tjandoe peteng: ora angger wong bisa olèh. Akoe kijé adjaa bah boejoeté wis kepotangan akèh karo akoe ora diwènèhi, toer moeng ditjoempèni satjoekoepé wong sidji ṭoṭok."

—„Sapa ta kang sing adol tjandoe peteng koewé?"

—„Ah, kowé ora perloe weroeh, ikoe wadi geḍé. Kantja-kantja kijé kabèh ora ana sing weroeh, kedjaba akoe ḍéwèk iki."

—„Bok ja ditoetoeri. Mesṭiné kantja-kantjakoe kabèh kijé ija ora gelem kanḍa-kanḍa karo wong lijané, awit wedi kowé; oenèn-oenèn karo Djéndral orà gigrig, nanging karo kowé éring. Mangkono oega akoe kijé, wedikoe marang kowé prasasat wedi karo matjan."

Kantjanipoen sami njambeti ngleresaken ginemipoen Péndjol, ngalem ḍateng kekendelanipoen badjingan Soeramenggala. Nalika samanten Soeramenggala ragi maboek déning mentas ngombé arak obat ing patjinan, kawewahan kekaṭahen anggènipoen njerèt. Manahipoen mongkog tampi pangalembana makaten poenika,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

itjal wewékanipoen, wasana ladjeng pasadja, nédahaken ingkang sadé tjandoe peteng poenika: bah boejoet Tan Tijang Ing, tilas kaptin Tjina ing nagari ngrikoe. Witjanten makaten poenika kalijan mantos-mantos: „Soeket godjong adja ana kroengoe."

—„Mesti bae remboeg iki dak keker banget, ngemoengna kantjakoe sing pada ana ing kéné bae, sing ngarti. Ora, kang Soera, bah boejoeté kok kepotangan gedé karo kowé koewi kepotangan apa ta?"

Soeramenggala mlintir brengosipoen kalijan manggoet-manggoet, witjantenipoen:

—„Wé lah, gawat prakara kijé. Pantjèné kowé kabèh ora kena kroengoe, nanging sarèhné kowé wis dakanggep golongankoe, ija bakal dakblakani, toer nglengkara jèn kowé kabèh kandjaa marang wong lija. Mangkéné nalaré: Kétjoe ing omahé loerah Djébor ing omahé kadji Madnoer lan lija-lijané manèh kaé; ja akoe kang dadi bénggolé. Goenggoeng barang-barangé pangadji koerang loewih f 25.000, sing nampani ija bah boejoet koewi. Akoe samangsa-mangsa mrana diwènèhi doewit sapandjaloekkoe, angger pantes; sarta oega diwènèhi tjandoe. Soré kijé maoe akoe ija mentas saka kana, diwènèhi doewit f 100 karo tjandoe satjoekoepkoe. Lijané koewi akoe sok dipinta sraja njirnakaké moengsoehé. Wis pira bae moengsoehé mati déning pistoelkoe kijé (kalijan nedahaken pistoelipoen). Nganti sapréné ora ana poelisi sing bisa njekel bah boejoet lan njekel akoe. Moelané angger akoe mrana masti diadji-adji, ditoeroeti sapandjaloekkoe, awit dèwèkné wedi, jèn wadiné dakboekak."

Ingkang sami mireng sami ndongong goemoen dateng tjarijosipoen Soeramenggala waoe. Pèndjol ing batos gadjah pangadjengadjeng ageng, roemaos sampoen katekem wadosipoen bah boejoet Tan Tijang Ing. Menggah ingkang nama Tan Tijang Ing poenika pantjèn tilas kaptin Tjina ing nagari ngrikoe, lèrèhipoen, margi kagoegat ing rérèhanipoen, sadaja sami boten remen, déné sasat boten poeroen manah dateng kabetahanipoen bangsa Tionghoa, malah anindes. Ing salaminipoen Tan Tijang Ing tansah nglampahaken padamelan peteng warni-warni, mila kasoegihanipoen sangsaja ndedel. Grijanipoen prasasat kraton ing Tijongkok. Tan Tijang Ing waoe bóten gadjah anak, namoeng kapénakanipoen djaler dipoen pendet anak, nama Tan Tijang Sing, sakelangkoeng rojal nanging bèr. Ingkang dipoen senengi tajoeban, poenapa malih jèn waranggana saking Sala, mantoekipoen ngentosi bibaring tajoeban. Bapakipoen angkat kerep ngélikaken, nanging boten dipoen gapé, malah satengah wantoen. Babah Tan Tijang Ing ningali patrapipoen Tan Tijang Sing tansah melang-melang, bokmanawi ndadosaken tjilakaning badanipoen. Mila ladjeng dipoen antjam, manawi dipoen ladjeng-ladjengaken kalakoeanipoen, nedya dipoen sirnakaken babar pisan, djaragan dédé anakipoen pijambak.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Ketjarijos Moeljana mireng lelampahanipoen Tan Tijang Sing sanget panoedjoe ing manah, nijatipoen badé kanggé maigi soemerep wewados grijaning bapakipoen; mila ladjeng dipoen tepangi. Tan Tijang Sing waoe saged tjara Walandi déning sampoen naté sekolah Walandi, sarta sampoen angsal diploma K. E. Sareng tepang assistent-wadana Moeljana, saged tjotjok manahipoen, déné oemoeroemoeranipoen babag toer sami saged tjara Walandi Kerep damel tajoeban. Tan Tijang Sing oelem-oelem sobatipoen, kala-kala inggih ngoendang djogèd saking Sala. Sarèhné kalih-kalihipoen taksih sami djaka, mila kasok senengipoen. Mèh saben kalih dinten sapisan Tan Tijang Sing dateng kaonderan perloe omong-omong bab kasenengan. Panampinipoen Moeljana inggih kanti seneng ing manah, sarta dipoen soebja-soebja kadosdéné mitra darma sajektos. Tan Tijang Sing kerep ngoelemi Moeljana dateng grijanipoen badé dipoen tedahaken rerengganing grija warni-warni, nanging Moeljana taksih semados kémawon, mangsoeli sawatawis dinten malih badé kaperlokaken. Batosipoen Moeljana, manawi sampoen kénging manahipoen saweg badé mitoeroeti panedjanipoen.

Lami-lami Tan Tijang Sing boten gadah raos-roemaos, manawi Moeljana poenika namoeng sobat, panganggepipoen sampoen kadosdéné sadèrèk, margi pangrengkoehipoen Moeljana boten mantra-mantra manawi mitra, mila Tan Tijang Sing babar pisan boten gadah sangga roenggi. Sareng Tan Tijang Sing sampoen blaka dateng Moeljana tanpa èwed-pakèwed, ingrikoe saweg dipoen pitoeroeti panedjanipoen.

Ing satoenggiling dinten Moeljana nimbali oepasipoen ingkang sampoen pinitados sarta minangka sepijoenipoen, kadjawoehan manganggé tjara tijang kampoeng sarta ambekta pistoelipoen, kapoerih djagi-djagi ing satjelaking grijanipoen tilas kaptin Tjina Tan Tijang Ing. Menggah wadosing lampah, tijang kalih waoe sampoen dipoenblakani sadaja.

Ing dinten ingkang katamtokaken wantji djam 8 éndjing tijang kalih sampoen ngroemijini ngener dateng panggénan ingkang dipoen toedjoe. Wantji djam 9 Moeljana noesoel sampoen mrabot kados tjaranipoen tijang badé glédah. Doemoegining ngadjenganipoen grija, babah Tan Tijang Sing sampoen metoekaken ing palataran, Moeljana dipoen gandèng dipoen adjak loemebet ing kamar tamoe lelinggihan, ngantos sawatawis dangoe sami omong-omongan, pasoegatanipoen miraos. Moeljana sakedap-sakedap njelani pitakèn kawontenaning grijanipoen poenika, déné saé sanget, dèrèng naté soemerep grija ingkang kados makaten; nakèkaken ragadipoen pinten, kamaripoen pinten, damelanipoen toekang Djawi poenapa Tjina. Sadaja dipoen djawab déning babah Tan Tijang Sing kalijan terang. Moeljana ladjeng nemboeng poenapa kénging toemoet ningali ing wingking sarta nglebet grija oetawi sanès-sanèsipoen perloe kanggé mewahi seserepan grija

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

saé. Sakawit babah Tan Tijang Sing awrat badé noeroeti panedanipoen Moeljana, déning salebetipoen grija wonten wewadosipoen ageng, ingkang saged damel tjilakaning bapakipoen angkat. Nanging sarèhné roemaos Moeljana sasat sampoen dipoen anggep sadèrèk, mila inggih dipoen toeroeti. Batosipoen babah Tan Tijang Sing, tamoenipoen boten badé dipoen tedahaken kamar wados. Poenapa malih bapakipoen katingal sepen, bokmanawi késah, dados boten wonten ingkang ngalang-alangi.

Kempoet anggènipoen mider-mider, inglebet sarta ing wingking-ing grija. Salebeting manah Moeljana goemoen, déné inginggil wonten lotèngipoen, nanging marginipoen boten wonten. Sadaja poenika ingkang damel toekang Tjina singkèh, ndatengaken saking Singapoera dipoen koeroeng wonten ingrikoe. Rampoenging pandamelipoen ladjeng kaantoekaken dateng padoenoenganipoen lami kanti dipoen sangoni katah, perloenipoen sampoen ngantos mbikak wewados.

Babah Tan Tijang Sing kalijan tamoenipoen, nalika badé medal ing djawi malih nglangkoengi lemantoen ageng, inebipoen mawi katja benggala. Dilalah nalika doemoegi ingiringanipoen, inebing lemantoen wonten ingkang ngengakaken saking lebet, noenten wonten Tjina singkèk medal kalijan mladjeng kémawon, teroes dateng kakoes boten mawi tolèh wingking djer kebelet badé tetoja, kori soepé boten dipoen ineb malih. Moeljana lan Tan Tijang Sing sami kagèt, mandeng dateng Tjina singkèk ingkang mladjeng dateng kakoes, sarta mandeng kori lemantoen palsoe. Tan Tijng Sing kamitenggengen, roemaos badé kewangoeran wadosing grijanipoen. Moeljana gambira ing manah, nemboeng badé mlebet ing lemantoen poenika. Babah Tan Tijang Sing boten saged mangsoeli, namoeng ngadeg ndjedjer kados toegoe. Boten saranta Moeljana nékad mlebet ing lemantoen, bleng. Batosipoen: „Jèn karepkoe betjik, masti ija bakal betjik dadiné." Babah Tan Tijang Sing njipta manawi badé wonten bebaja ageng, mila ladjeng toemoèt loemebet, djagi-djagi bokmanawi wonten poenapa-poenapa. Moeljana minggah bablas dateng lotèng. Ingkang wonten ing kamar lotèng ngrikoe babah Tan Tijang Ing. saweg mbantoe damel jatra talèn, sarta oekon palsoe, metoetoek jatra ingkang sampoen dados wonten ing médja. Déné réntjangipoen damel jatra palsoe inggih Tjina singkèk satoenggil ingkang saweg tetoja waoe. Ingkang taksih njamboet damel bikoet madjahi jatra ingkang sampoen dados, boten nginten babar pisan jèn ingkang mlebet poenika tijang énggal sarta anakipoen angkat, pangintenipoen inggih Tjina ingkang nembé mandjap tetoja. Mila sareng ndengèngèk soemerep tijang kalih, kados poenapa kagètipoen, sanalika ngrogoh pistoel, kaatjoengaken tijang kalih. Moeljana sampoen prajitna, njarengi ngatjoengaken pistoelipoen. Pikadjengipoen Tan Tijang Ing ngrogoh

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

pistoel waoe kanggé ngadjrih-adjrihi, witjantenipoen: „Ajo keloear, kaloek tidak maoe tentoe saja boenoeh kedoeanja." Anakipoen angkat, sakinng koewatosipoen ladjeng mloempat noebroek bapakipoen nedya ngrebot pistoelipoen. Ingrikoe tijang kalih sami rebatan pistoel. Moeljana njelaki nedya misah. Wasana dèl, dèl, dèl, pistoel moengel kaping tiga, ngèngingi poeloeng-manahipoen anakipoen angkat. Sanalika babah Tan Tijang Sing ambroek dawah, pedjah kapisanan. Sareng babah Tang Tijang Ing soemerep anakipoen ambroek, panjepengipoen pistoel nggrègèli, énggal dipoen pendet Moeljana, Tan Tijang Ing sampoen tanpa dedamel, mangka taksih dipoen agag-agagi pistoel kalijan Moeljana kapoerih mlebet ing kamar, dados inggih kepeksa manoet. Kamar ladjeng kakoentji saking djawi. Moeljana énggal[2] mandap mbikak inebing lemantoen palsoe, sorog taksih koemantil, ladjeng kapendet, korining lemantoen katoetoep dipoen koentji saking djawi.

Katjarijos oepas toewin sepijoenipoen Moeljana ingkang sampoen dangoe ngentosi ing djawi, mireng swaranipoen pistoel kaping tiga tangginas mlebet ing grija boten mawi pamit, djeboel kepetoek bendaranipoen taksih njepengi pistoel. Oepas sarta sepijoenipoen énggal dipoen adjak minggah ing lotèng.

Inebing lemantoen ladjeng dipoen toetoep sarta dipoen koentji saking nglebet. Oepas sarta sepijoen kapatah ndjagi ing panggénan damel jatra palsoe, sarta dipoen tedahi, jèn ingkang gadah grija dipoen lebetaken ing kamar tjelakipoen poenika sarta sampoen dipoenkoentji. Moeljana ngladjengaken glédah, saged manggih toempoekan tjandoe peteng pinten-pinten peti. Sasampoenipoen kasoemerepan sadaja wadosipoen, énggal énggal medal ing djawi telefoon dateng toewan assistent-resident sarta hoofdpolitieopziener. Sakedap ingkang nampi telefoon sami dateng, mriksa kawontenan ingrikoe. Jatra palsoe sapirantosipoen lan tjandoe-tjandoe peteng karampas. Babah Tan Tijang Ing karanté kalebetaken ing pakoendjaran, amargi dosa ageng tigang prakawis, I. nglampahaken sadé tjandoe peteng, II damel jatra palsoe, III medjahi anakipoen angkat. Kabegdjanipoen Moeljana noempa noempa. Pantjènipoen namoeng badé njepeng tjandoe peteng, woesana saged angsal katerangan babar pisan prakawis ingkang dipoen impi-impi sampoen lami. Pangagenging nagari sangsaja ngalem sanget dateng kawegiganipoen Moeljana. Mila Moeljana kerep dipoen dawoehi déning toewan resident pijambak, manawi mesti énggal kawisoeda dados wadana, nglangkahi kantjanipoen pinten-pinten.

Noedjoe ing satoenggiling dinten kalanipoen Moeljana nglarah barang pandoengan saking nagarinipoen ingkang kabekta loemebet ing bawah kaboepatèn Sidamoekti, ingrikoe angsal katrangan prakawis sanès, inggih poenika ingkang boepati Sidamoekti badé katjidra déning tijang kéngkénanipoen R. M. Pandji Djajèngtilam, poetranipoen boepati Sidamoekti ingkang sampoen swargi.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



6. Doerdjana ingkang badé njidra, katoekoep ing poelisi.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b37652
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Ḍawahing tjidra kaangkah tanggal 15 woelan ingkang loemampah, ngleresi ingkang boepati sagarwa poetra teḍak ḍateng pasanggrahanipoen, baḍé katjegat wonten ing margi ingkang sepen sanget.

Moeljana énggal ngatoeri woeninga sarana serat medal ing post bab makaten waoe ḍateng ingkang boepati. Mila boten matoer idjeman. djalaran koewatos bokmanawi kepireng ing sanès.

Ing satampinipoen serat, ingkang boepati énggal-énggal ngatoeri woeninga ḍateng toewan assistent-resident. Pangageng Walandi poenika ḍawoeh ngatos atos, nanging sarèhné dèrèng wonten njatanipoen, mila baḍé kanjatakaken roemijin. Sareng doemoegi dinten titimangsanipoen toewan assistent-resident ngoetoes gewapende politiedienaar tjatjah tijang 25 dalah koemendanipoen, loemampah ḍedemitan. Saèstoe pinanggih wonten tijang 8 asikep dedamel nḍelik sakiwa-tengening radinan sepen. Tetijang waoe noenten kapikoet, sareng kaḍeḍes-ḍeḍes sami ngaken, jèn baḍé mradjaja ingkang boepati, sabab dipoen teḍani toeloeng déning R. M. P. Djajèngtilam, malah leloerahing doerdjana waoe nggémbol serat saking R. M. P. ingkang soeraosipoen ngebang gandjaran arta kaṭah, manawi ingkang boepati kelampahan kapradjaja. Tjekakipoen doerdjana woloe dalah R. M. P. Djajèngtilam katjepeng.

Ingkang boepati sanget panarimahipoen ḍateng Moeljana roemaos kepotangan gesang, mila samangké wewah katrasnanipoen, ngantos pinoenḍoet poetra.

XI. Gandroeng.

Katjarijos boten let lami R.M. Soewarna inggih minggah pangkat dados assistent-wadana ing salebetipoen afdeeling Manggihardja. Noedjoe satoenggiling dinten sowan ingkang rama saha iboe, sarta baḍé pinanggih ingkang raji. Sareng sampoen rampoeng anggènipoen sowan sarta pepanggihan kalijan ingkang raji R.A. Soewarni, éndjingipoen R.M. Soewarna dipoen adjak ningali ḍateng pamoelangan. Holl. Kartinischool, baḍé dipoen tepangaken kalijan goeroe-goeroe ingrikoe sadaja, sarta baḍé dipoen pamèri damelanipoen para moerid. Roemijinipoen mlebet ing kamaring loerahipoen pamoelangan, sasampoenipoen apitepangan sarta gineman sawatawis, ladjeng dipoen adjak loemebet ing kamaripoen rara Soebekti. Nalika semanten rara Soebekti pinoedjoe moelang maos tjara Walandi, nerang-nerangaken temboengipoen. Ginemipoen renjah roentoet boten wonten ingkang tjèwèt. R.A. Soewarni lan R.M. Soewarna sami ningali anggènipoen moelang rara Soebekti. Sanadjan R.A. Soewarni bab kesagedanipoen tjara Walandi ngoengkoeli rara Soebekti, éwasemanten roemaos boten saged njamèni kalijan pamoelangipoen rara Soebekti. Sasampoenipoen sawatawis dangoe anggènipoen ningali, R.A. Soewarni ladjeng njelani ginem mitepangaken kalijan ingkang raka R.M. Soewarna,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

assistent-wadana ing Manggihardja. Rara Soebekti ndjawab anor raga, matoer noewoen ḍateng R. M. Soewarna karsa merlokaken apitepangan kalijan awakipoen. R. M. Soewarna ladjeng dipoen tilar ing kamaripoen rara Soebekti. R. A. Soewarni wangsoel ḍateng kamaripoen pijambak ngladjengaken moelang.

Rara Soebekti pantjèn saé ing warni tansah mindjak-mindjak pamoripoen, poenapa malih saweg nedjeng-nedjengipoen birai toer boten kekirangan, déné saged toembas pijambak sarta dipoen bantoe bapakipoen mantrigoeroe ing Sinom. Kala samanten amanganggé: sindjang seratan latar tjemeng, rasoekan peṭak mawi rénda nganggé sengkang singat loegas. Sadaja panganggénipoen sarta anggènipoen matrapaken boten ngoetjiwani. Oentoenipoen tjara djaman samangké boten mawi pangoer, éndjingsonten kagosok kasikat nganggé gosok oentoe wedalan apotheek, mila ketingal resik peṭak toer gilap. Lambénipoen mèngèr-mèngèr.

R.M. Soewarna manahipoen kegiwang dadakan. Sasampoenipoen dipoen atjarani linggih ing koersi, rara Soebekti noenten ngladjengaken pamoelangipoen. R.M. Soewarna linggih ing koersi kalijan njawang ingkang saweg moelang, koemedèp tismak boten mobah boten mosik. Kala-kala rara Soebekti njelani gineman kalijan R. M. Soewarna, ingkang dipoen adjak gineman alot anggènipoen mangsoeli, goemrobjos medal kringetipoen. Ginemipoen rara Soebekti kalijan mèsem-mèsem tanggoeng, poenika ingkang adamel saja gijoching manahipoen R. M. Soewarna. Ngantos satengah djam R. M. Soewarna anggènipoen nenggani pamoelangipoen rara Soebekti, roemaos boten saged nanggoelangi brantaning manahipoen, mila noenten pamit baḍé mantoek ḍateng kaboepatèn, sarta dinten poenika oegi baḍé ladjeng mantoek ḍateng Manggihardja. Rara Soebekti matoer gela sanget, déné énggal-énggal kondoer. Witjanten makaten poenika kalijan ngoeloengi programma (pratélan tjekak kawontenaning baḍé karaméan). Serat progamma dipoen tampèni sarta dipoen waos, oengelipoen:

PERTOENDJOEKAN BESAR!!!

TOONEEL! TOONEEL!

Diroemah kaboepatèn Sidamoekti. Jang main semoea orang PEREMPOEAN dan anak GADIS jang bersekolah.

Dipimpin oléh: NJONJAH A. F. JANS.
R. ADJENG SOEWARNI.
RARA SOEBEKTI.

Bésoek malem Minggoe 1 Augustus 1917 moelai poekoel 8½.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Ambil tjeritera:

KEHIDOEPAN ORANG DÉSA DAN ORANG BESAR-BESAR.

. . . . . .
. . . . . .
. . . . . .

HARGA TEMPAT:

LOGE	*f* 5.—	Anak-anak separo harga.
KLAS I	„ 3.50	
KLAS II.	„ 2.—	
KLAS III	„ 1.—	

Berdiri dipelataran membajar . . . . . *f* 0.20.
Oewang derma paling sedikit . . . . . „ 10.—.

PENDAPATAN OEANG BERSIH: oentoek MEMBESARKAN HOLL. KAR. SCHOOL, dan djoega goena MENDIRIKEN ROEMAH MISKIN DJAWA.

Leidsters:
Njonjah A. F. JANS.
Gadis R. A. SOEWARNI.
RARA SOEBEKTI.

Kartjis didjoeal moelai hari Sabtoe pagi poekoel 9. Boléh beli dikantor B. O. kantor S. I. dan kantor Kaboepatèn.

R. M. Soewarna sareng sampoen tamat anggènipoen maos, ing salebetipoen manah gambira nedya ngentosi tetingalan tooneel. Nalika samanten pinoedjoe dinten Djoemoeah tanggal kaping 31 Juli 1917, dados namoeng kantoen ngentosi sadinten; mila ladjeng witjanten dateng rara Soebekti, manawi boten saèstoe mantoek ing dinten poenika, awit nedya ngentosi tooneel ing kaboepatèn.

Dinten Djoemoewah bakda bedoeg, ing dalem kaboepatèn sampoen wiwit katata karengga-rengga sakelangkoeng asri. Pakawisan dipoen pageri gedèg moebeng abroekoet. Dinten Sabtoe sampoen rampoeng, sadaja boten ngoetjiwani. Panggénan tooneel panggoengan.

Ing malem Ngahad dawahing gijaripoen tetingalan, dalem kaboepatèn goemebjar padang kados wantji rinten kémawon. Ingkang sami main goenggoeng wonten 20, djam 7 sampoen sami dateng

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA


ngiempak ing kamar ingkang sampoen kasadjiakaken. Djam $7^1/_2$ ingkang badjé ningali djaler-èstri, Djawi, Walandi, Tiong Hoa, sampoen wiwit sami dateng, saja dangoe saja bjoek-bjoekan; motor, kréta, dokar sami arak-arakan datengipoen. Djam $8^1/_2$ palataran kaboepatèn sampoen pepet boten kénging kapijak, ing pandapi kaboepatèn dipoen sadjiani koersi 1000 taksih wonten ingkang boten oeman. Wondéné panggénan kasilah-silah, èstri pijambak, djaler pijambak.

Klonèng moengel kaping tiga, tengara tapoek main. Swaranipoen tijang ningali ingkang waoenipoen goemeder, ladjeng namoeng kantoen grenggeng-grenggeng. Poeroeging paningal dateng panggénan tooneel sadaja. Bjar, geber kagoeloeng minggah ketingal wanodya èndah-èndah katahipoen 15 manganggé kembaran, rasoekan kebajak petak réndan, rinengga kokar oranje. Ingkang wonten ingadjeng R. A. Soewarni, dasar wanodya soelistya ing warni karengga ing boesana, sasat Soepraba kamanoengsan. Lekering wadana miwah djaiting nétra adamel gorèhing para nèm ingkang sami ningali. R. A. Soewarni medaraken pamanggih warni-warni mawi temboeng Walandi, ingkang soeraosipoen nggelaraken kawontenaning djaman sapoenika toemrap laré èstri.

Telas pangandaripoen R. A. Soewarni sinambetan keplok mawoerahan. Sareng sampoen kèndel, Piano kataboeh déning njonjah A. F. Jans, laré 15 wiwit menjanji lagoe Walandi dipoen toentoen déning R. A. Soewarni: laras kalijan oengeling piano Soewaranipoen laré-laré ingkang sami menjanji rampak roentoet, bening oelem, para toewan-toewan Walandi sarta njonjah-njonjah ketingal rena ing manah. Rampoenging menjanji, adoeh! raméning soerak sarta keplokipoen ingkang sami ningali, kados ngrebah-ngrebahna pandapi kaboepatèn. Toewan-toewan sarta njonjah-njonjah pating bleber ngoentjal-oentjalaken gegoebahan sekar wonten ing patonilan tanda kasok senengipoen. Geber katoctoep. Let 5 menoet klonèng malih, sanalika soewara ingkang goemrenggeng kèndel sepen boten wonten sebawa babar pisan. Bjar, geber kagoeloeng minggah, ketingal wanodya malih katahipoen inggih 15 sarta manganggé akembaran oegi, nanging samangké gantos sarwa loerik ingkang dasaripoen tjemeng. Dada kiwa mawi rerenggan kokar goela klapa adedasar petak, Rara Soebekti mangka pangadjengipoen.

Rara Soebekti sasat sakembaran kalijan R. A. Soewarni, pakoelitanipoen djené anemoe giring, mangka manganggé sarwa tjemeng, mila saja tjeta djenénipoen, kados prada binabar. Samangké sampoen gagrag amanganggé tjara Djawi deles, rasoekan lan tapih loerik, asengkang blong lan ageloeng tekoek. . . . . sadaja ngenggèni tjara Djawi deles. Rara Soebekti ngatoeraken pambagja dateng para ingkang sami rawoeh noenten medaraken ginem mawi temboeng Djawi, soeraosipoen kados ingkang dipoen

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



7. Tooneel.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

wahjakaken R. A. Soewarni. Tandang tandoekipoen loewes amerak ati, ginemipoen tètèh titih boten atoempang soeh. Rampoenging ginem sinambetan keplok mawoerahan ambal-ambalan. Klonèng moengel, soewara tjep keplok kèndel. Gangsa kataboeh laras pélog barang, gendingipoen Soebakastawa, soewaranipoen nenarik manah anganjoet-anjoet. Sareng sampoen angsal sagongan ladjeng dipoen gérongi laré-laré èstri waoe, dipoen toentoen rara Soebekti. Soewaranipoen bening gilig roentoet rampak, tjotjog kalijan larasing gangsa. Para ingkang gadah raos Djawi roemaos marem manahipoen, déné gending Djawi inggih boten kawon kalijan gending Walandi, malah menang aloes.

Soewaraning gangsa gending Soebakastawa pélog binaroeng géronganing laré èstri sasat roemasoek ing baloeng soengsoem.

Angsal 6 gongan ladjeng kèndel: gangsa soewoek: soerak keplok raménipoen ngoengkoel-oengkoeli ingkang sampoen. Gegoebah sekar pating bleber dawah ing patonilan.

Let saprapat djam klonèng moengel malih, bjar: geber kagoeloeng, katingal R. A. Soewarni manganggé tjara djaler dados pangéran Tjakradiningrat, nganggé oedeng tjitakan tjara Sala, rasoekan tjekak, doewoengan, selopan. Rara Soebekti dados garwanipoen. panganggénipoen taksih adjeg sarwa loerik, linggih ing koersi djédjér ingkang raka pangéran Tjakradiningrat, dipoen adjep abdi-abdinipoen èstri.

Tetijang sami tjingak mandeng andongong dateng ingkang minda pangéran sakalijan.

Makaten saladjengipoen gontas-gantos. Rara Soebekti kedjawi dados pangéran, oegi dados pangèn ménda sarta advocaat (djoeroe ambombong prakawis). Nalika dados pangèn ménda, gar-ger goedjengipoen para ingkang ningali saking tjoetjoedipoen. Kala dados advocaat manganggé rasoekan tjemeng landoeng saésta toro, akopjah tjemeng prasasat mboengkoes geloenganipoen, akaloeng soetra petak dipoen imba dasi. Sadaja boten siwah kalijan panganggénipoen meester in de rechten manawi pinoedjoe zitting wonten ing raad (pengadilan).

Ingkang ménmba advocaat waoe saweg paben rebat leres kalijan president landraad, ingkang dados nonah Roestin. Anggènipoen wawan ginem mawi temboeng Walandi. Para toewantoewan sarta njonjah njonjah sami kagawokan sarta kesengsem ningali pabenipoen advocaat sarta president landraad tiron poenika, sakedap-sakedap sami keplok. Namoeng R.M. Soewarna ingkang tansah gandroeng kesabet ing rimang dateng sang minda pangèn ménda.

Ing wantji djam 2 tooneel saweg bibar akanti wiloedjeng, angsal-angsalanipoen jatra katah sanget. Èndjingipoen dinten Ngahad R.M. Soewarna kalijan ingkang raji R.A. Soewarni sami dateng ing grijanipoen rara Soebekti perloe sandja kémawon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Nalika samanten rara Soebekti pinoedjoe wonten ing panggénan petétan nggoentingi sarta ngleres-ngleresaken petétanipoen nganggé rasoekan kimono djambon sarta mawi ngoré ramboet. R. M. Soewarna saja boten kantenan manahipoen. Tamoe-tamoe dipoen atjarani loemebet sarta lenggah roemijin, rara Soebekti mlebet ing kamaripoen santoen panganggé. Sasampoenipoen dandos saperloenipoen ladjeng medal manggihi, ngantos dangoe anggèning sami omong-omong. R. M. Soewarna ing batos tansah ngalembana ing kawegiganipoen rara Soebekti, dalah pranataning rerenggan grija teka adamel kejoengjoening manah, déné sanget asri tiningalan. Sareng sampoen tanak anggènipoen martamoe, R. A. Soewarni ngadjak mantoek. Tamoe kekalih ladjeng sami pamitan mantoek mawi tetabikan poenapa. Rara Soebekti weling sampoen ngantos kapok rawoeh ing pondokipoen. R. M. Soewarna mangsoeli seret: ngadjeng-adjeng datengipoen rara Soebekti ing kaonderan Manggihardja.

Dinten poenika oegi R.M. Soewarna bidal dateng Manggihardja, nanging panggalih sakalangkoeng rongèh djalaran ketaman wijadi. Tjekakipoen sampoen doemoegi ing kaonderan lan nindakaken padamelan. Sarèhné anggènipoen nandang asmara boten kénging kaampet, mila ladjeng kintoen serat dateng rara Soebekti, soeraosipoen soeka soemerep. jèn sampoen doemoegi ing onderdistrikipoen kanti wiloedjeng. Let sawoelan soeka serat malih, njarijosaken bab kawiloedjengan sarta padamelanipoen, sarta pitakèn kawontenanipoen Soebekti. Makaten sapitoeroetipoen tansah serat-sineratan, wonten kémawon ingkang dipoen kabaraken. Rara Soebekti inggih mangsoeli njarijosaken kawontenanipoen ing Sidamoekti, pamoelangan Kartini. l. s. s. mawi tetemboengan ingkang oetami sarta nglenggahi andap-asoring tatatjara Djawi.

Let sawoelan malih R. M. Soewarna kintoen serat njarijosaken onderdistrikipoen wonten tetingalan ingkang anèh, inggih poenika lèpèn ing salebetipoen redi, lan goewa peksi lawèt, wasana pitakèn poenapa Soebekti boten kepéngin ningali. R. M. Soewarna sagah ngeteraken sarta njadijani pondokan ing dalemipoen. Nanging sarèhné R. M. Soewarna poenika lamban, dados sampoen lajak kémawon pranataning grija pating blèngkrah kados petaning kandang bibrah.

Soebekti mangsoeli kepéngin sanget soemerep tetingalan waoe, mila béndjing manawi R. M. Soewarna sampoen kagoengan garwa, Soebekti badé sowan kalijan R. A. Soewarni ngiras ningali lèpèn sarta goewa waoe.

Ngantos samanten rara Soebekti dèrèng ngertos ingkang dados kadjengipoen R. M. Soewarna, awit sadaja seratipoen barès koerès tanpa pasemon poenapa-poenapa. Mila angger tampi serat sarta

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

wangsoelanipoen katedahaken dateng R. A. Soewarni. Makaten oegi R. A. Soewarni inggih boten ngertos gregetipoen ingkang raka.

Samangké R. M. Soewarna kintoen serat malih dateng rara Soebekti, nanging radi kadoek inggih kabekta saking watak wantoenipoen tijang ménéman. Makaten soeraosipoen:

Serat sarta salam koela katoer dateng jaji Rara Soebekti, goeroe pamoelangan wanita ing Sidamoekti.

Wijosipoen, adamel keraos raosing manah koela ingkang tanpa oepami, sareng koela tampi seratipoen jaji ingkang wekasan, roemaos sasat kados ngentosi timboeling séla item anggèn koela ngentosi rawoehipoen jaji dateng rompok koela.

Ing mangké koela blaka sarta aprasetya, koela boten nijat djedjodoan bilih boten angsal wanita ingkang pinter sarta saged main dados: pangèn ménda, garwa pangéran sarta advocaat. Sanadjan doemoegia ing delahan: taksih koela entosi.

Woesana andadosna soemerepipoen jaji.

Raka goeng sih

SOEWARNA.

Manggihardja ping 25 April 1918.

Rara Soebekti tampi serat makaten poenika sakelangkoeng isin déné boten nginten pisan-pisan, jèn makaten karsanipoen R. M. Soewarna, mila serat waoe boten dipoen wangsoeli lan boten dipoen tedahaken sinten-sinten. Ing manah sanget nalangsa, awit saking pamanggihipoen: Wontenipoen R. M. Soewarna kepéngin ngarsakaken dateng awakipoen poenika tartamtoe namoeng kanggé dolanan kémawon.

Ngantos kalih woelan R. M. Soewarna ngentosi wangsoelanipoen rara Soebekti. Sareng tita boten mangsoeli, R. M. Soewarna roemaos kedoewoeng anggènipoen kadoek poeroen tanpa dedoegi, satemah ladjeng kintoen serat neda pangapoenten katah-katah. Rara Soebekti inggih ladjeng mangsoeli: Ing sadèrèngipoen kapoendoetan pangapoenten sampoen ngapoenten ing batos roemijin; sarta sampoen djamak limrahipoen panggalihing prijantoen anèm asring kelimpoet. R. M. Soewarna tampi wangsoelan makaten waoe kados dipoen goegah panggalihipoen, gandroengipoen saja ngranoehi ngantos soepé dahar lan saré. Padamelan boten kamanah babar pisan, ingkang ketingal gawang-gawang namoeng woding manah rara Soebekti. Saking boten saged ngampah brantanipoen, ladjeng nempoeh bjat ngoendjoeki serat ingkang rama, makaten soeraosipoen:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Serat saha sembah kawoela poen Soewarna kondjoek ingarsa dalem ingkang rama R.M.A. Tjakranagara, ingkang djoemeneng Boepati ing nagari Sidamoekti.

Kawoela noewoen, moegi sampoen ndadosaken dedoeka dalem sakalijan iboe, déné kawoela kami poeroen ngoendjoekaken serat ingarsa dalem poenika.

Noewoen, atoer kawoela poenika prasasat anggégé mangsa, déning wonten bebasan: „djanma kawengkoe ing djaman". Menggah bab poenika rama sakalijan iboe temtoe boten badé kekilapan dateng laraping atoer kawoela poenika. Saking kawoela samangké sampoen wantjinipoen anggadahi sisihan ingkang kénging kaadjak „gendon-roekon" saha ingkang saged noenggil boedi toewin salaras kalijan kawontenan kawoela, pramila sagedipoen kelampahan, kawoela njoemanggakaken ing Pandjenengan dalem rama sakalijan iboe. Ananging moegi kawoeningana, bilih kawoela kadjoepaken kalijan wanita sanèsipoen rara Soebekti, kawoela atadjah dedoeka dalem, aloewoeng kèndel saking padamelan kawoela, késah ing sapoeroeg pados panglipoering manah.

Menggah ingkang makaten waoe, kawoela noewoen soemangga ing Pandjenengan-dalem sakalijan iboe saha njoewoen tjoemadong dawoeh-dalem toemoenten.

Kondjoek kaping 3 Juli 1918.

Kawoela poen

SOEWARNA.

Ingkang rama nampèni serat makaten, sanget kagawokan ing panggalih, ladjeng nimbali ingkang garwan, serat ingkang saking R.M. Soewarna kaparingaken kawaos tamat. Ingkang boepati ngandika: „Kaprijé iboené, apa wis ngerti kang dadi soerasaning kajangé anakmoe? Jèn wis njatet, kaprijé kang dadi karepmoe?"

—„Koela rada kèwedan nggagas seratipoen Soewarna poenika, déné sapélé sanget ingkang dipoen kadjengaken. Mangka koela sampoen angsal dédékan poetranipoen Mas Dipati Tirtalegawa, larénipoen inggih ajoe, pinter, sekolahipoen poetoes, kasembadan, toer tedaking koesoema sajektos."

—„Ija koewi, iboené. Satemené atikoe pantjèn rada masgoel, déné sing dikarepaké djeboel rèmèh baé. Ora maido Soebekti koewi moenggoeh ing roepané sarta kapinterané sababag karo poetrané Mas Dipati Tirtalegawa, nanging ora dipikir, Soebekti koewi anaké sapa? Rak moeng anak mantri goeroe baé, toer ija doedoe tedak loehoer."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Menggah karsa dalem kados poendi? Poenapa dipoen peksa kadaoepaken kalijan poetra Tirtalegawan, poenapa kasakadjeng. Menggah ing kocia inggih dipeksa kadjodjokaken kalijan poetra Tirtalegawan kémawon dados babag."

Ingkang Boepati kéndel sakedap kalijan mriksani serat malih, ladjeng ngandika:

—„Iboené, nitik soerasané lajang kijé, koekoeh temenan kang dadi karepé anakmoe. Saoepama dakpeksaa, jén sida diteroesaké nijaté sapa sing kélangan? Anakmoe moeng pira? Dadi nijatkoe bakal daktoeroeti. Karo manèh jén dak pikir dawa, kabèh-kabèh koewi pantjén wis tjitaké (pestiné) élinga djodjo ikoe koewat. Satemené Soebekti ikoe koetjiwané moeng koerang asal, nanging ija dakpoepoes angger pada pinaringan djodjo lan slamet."

—„Jén makaten inggih njérèk karsa dalem kémawon."

XII. Babaring lelampahan.

Ingadjeng sampoen katjarijosaken, manawi Moeljana saged njepeng tijang damel jatra oekon lan talèn palsoe, poenapa malih tjandoe peteng: mila ladjeng tampi gandjaran jatra saking Nagari radi katah. Namanipoen misoewoer angebeki parésidénan ngrikoe. Mèh sadaja pangageng Walandi sarta Djawi sami tresna dateng Moeljana. Lami-lami misoewoering namanipoen ngantos nglandjak sadjawining parésidénan.

Noedjoe satoenggiling dinten, Moeljana saged njepeng malih satoenggiling kongsi ingkang damel jatra kertas palsoe, saged mbeskoep mesin ingkang kanggé damel, lan jatranipoen palsoe pinten-pinten éwoe lembar regi njatoes, ngalih atoes lan njèwoe. Sawenèh jatra kertas waoe sampoen kalintokaken. Ing kita ingkang ageng-ageng wonten agénipoen nampi jatra kertas palsoe waoe. Masti kémawon sagedipoen njepeng poenika sarana toh njawa margi saking gawatipoen. Kongsi njebar telik pinten-pinten ngoelat-oelataken lampahipoen politie. Mèh kémawon Moeljana manggih tiwas kénging pesating mimis pistoel; nanging sarèhné taksih tinengga ing begdja, dilalah mimis waoe mlèsèd ngèngingi kantjanipoen politie ingkang wonten ing wingkingipoen ngantos doemoegi ing pedjah.

Moeljana katarimah sanget déning Gouvernement ngantos tampi gandjaran bintang salaka, seboetan Radèn sarta jatra katah. Namanipoen saja aroem doemoegi ing nagari poendi-poendi, awit katah serat kabar Walandi Djawi sarta Tjina ingkang sami matjak bab kawegiganipoen Radèn Moeljana waoe.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Kala semanten Moeljana tampi télegram, serat, kartoepos toewin kartjis pinten-pinten saking mitra karoehipoen, dalasan R. A. Soewarni inggih kintoen kartjis, sadaja soeraos: soeka wiloedjeng.

Saking ingkang Boepati Sidamoekti Moeljana tampi télegram pamoedji-ardja lan serat tingkeman medal ing pos, makaten soeraosipoen:

Poedji-ardja.

Ṭolé Moeljana! Kedjaba kang woes kaseboet ing télegram, akoe merlokaké noesoeli lajang manèh marang kowé. Pantjèné wis rada lawas akoe kepéngin weroeh lan ketemoe marang kowé amarga wis sawatara soewé kowé ora teka ing Sidamoekti, Moelané satampamoe lajang kijé, jèn dadi ḍanganing pikir kowé ḍakarep-arep tekamoe ing Sidamoekti, awit akoe, iboemoe lan aḍi-aḍimoe kangen banget marang kowé.

Wasana pandjaloekkoe moega perlokna.

Ramanta

ADIPATI TJAKRANAGARA.

Sidamoekti ping 18/9 1918.

Moeljana tampi serat saking ingkang boepati sakelangkoeng bingah sarta ageng manahipoen. Let sawatawis dinten ladjeng merlokaken sowan.

Noedjoe satoenggiling dinten mantri goeroe ing Sinom sowan ing kaboepatèn Sidamoekti margi katimbalan. Ḍatengipoen ndjoe-djoeg ing ponḍokipoen rara Soebekti. Sareng sampoen marak noenten kaḍawoehan ladjeng ḍateng wingking: dipoen panggihi ing dalem wingking, rara Soebekti inggih katimbalan. Ingkang boepati sekalijan pinarak ing koersi, mantri-goeroe lan rara Soebekti ngaḍep linggih ing baboet. Sareng sampoen satata, ingkang boepati ngandika:

—„Goeroe, apa paḍa keslametan baé?"

—„Pangèsloe dalem, wiloedjeng."

—„Anakmoe pira?"

—„Inggih namoeng satoenggal poen Soebekti poenika."

—„Wis pira oemoeré Soebekti koewé?"

—„Étang kawoela sampoen oemoer woloelas taoen mlampah."

—„Mèmper, pantjèn barakan karo gendoek Soewarni."

Radèn Ajoe Adipati njelani: „Pantjèné Soebekti koewé jèn dadi sadoeloeré Soewarni pantes."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

—„Noen tebih njamoet-njamoet kaotipoen, tijang anak kawoela dipoen-timbang kalijan poetra dalem."

—„Ora, pantjèn satemené, wong ja ana woedjoedé."

—„Kedjawi, manawi makaten panggalih dalem."

Rara Soebekti ingkang ndjèrèk marak semoe isin mirengaken rembag poenika, mila tansah toemoengkoel.

—„Oemoer semono koewi jèn adat Djawa arak wis wajahé omah-omah."

—„Saking nijat kawoela, kadjengipoen njamboet-damel roemijin, poenapa malih tijang dèrèng wonten tjalonipoen."

Rara Soebekti wewah-wewah isinipoen, déné badanipoen tansah kaginem kémawon: saoepami pantesa oetawi wonten ing grijanipoen pijambak, masti ladjeng moendoer boten poeroen ngadep.

—„Dadi Soebekti koewi doeroeng doewé tjalon oetawa patjangan?"

—„Noewoen dèrèng, bokmanawi dèrèng pinarengaken."

Ingkang boepati ladjeng maringaken serat ingkang saking R. M. Soewarna sarta dawoeh: „Goeroe! lajang kijé watjanen noeli wènèhna anakmoe Soebekti, bèn mèloe matja."

Serat dipoen tampèni ladjeng kawaos. Sareng sampoen tamat, ladjeng dipoen soekakaken Soebekti inggih kapoerih maos.

Ingkang boepati ngandika: „Goeroe, ja, poeloeh-poeloeh dikapakaké, pantjèn wis mangkono kang dadi karepé anakmoe Soewarna, moelané jèn pada dangan, panjoewoené Soewarna ija bakal dakpitoeroeti. Dadi kowé daktimbali mréné iki perloené arep dak-adjak bebésanan. Bokmanawa wis karsané kang Koewasa, jèn Soewarna koewi djodoné Soebekti."

Mantri goeroe mireng dawoeh makaten, saking bingahipoen boten kénging tinata wedaling loeh. Namoeng Soebekti ingkang toemoengkoel isin, ngoewik-oewik baboet.

Mantri goeroe moendjoek: „Noewoen, noewoen, sanadjan Soebekti poenika sajektosipoen sanès anak kawoela pijambak, éwadéné tampi dawoeh dalem makaten poenika, abdi-dalem roemaos sakelangkoeng begdja sasat manggih sotya sawoekir."

Ingkang boepati ndangoe semoe kagèt: „Lo, lah anaké sapa?"

Mantri goeroe ngandaraken sadaja lelampahanipoen Soebekti prasadja bilih Soebekti poenika ingadjeng nama Moeljani. Saking tjarijosipoen tijang ingkang sampoen naté soemerep, ingkang gadah anak nama Prana-ardja ingdoesoen kikising nagari Magersari. Samangké Prana-ardja djaler-èstri sampoen késah boten kantenan.

Ingkang boepati ladjeng kèngetan pangandaripoen abdi emban bok Prana-ardja nalika mentas dateng, mila énggal dipoen timbali, kapangandikanan makaten: „Bok Prana, apa kowé pangling? Soebekti koewi djeboel anakmoe dèwé si Moeljani bijèn!"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Bok Prana-ardja soepé ing poerwa doeksina, ladjeng ngrangkoel gapjoek dateng anakipoen, alara-lara nangis kados laré alit sarwi ngamboengi, nakèkaken bapakipoen lan kakangipoen, nanging Soebekti boten saged nerangaken.

Ingkang boepati sekalijan mirsa nalar makaten poenika sakalangkoeng keraos-raos ing panggalih. Sanadjan samangké sampoen pirsa Soebekti toeroening alit, éwadéné kaladjengaken karsanipoen badé mendet mantoe. Soebekti kadangoe poenapa poeroen kagarwa R. M. Soewarna, mangsoeli kalijan toemoengkoel isin, sarta kamisesegen: „Ing. . . . ing. . . . gih, s. . . s. . . s. . . endi. . . . ka."

Soebekti èstoe badé kapoendoet mantoe, nanging idjab paningkahipoen ngentosi R. A. Soewarni pisan. Wiwit kala samanten Soebekti kadawoehan manggèn ing salebetipoen dalem kaboepatèn kempal kalijan R. A. Soewarni.

Noedjoe ing satoenggiling dinten. R. Moeljana merlokaken sowan ing kaboepatèn Sidamoekti. Sasampoenipoen kaatoeraken pisowanipoen déning abdi kaboepatèn, ladjeng katimbalan loemebet, dipoen panggihi ingkang boepati sakalijan garwanipoen wonten ing kamar tamoe. R. Moeljana dipoen poek-poek gegeripoen déning R. M. Adipati kados tjaranipoen poetra pijambak, sarta ndangoe:

—„Enggèr, apa kowé pada keslametan?"

—„Noewoen, pangèstoe dalem, wiloedjeng."

—„Kowé apa wis tampa lajangkoe?"

—„Noen inggih, sampoen, mila abdidalem ladjeng merlokaken sowan ingarsa dalem poenika."

—„Pamit pirang dina kowé?"

—„Dawoehipoen saoedara dalem Kangdjeng Toewan Resident, abdidalem dipoen sekadjeng, boten mawi dipoen wangeni laminipoen. Mangka abdidalem namoeng njoewoen pamit 3 dinten, nanging ing register pamit dipoen-fiat déning Kangdjeng Toewan Resident:

Tidak ada keberatan dan kita beri idin kelonggaran tidak dengan ketentoean lamanja. Akan menambah anoegerah djasa R. Moeljana, boléh sekahendak hatinja bijar pergi kemana-mana akan menjenangkan hatinja dan meloeaskan pemandangan. Datang dari verlof hendaklah memberi tahoe kepada kepalanja.

De Resident

A. M. S. BRANDHOUT.

—„Ha! ha! ha! Salawaskoe ana ing ngalam donja doeroeng ana lelakon kaja mangkono, déné njoewoen pamit disakarep lawasé. Toewan Resident pisan jèn tindakan ija nganggo nemtokaké lawasé. Ija enggèr, pantjèn Goesti Allah ora kesamaran,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

déné kowé tansah agawé kabetjikan laboeh menjang Nagara. Saking ketrimané prasasat kowé kaja poetrané lanang toewan Resident."

—„Abdi-dalem namoeng sadarmi, sadaja-sadaja poenika atas karsaning Pangéran ingkang sipat adil."

—„Lah nijatmoe arep ngaso pirang dina?"

—„Inggih satjekaping waktoe. Nanging inggih mawi doegi-doegi lan prajogi."

—„Bener, adja doeplèh dioedja bé bandjoer sakarepé dèwé. Doega-doega lan prajoga koeloe kanggo saben dina. Kaprijé nalaré kowé bisa njekel kongsi (pakoempoelan) gawé doewit kertas palsoe koewi."

—„Bab poenika abdidalem kados boten perloe moendjoek kaṭah-kaṭah, awit verslahipoen tjotjog kalijan ingkang kaseboet ing serat-serat kabar. Namoeng abdidalem moedji sokoer ing Goesti déné teksih winengkoe ing kawiloedjengan saged sowan malih ingarsadalem poenika. Manawi abdidalem ngèngeti nalika njepeng, mangkirig manah kawoela déné swaraning pistoel pating djreḍot. Kala samanten abdidalem boten njipta gesang."

—„Sokoer ngger, sokoer déné kowé isih direksa ing leloehoermoe . . . . . Ora sédjé sing dakgoenem, bapakmoe koewi apa isih, lan dadi apa?"

Moeljana nalika kadangoe bapakipoen prebeng-prebeng baḍé nangis, ladjeng moendjoek: „Noewoen walèh-walèh poenapa abdidalem poenika jektosipoen toeroen pidak padarakan, bapak kawoela tijang alit kémawon, nama Pranaardja, grija ing kampoeng kikising kiṭa Magersari. Abdidalem gaḍah aḍi èstri nama Moeljani . . . . . Déné sapoenika, wonten poendi doenoenging tijang sepoeh sarta sadèrèk kawoela waoe, abdidalem boten soemerep. Sampoen lami abdidalem ngisep-isep pawartos meksa dèrèng angsal lari. Mila abdidalem ladjeng moepoes loemémbak karsaning Goesti, bokmanawi taksih dados lelampahan."

Ingkang boepati kagèt sanget miḍangetaken atoeripoen R. Moeljana, boten saranta ladjeng nimbali abdi emban bok Prana lan Soebekti: „Bok Prana! mrénéa iki, lo, anakmoe si Moeljana. Soebekti iki lo sadoeloermoe lanang." Ingkang katimbalan énggal madjeng, soepé manawi wonten ingarsanipoen ingkang boepati sakalijan, sami ngrangkoel gapjoek ḍateng R. Moeljana, tiga pisan sami nangis sarta takèn-tinakèn wartos. Sasampoenipoen aring, ingkang boepati ndangoe moerih sagedipoen raket babar pisan, poenapa R. Moeljana poeroen kapoendoet mantoe kaḍaoepaken kalijan R. A. Soewarni. Atoeripoen Moeljana sandika nglampahi, sarta moendjoek sakalangkoeng kapoendi.

Raméning soemebaripoen kabar sampoen doemoegi ing poendipoendi bilih R. M. Adipati Tjakranagara boepati ing Sidamoekti,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

badé kagoengan damel mantoe ambata rebah R. M. Soewarna daoep lan rara Soebekti, R. A. Soewarni daoep lan R. Moeljana. Tjalon mantoe-mantoenipoen ingkang boepati dados sekar lambé tijang-tijang sami ngraosi begdja. Sawenèh tjarijos: sampoen mestinipoen, jèn R. Moeljana kapoendoet mantoe, awit ingkang boepati sampoen kepotangan ageng poenapa malih damelipoen R. Moeljana pantjèn peng-pengan, sarta sasat dados anak-masipoen toewan Resident. Nitik damel sarta saéning boedinipoen, bokmanawi ing tembé R. Moeljana saged mengkoe kadradjatan ageng. Mila ingkang boepati inggih boten klintoe pamoendoetipoen poetra mantoe.

Katjarijos kirang sawoelan saking dawahing damel, dalem kaboepatèn sampoen wiwit katata, kapadjang-padjang mawi obarabir bandéra Walandi sarta bandéra goela klapa, sakelangkoeng asri tiningalan. Panggénan gangsa, muziek, sepèn minoeman, sadaja sampoen katata pèni.

Damel kirang saminggoe, dalem kaboepatèn sampoen oemjoeng raménipoen tijang olah-olah. Serat oelem-oelem sampoen soemebar ing mantja nagari, katah para boepati sarta para pangageng Walandi ingkang karenan ing panggalih tampi oelem-oelem poenika, èstining manah badé merlokaken dateng sakalijan paring wiloedjeng dateng pinangantèn. Serat dawoeh timbalan dateng para prijantoen bawahipoen inggih sampoen soemebar.

Malem midadarèni gangsa wiwit ngoejoe-oejoe, ing dalem kaboepatèn sampoen katah prijantoen ingkang sami sowan. Éndjingipoen saja riboet polahing tijang ingkang badé ningali. Ing aloenaloen kapasangan oemboel-oemboel sarta kapadjang djanoer oeroet pinggir pating klèbèt sarta pating srawé, katempoeh ing angin damel lam-laming pandoeloe, èstinipoen kados ndèrèk bingah saha atoer wiloedjeng dateng pinangantèn.

Djam 9 prijantoen-prijantoen sarta pangoeloe saha réréhanipoen sami katimbalan loemebet ing dalem kaboepatèn manganggé basahan. Sakedap malih ndlidir datengipoen tamoe prijagoeng Walandi Djawi sami awahana motor, sadaja ngagem pangageman ageng.

Djam 10 ingkang boepati dawoeh dateng pangoeloe ningkahaken poetranipoen R. M. Soewarna, daoep lan rara Soebekti. Rampoenging paningkah ladjeng ndonga wiloedjeng.

Bakda poenika ingkang boepati dawoeh ningkahaken poetra poetrinipoen R. A. Soewarni daoep lan R. Moeljana. Kèndel anggènipoen dawoeh, kasaroe datengipoen oepas pos ngatoeraken telegram toemoedjoe dateng R. Moeljana. Télegram kabikak, tetéla saking Kangdjeng Toewan Resident ing Semarang, menggah soeraosipoen: R. Moeljana katetepaken wadana ing kita paresidénan ngrikoe. Télegram kaoendjoekaken dateng ingkang boepati, sasampoenipoen kapriksanan, ladjeng katjaosaken toewan resi-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



8. Moeljana kepanggih bapakipoen.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b37675
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

dént ing nagari ngrikoe, ingkang oegi rawoeh ndjenengi. Toewan residènt soeka ing panggalih, dawoeh soerak dateng para ingkang sami wonten ing ngrikoe. Soerak pinda ampoehan sarengan kalijan oengeling gangsa, tjara balèn sarta muziek ambal-ambalan. Sireping swara, paningkahipoen kaladjengaken kanti wiloedjeng.

Sontenipoen receptie ageng. Kangdjeng Toewan Residènt rawoeh malih, sadaja assistènt-residènt lan boepati-boepati ing bawah paresidènan ngrikoe sarta katah boepati mantja nagari sami rawoeh ndjenengi. Kangdjeng Toewan Residènt kondisi paring wiloedjeng dateng ingkang boepati sakalijan saha dateng pangantèn kalih kembaran, boten soepé mawi ngalembana dateng R. Moeljana. Ingkang boepati mangsoeli kondisi, telas pangandikanipoen sinambetan soerak sarta gangsa toewin muziek.

Samangké R. Moeljana madjeng ingarsanipoen Kangdjeng Toewan Residènt, moendjoek sembah noewoen dateng pangandikanipoen ingkang katah-katah. Sasampoenipoen poenika ladjeng moendjoek kalilana nganjaraken sadaja lelampahanipoen wiwit laré anggènipoen kelara lara, soepados kénging kanggé tetoeladan.

R. Moeljana noenten tjarijos ngaken manawi awakipoen poenika toeroening tijang soedra, ingkang gadjah anak nama Prana-ardja

. . . . . .

. . . . . .

sadaja lelampahanipoen dipoen-anjaraken boten wonten ingkang kelangkoengan.

Tjep, sakèndeling kondisi, wonten oepas satoenggal mladjeng ing tengahing pandjapi, inggih poenika oepas Kartadrana, ingkang pinoedjoe ndèrèk toewan assistent resident Manggihardja. Witjantenipoen kalijan ngrangkoel R. Moeljana sarwi nangis ngglolo: „O, Allah, déné kowé nggèr, anakkoe Moeljana, ora njana ora ngimpi bisa ketemoe. Delengen iki bapakmoe si Prana-ardja bijèn."

Mireng temboeng makaten poenika bok Prana-ardja sarta Soebekti énggal sami mladjengi Prana-ardja, satemah sakawan pisan sami tangis-tinangisan. Sadaja ingkang sami pirsa sanget ngeresipoen, katah ingkang sami ngrentahaken waspa abéla karoena. Sasampoenipoen sami aring, pasamoean kaladjengaken, wiloedjeng boten wonten sakara-kara.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

449. **Serat Pranatjitra.** Dj. 136 k. 8°, ... **f 0,95.**
Tjarijos lelampahanipoen Pranatjitra kalijan rara Mendoet kala alamipoen Toemenggoeng Wiragoena, ing Mataram.
Sarèhning tjarijos poenika kadjawi dipoen-senengi sanget ḍateng bangsa Djawi, malah ngantos dados oeran-oeraning akaṭah, inggih pantjèn adi sajektos; mila boten perloe katerangaken kaṭah-kaṭah, prajoginipoen ladjeng sami kaparenga moenḍoet toembas kémawon, moerih boten andadosaken tjoewaning panggalih.

474. **Poerasani.** Jasawidagda. Dj. 87 k. 8°, . . . **f 0,75.**
Tjarijos lelampahanipoen Poerasani, wiwit pinḍah grija, ngantos rabi malih angsal talèḍèk ingkang ladjeng mitenah. Nanging saged angsal pitoeloenganing bodjonipoen sepoeh, ingkang sampoen késah abikak koplakan, inggih djalaran kawon kalijan talèḍèk waoe. Déné Poerasani saladjengipoen lastantoen dados bodjonipoen bok sepoeh waoe.

580. **Mitra moesibat.** R. Loerah Djajèng-oetara. Dj. 87 k. 8°, ... **f 0,75.**
Njarijosaken saḍèrèk kekalih sami reroekoenan dagang, woesana apepisahan, dagang pijambak-pijambak, awit ingkang nèm ladjeng tiroe ipénipoen moesibat dados tijang njerèt, wasana gesangipoen ḍawah ing kemlaratan. Nanging sareng ipénipoen pedjah: saged meḍot sarta ladjeng sregep ing damel poelih katjekapanipoen malih.
Serat poenika tjarijosipoen njenengaken sanget ḍateng para maos.

595. **Banḍa-poesaka.** R. Sasraharsana. Dj. 88. k. 8°, **f 0,75.**
Njarijosaken lelampahanipoen Wahjana, wiwit kabekta késah iboenipoen, sarta ladjeng katilar pedjah wonten ing grijaning ranḍa miskin ingkang sadjatosipoen tilas rèntjanging iboenipoen. Woesana Wahjana angsal margi saé saged dados Wadana.
Sadaja ingkang sampoen sami dipoen lampahi ḍateng Wahjana pantes dados tetoeladaning para moeḍa, sarta wonten ingkang adamel welas. Tjekakipoen serat poenika perloe kasoemerepan ing kaṭah.

414. **Mrodjol selaning garoe.** R. Sasraharsana. Dj. 86 k. 8°, ... **f 0,60.**
Satoenggiling tjarijos ingkang pinanggih wonten ing Banjoemas nalika bandjir ageng taoen 1861. Déné ingkang dados djedjering tjarijos: lelampahanipoen tijang nama Kasan Ngali sabatihipoen sami kesangsaran nalika bandjir waoe.


Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:43 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.$b376752
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA